ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК
УНИВЕРСИТЕТИ

Тараўлар экономикасы кафедрасы

**Таспанова Айзада**

**Тема: «Дүнья жузилик финанслық кризис жағдайында аўыл хожалығы өндирислик потенциалынан нәтийжели пайдаланыў»**

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**НӨКИС – 2010**

## М А З М У Н Ы


| **Кирисиў** | |
|---|---|
| I-Бап. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын қәлиплестириў ҳәм анықлаўдың илимий-методикалық тийкарлары | |
| 1.1. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалының экономикалық категория сыпатында қәлиплесиўиниң теориялық тийкарлары | |
| 1.2. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў перспективасы | |
| 1.3. Республикада Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың басқышлы перспективалы көрсеткишлери ҳәм олардың әҳмийети | |
| II-Бап. Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризис ҳәм фермер хожалықларын материаллық тамийинлеў | |
| 2.1. Дүнья жүзилик экономикалық кризис жағдайында фермер хожалығы жумысларын жетилистириў | |
| 2.2. Фермер хожалықлары ҳәм банклер арасында өзара байланыслар | |
| 2.3. Фермер хожалықларының материаллық тамийинлениў дарежесин жетилистириў жоллары | |
| III-Бап. Фермер хожалықларының экономикалық нәтийжелигин арттырыў | |
| 3.1. Фермер хожалықларының ишки хожалық-экономикалық өз-ара қатнасықларын ҳәм нәтийжелилигин жетилистириў | |
| 3.2. Елимиз экономикасын реформаластырыў, еркинлестириў ҳәм модернизациялаў процесслери | |
| 3.3. Базар қатнасықлары жағдайында аўыл хожалығын реформаластырыўдың зәрүрлиги ҳәм әҳмийети | |
| Жуўмақлаў | |
| Пайдаланылған әдебиятлар дизими | |


## Кирисиў

**Теманың актуаллығы.** Мәмлекетимиз аўыл хожалығында қурамлы реформаларды жәнеде тереңлестириў, тармақ реформасы резервлеринен нәтийжели пайдаланыў илажларын өндирислик ҳәм енгизиў керекли илимий-әмелий әҳмийетке ийе. Бул барысда Президент И.А. Каримов «Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары» атлы шығармасында «...экономиканың реал секторы кәрханалары ҳәм тармақларының турақлы ҳәмде үзликсиз ислеўин тәмийнлеў ушын жетерли дәрежеде беккем резервлер жаратылғанын ҳәм зәрүр ресурслар базасы бар екенин айтып өтиў тийис», деп айрықша түсиндирип өткен. Бирақ, сол қатардан, Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығында аўыр экологиялық шараятға қарамай, дийханшылық ҳәм шарўашылық тармақлары өнимлери жетистириўде бар болған реформадан жетерли дәрежеде пайдаланып атырғаны жоқ. Усы жағдайдың себеплерин үйрениў өз нәўбетинде крезисге қарсы илажлар мәмлекет дәстүрин әмелге асырыў көз қарасынан арнаўлы терең илимий-изертлеў жумысларын алып барыўды билдиреди.

Аўыл хожалығында бар өндирислик резервлери көлемин анықлаў ҳәм олардан нәтийжели пайдаланыў тийкарында аўыл хожалығы өндирислик потенциалын үзликсиз ҳалда асырыўға қаратылған илимий пикир ҳәм амелий усынıслар өндирислик зарүрлиги изертлеў темасының перспективалылығын белгилейди.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси.** Аўыл хожалығы өндирислик потенциалынан нәтийжели пайдаланыўдың теориялық ҳәм әмелий тәреплери, сол қатардан, олардың бир-биринен парқлы тәреплери ҳәм муғдарлы көрсеткишлери шет еллик экономикашылар В.Г. Андрейчук, Ю.В. Василенко, Б. Пасхавер, В.Свободин, А.Г.Фонотов, А.Э.Юзефовичлар жумысында изертленген. Өзбекстан, сол қатардан, Қарақалпақстан Республикасында аўыл хожалығы ресурс ҳәм өндирислик потенциалын анықлаў, олардан пайдаланыў нәтийжелилигин асырыў мәселелери

Ж.Медетуллаев, Қ.А.Чориев, Ў.П.Умурзоқов ҳәм К.Убайдуллаевлар илимий шығармаларында изертленген.

Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын қәлиплестириў ҳәм әмелге асырыўдың бар резервлерин анықлаў, олардан нәтийжели пайдаланыў мәселелери экологиялық аўыр шараятда хызмет жүргизип атырған Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығы тармақлары мысалында экономиканы еркинлестириў шараятында ғәрезсиз, арнаўлы изертлеў объекти сыпатында терең үйренилмеген.

**Диссертация жумысының илимий-изертлеў жумыслары режелери менен байланыслылы.** Магистрлик диссертация жумысы Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети ректоры буйрығы негизинде ҳәм университет илимий-изертлеў жумыслары режеси шеңберинде орынланған.

**Изертлеў мақсети**-экономиканы еркинлестириў шараятында Қарақалпақстан Республикасы аўыл хожалығы өндирислик потенциалынан нәтийжели пайдаланыўға қаратылған пикирлер ҳәм амелий усынıслар ислеп шығыўдан ибәрат.

**Изертлеў ўазыйпалары**:

- аўыл хожалығы өндирислик потенциалының экономикалық категория сыпатында қәлиплесиўиниң илимий-теориялық тийкарлары ҳәм оны анықлаў усылларын жетилистириў бойынша илимий усыныслар ислеп шығыў;

- өндирислик потенциалының экономикалық көрсеткиш сыпатында тармақ ҳәм хожалықлар жумысы, аграр ресурслардан пайдаланыў нәтийжелигин бахалаў системасындағы орнын тийкарлаў;

- аўыл хожалығы өндирислик потенциалының арттырыў резервлерин анықлаў, олардың қәлиплесиўине тәсир етиўши факторлардан ақылға муўапық пайдаланыў илажлары бойына әмелий усыныслар өндирислик;

- республикадағы экологиялық жағдайдың аўыл хожалығы өнимлери қурамы, өндирислик көлемлериниң өзгериўине тәсирин анықлаўға қаратылған илимий жуўмақ ҳәм әмелий усыныслар таярлаў;

- қыйын экологиялық шараятда аўыл хожалығы тармақларын мақул ҳалда жайластырыў ҳәм егинлерди алмаслап егиў системаларина амел қилган ҳолда өндирислик потенциалын асириў жолларини тийкарлаў;

- аймақда хожалық жүргизиў субъектлериниң дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлерин көбейтиў имкәниятларын анықлаў;

- республика аўыл хожалығыда пайдаланылмай атырған бар резервлерди анықлаў ҳәм крезиске қарсы шаралар дәстүриниң артықмаш өнелиси сыпатында дийханшылык ҳәм шарўашылық өнимлери өндирислик потенциалын асырыўдың перспективалы көрсеткишлерин ислеп шығыў.

**Изертлеў объекти** сыпатында Қарақалпағстан Республикасы аўыл хожалығыда жумыс жүргизип атырған хожалық субъектлери таңланған. Жумыстың ахборотлар базасы сыпатында монографик үйренилген хожалық жүргизиў субъектлери, Экономикалық министрлиги, Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлиги, Фермер хожалықлары бирлеспеси, статистика мекемелери мағлуматлары ҳәм норматив ҳүжжетлеринен пайдаланылды.

**Изертлеў предмети.** Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын анықлаў ҳәм буннан нәтийжели пайдаланыў процессинде болып өтетуғын экономикалық қатнасықлар Изертлеў предметин шөлкемлестиреди.

**Изертлеў методлары.** Изертлеў процессинде салыстырыў, статистик топарлаў, монографик күзетиў, конструктив есап, корреляцион анализ, индекс ҳәм балансластырыў, логикалық пикир билдириў ҳәм илимий австракция усыллары кең қолланылды.

**Изертлеў гипотезасы.** Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын белгилеўши факторлар ҳәм олардан нәтийжели пайдаланыў жолларын Изертлеў тийкарында бәсийке аймағын жаратыў, аўыл хожалығы тармақларын базар конъюнктурасына мас раўаждырыўға арналған жаңаша илимий жандасыўдан ибәрәт.

**Қорғаўға алып шығылып атырған тийкарғы жағдайлар:**

- республикада аўыл хожалығы өндирислик реформасына тәсир етиўши тәбиий-климат ресурсларының сыпат ҳәм муғдар жақтан өзгериўин

анализлеў тийкарында олардан нәтийжели пайдаланыў бойынша илимий жуўмақ ҳәм әмелий усынıслар ислеп шығылғанлығы;

- монографик Изертленген фермер хожалықларының мағлуматларына тийкарынан республикада егинлерди алмаслап егиў, агротехник иләжларды өз мүддетинде сыпатлы орынлаў, егин майданларын регионаллық жайластырыў есабына олардың өнимдарлығын егин түрлерине қарап 1,5-3 мәртегеше асырыў резервлери барлығының тийкарланғанлығы;

- республика аўыл хожалығын раўажландырыўдың I-II- ҳәм III-басқышлары ушын усыныс етилген иләжларды әмелге асырыў есабына мас рәўишде дийханшылық тармақлары жалпы өнимин 1,5, 1,7 ҳәм 2,2; шарўашылық тармақларында 1,5, 2,6 ҳәм 4,7 ҳәмде аўыл хожалық жалпы өнимин болса 1,5, 2,1 ҳәм 3,3 мәрте көбейттириў имкәниятларының анықланғанлығы.

**Илимий жаңалығы:**

- аўыл хожалығы өндирислик потенциалын экономийкалық категория сыпатында қәлиплесиўиниң теориялық тийкарлары ҳәм өзине тән қәсийетлерир, сондай ақ оны анықлаўға қаратылған илимий усынıслар ислеп шығылды;

- өндирислик потенциалының экономикалық көрсеткиш сыпатында хожалық жүргизиў жумысы ҳәм аграр ресурслардан пайдаланыў нәтийжелигин баҳалаў системасындағы орны тийкарланды;

- аўыл хожалығы тармақларының өндирислик потенциалын асырыў резервлерин анықлаўдың илимий-методикалиқ тийкарларын жетилистириў бойынша әмелий усынıслар таярланды;

- аўыл хожалығы ислеп шығарыў реформасы ҳәм факторлары ортасындағы өзара байланыслық, байланыслылық принциплери тийкарланды, дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлери өндирислик потенциалын асырыўдың артықмаш жөнелислери ҳәм перспективалық көрсеткишлери анықланды.

**Изертлеў нәтийжелериниң илимий ҳәм әмелий әҳмийети.** Излениў нәтийжелеринен аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў резервлерин анықлаў, аграр ресурслардан интенсив ҳәм ақылға муўапық пайдаланыў, өндирислик қуралларын нәтийжели жумсаў, дийханшылық егинлери зүрәәтлилиги ҳәм шарўа маллары өнимдарлылығын асырыў имкәниятларын анықлаў, аўыл хожалығын раўажландырўдың келешектеги көрсеткишлерин белгилеў тийкарында олардың өндирислик потенциалын үзликсиз ҳалда өстириў иләжларын ислеп шығыўда жергиликлифермерлер ҳәм усы саладағы басшы хызметкерлер жумысларында пайдаланыў керекли илимий-әмелий әҳмийет кәсп етеди.

**Жумыстың сынаўдан өтгенлиги.** Изертлеў жумысының илимий нәтийжелери "Базар экономикасы шараятында аўыл хожалығында ислеп шығарыўды раўажландырыў машқалалары» (Бердақ атындағы ҚМУ Магистрантлардың илимий жумыслары жыйнағы, Нөкис, 2009-ж.), "Аўыл хожалығында дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризисы тәсирин пәсейтиў имканиятлары" (Бердақ атындағы ҚМУ Магистрантлардың илимий жумыслары жыйнағы, Нөкис, 2010-ж.), темаларында өткерилген халқ аралық ҳәм республика илимий-әмелий конференцияларында даклад көринисинде баян қылынған ҳәм маъқулланған. Изертлеў жумысы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети магистратура бөлими ҳәм «Экономика» кафедрасы мәжилисинде додаланылған ҳәм қорғаўға усыныс етилген.

**Нәтийжелериниң дағаза қылынғанлыгы.** Диссертация жумысы нәтийжелери 3 илимий мақала ҳәм баянат тезислеринде жәрияланылды.

**Диссертацияның дүзилиси ҳәм көлеми.** Диссертация жумысы дүзилиси ҳәм көлеми жағынан кирисиў, үш бап, тоғыз параграф, жуўмақлаў, пайдаланылған әдебиятлар дизими, 5 тиркеме, 9 таблица ҳәм үш сүўреттен ибәрат болып, магистрлик диссертация жумысының тексти _ бетти қурайды.

## I-Бап. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын қәлиплестириў ҳәм анықлаўдың илимий-методикалық тийкарлары

### 1.1. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалының экономикалық категория сыпатында қәлиплесиўиниң теориялық тийкарлары

Аўыл хожалығы аймақ азық-аўқат ҳәм сәнаат карханалари шийки зат бенен тәмийинлейтуғун тармақ болғанлиғи ушын оны турақлы режелестириў аграр бағдарындағы экономикалиқ реформаларди тереңлестирилиўиниң үстүнлик бағдарларынан бири саналади. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов өзиниң «Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында» атамасындағы илимий мийнетинде атап өткениндей, “...аграр секторды түпкиликли реформаластырыў ҳәм тез пәтте раўажландириў машқалалары реформаларды дәслепкы басқышында ҳәмде Өзбекстанниң базарға ўтиў стратегиясинда шешиўши ахмийетке ийе болып табылады” Сол себебли ҳәм, Президентимиз И.А.Каримовтиң «Өзбекстан XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, турақлылик шартлари ва тараққиёт кафолатлари» атлы китабында “экономикалиқ реформалардың анық избе-излигинде биз аграр сектордағы өзгерислерге әсиресе үлкен итибар бермектемиз. Ҳәзирги ўақытта әйне экономиканың аграр секторында үлкен-үлкен резервлер бар. Оларды иске түсириў жақын ўақыттың ишинде-ақ сезилерли нәтийжелер бериўи мүмкин”.

Соның ушында ҳәм, бириншиден, сол резерв муғдарын анықлаў ҳәм оны иске түсириў факторларынан ақылға муўапық пайдаланыў тийкарында аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыў илажларын ислеп шығыў, екиншиден, өндирислик потенциалы экономикалық категориясының мазмуны-мәнисин баян етиў, оның муғдарын баҳалаў усылларын жетилистириў, үшиншиден, өндирислик потенциалы экономикалық категория ҳәм көрсеткишлерден аграр экономика пәнинде пайдаланыў бағдарында кеңейтириў машқалаларын изертлеў аграр экономист илимпазлар

ҳәм әмелиятшылар жумысларының әҳмийетли темаларынан бирине айланып бармақда.

Өндирислик потенциалы экономикалық категориясы белгили хожалық жүргизиў субъектиниң әмелдеги ерискен жумыс көрсеткишлери ҳәм өндирислик потенциалы дәрежеси ортасындағы муғдарлық парықты анықлаўға имкән береди. Соған тийкарланған халда, мийнет жәмәәтиниң аграр ресурслар, соның ишинде, шөлкемлестириўшилик, экономикалық ҳәм интеллектуаллық потенциаллардан пайдаланыў дәрежелерине ҳақыйқый баҳа бериў мүмкин болады.

Пикримизше, өндирислик потенциалы – бул бар өндирис күшлери ҳәм өндирислик қатнасықлардың тең салмақлылығын тәмийнленген, экологиялық қолай шараятда жоқоры өндирис қуўатлылығы ҳәм альтернативалық қурамға ийе болған ресурслардан ақылға муўапық пайдаланыў натийжесинде ерисилиўи мүмкин болған алдынғы өндирислик дәрежеси менен белгиленеди. Усы тәрипге тийкарланған халда, пикиримизше, өндирислик потенциалын тармақ ҳәм хожалық жүргизиў субъектлери дәрежесинде айрықша көрип шығыў мақсетке муўапық. Бул әйне айрықшалық, улыўмалық ҳәм өз ара уйғынлық принсыплерине мас болып, биринширен, ҳәр бир аўыл хожалық тармағы өнимлери өндирилиўиниң өзине жараса өзгешеликлери ҳәм мәўсимлик ахўалын есапға алса, еккинщиден, усы өнимлерди, хызмет түрлерин өндирислик көз қарасынан тармақ я болмаса кәрхана көлеминде алынатуғын жуўмақлық хожалық жүргизиў жумысы көрсеткишлеринде өз көринисин табады.

Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын анықлаўда натурал ҳәм қун көрсеткишлеринен пайдаланыў жүдә үлкен әҳмийетге ийе. Пикиримизше, өндирислик потенциалын жалпы өним қуны жәрдеминде анықлаў жандасыўының тийкарланғанлығы айрықша атап өтиў керек. Аўыл хожалығының дийханшылық тармақларында егинлер өнимдарлығы ҳәм шарўашылық тармақларында шарўа маллары өнимдарлығы, олар бойынша алынған улыўмалық өним, көрсетилетуғын хызметлер көлеми өндирислик

потенциалының натурал көрсеткишлери, олардың ақшада сәўлеленген дәрежеси болса оның қун көрсеткиши сыпатында қабыл қылыныўы лазым.

Өндирислик потенциалын теориялық ҳәм әмелий көз қарастан Изертлеў мақсетке муўапық. Теориялық жақтан өндирислик потенциалы бул қолай тәбиий-клымат шараятында илимий тийкарланған муғдар, қурам, сыпат ҳәм өндирис қуўатына болса болған ресурс потенциалынан жоқары дәрежеде нәтийжели пайдаланыў тийкарында өндирилген өним (хызмет)тиң натурал яки болмаса қуны қәлпиндеги ең жоқары муғдарын сәўлелендиреди. Әмелий өндирислик потенциалы болса, ҳәр бир тармақ яболмаса хожалық жүргизиў субъектинде белгили дәўирде бар болған аграр ресурслардан нәтийжели пайдаланыў нәтийжесинде сол субъекттиң жайласған табиий-клымат шараятында алыныўы мүмкин болған максимал дәрежедеги өним көлеми я болмаса қуны менен анықланады. Сол көрсеткишлерге тийкарланған халда бар резервлерди анықлаў мүмкин болады. Пикиримизше, резерв мазмун жағынан материаллық ҳәм финанслық көринистеги иске салынбаған имкәниятларды өзинде сәўлелендиретуғын экономикалық категория сыпатында болып өтеди. Демек, резерв көлеминдеги өнимниң алынбастан қалынғанлығы себеплерин анализ қылыў тийкарында тийисли шөлкемлестириўшилик,агротехник, экономикалық ҳәм социаллық илажларды белгилеў ҳәм әмелге арттырыў үлкен илимий-әмелий әҳмийетге ийе.

Өндирислик потенциалының өндирис нәтийжелигин анықлаўдағы орнын ашып бериўде экономикалық әдебиятда ҳәр түрли жандасыўлар бар. Пикиримизше, өндирислик потенциалы (ИЧС) хожалық жүргизиўши субъектлердиң ақырғы нәтийжеси орнында экономикалық нәтийжелилик формуласының сүўрети, ресурс потенциалыи (РС) бөлшектиң бөлими сыпатында ҳәм өндирис экономикалық нәтийжелиги (Си)ның улыўмалық формуласы болса, Си=ИЧС:РС көринисиде қабыл қылыныўы мақсетге муўапық болып есапланады. Бул, өз нәўбетинде, хожалық жүргизиў субъектлериниң бар бәрше түрдеги өндирис қуралларынан пайдаланыў

дәрежесин сәўлелендириў менен бир қатарда белгили хожалық жылында ҳақиқатда ерисилген нәтийжелилик дәрежесине салыстырыў имкәнин жаратады.

Белгили, Арал бойындағы қыйын экологиялық жағдайда аўыл хожалығын жүргизиў тәбийий-клыматлық шараятларының қыйыншылығы, суў ресурслары менен тәмийнлеўде дәўирлик қытшылық жағдайларына дуўшар болыўының себебинен мәмлекетимизден басқа регионларынан түпден парқланады. Тәбийий-климатлық шараятлары, жер ресурсларының турлери көлеми, сыпаты ҳәм қурамлы дүзилиўине қарап республика аймағы арқа, орайлық ҳәм түслик аўыл хожалығы регионларына ажыратылған. Олардың ҳәр бири аграр сала тармақларын нәтийжели раўажландырыў көз қарасынан өзине жараса өзгешеликлерге ийе болып, дийханшылық ҳәм шарўашылық тармақларын усы регионлардың шараятларына мас рәўишде ақылға муўапық жайластырыў ҳәм қәнийгелестириўди талап қылады.

Республикада аўыл хожалығы егислик жерлериниң көпшилик бөлими арқа (68,7%) ҳәм қубла (26,4%), сол қатардан, айдалатуғын жерлердиң 51,5% ти арқа ҳәм 29,0%ти қубла регионлар үлесине туўры келеди. Усы регионлардың республика жайлаўларындағы улеси мас рәўиште 70,1 ҳәм 26,5 проценти шөлкемлестиреди. Жүзимзарлықлар ҳәм бағ майданлары тийкарынан қубла регион аймақларында жайласған болып, оның үлеси республикадағы усы таипа жерлериниң 56,6 проценти шөлкемлестиреди. Республика бойыша суўғарылатуғын жерлер улыўма аўыл хожалығы жерлериниң тек 8,7%, жайлаўлар болса 89,5 процентине тең болып есапланады. Аўыл хожалығы егинзарлары ҳәм олардың жер таипалары бойынша ишки ригионлар аралық бундай бөлистирилиўи өз нәўбетинде республикада дийханшылық ҳәм шарўашылық тармақларының тийисли шараятларға мас рәўишде экономикаға кирисўи ҳәм жайласыўына туўрыдан-туўры тәсир көрсетиўи табиий.

Республикада жетистирилип атырған аўыл хожалығы өнимлериниң көпшилик_бөлими суўғарылатуғын егин майданлары үлесине туўры келеди. Бирақ, суўғарылатуғын жерлердиң шўрланиш дәрежесиниң жоқарылығы,

балл-бонитет бойыша сыпат көрсеткишлериниң пәслиги егинлер өнимдарлығын арттырыў имкәниятларын шеклеп қоймақда. Әмелиятдағы тәжрибелерден белгили, мелиоратив жағдайы жаман жерлерде алынатуғын өнимдарлық мелиоратив жақтан қолай болған жерлерге салыстырғанда еки ҳәм буннан артық дәрежеде пәс болады. Сол себептен дийханшылық, шарўашылық тармақларын турақлы ҳәм нәтийжели раўажландырыў ушын, жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў иләжлары негизинде улардың өнимдарлығын арттырыў, минерал ҳәм органик төгин макул халда дәрежеде пайдаланыў, алмастырып егиў системасына қатаң әмел қылыўға айрықша итибар қаратыў мақсетге муўапық. Аўыл хожалығы жерлери мелиоратив ҳәм сыпат жақтан жоқары өнимдарлықға ийе болмас екен, басқа ҳәр қандай тадбирлер ҳәм қылынған ғәрежетлер өндирис нәтийжелигин асыра алмайды. Бизиңше, аўыл хожалығы егин майданларының мелиоратив жағдайын жақсылаў ҳәм топырақ өнимдарлығын арттырыўдың системалы логистик тийкарлары өз ара байланыслылық ҳәм үйғынлық көринисинде әмелге асырылыўы лазым, (1-сүўрет).

Жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаўда суў ресурслары ҳәм олардың сыпаты айрықша әҳмийетге ийе. 2004 жылдан баслап республикада аўыл хожалығы өнимлери өндирис ушын сарп қылынып атырған суў ресурслары муғдарлары дәрежесинде болмақда. Суў тәмийинлеўдеги бундай унамлы өзгерислер өсимликлердиң далаларға салынып атырған майдан ҳәм жергиликли төгин,сондай-ақ микроэлементлер менен толық азықланыўын тәмийинлеп, олардың саламат өсиўи ҳәм өнимдарлықтың асыўына беккем *замин* жаратпақта. Мәселен, 2000-жылда ғәлле егинлери өнимдарлығы 1995-жылға салыстырғанда 34,5 процентке асқан болса, 2008-жылда болса дерлик 1,7 мәртеге жақын муғдарға асты. Мәмлекетде 2000-2001-жыллардағы суў қытшылығы себепли усы регионда пахта ғаўашасы өнимдарлығы ҳәттеки 9-10 ц/ге түсип кетиўи күзетилди. Бул муғдар, белгили, жерлердиң тәбийий өнимдарлығы есабына алынатуғын өнимдарлық дәрежеси. Анализлеримиз нәтийжелерине муўапық егинлер өнимдарлығы бойыша регионлар




**1-сүўрет. Жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў ҳәм топырақ өнимдарлығын арттырыў факторлы логистикалық тийкарлары**

дәрежесинде үлкен парқлар ҳәм, демек, оны жәнеде арттырыў резервлери барлығы тийкарлап берилген.

Изертлеў жумысында шарўашылық тармақларының тийкарғы азық-аўқатлар есаплаған көк беде, пишен ҳәм силос тайярлаў көрсеткишлери анализге тийкарланған тийисли илимий жиўмақ ҳәм әмелий усыныслар берилген. Анализлеримиздиң көрсетиўинше, аўыл хожалығы егин майданлары қурамында азық егинлери кейинги бес жыл ишинде еки мәртеге, яғный 21,5%тен 12,8% ке кемейип кетген. Бул жағдайлар шарўашылықтың раўажланыўына унамсыз тәсир көсетди. Статистик мағлыўматлар анализи бойынша 2000-жылда аўыл хожалығы жалпы өним қурамында шарўашылық өнимлериниң үлеси 56,2% тин шөлкемлестирген болса, 2008-жылға келип сол көрсеткиш 52,8% ке түсип, 3,4% ке кемейген. Сондай-ақ, 2008-жылда бир саўын сыйырдан саўып алынған сүт 1995-жылға қарағанда дерлик еки мәрте, бир таўықдан алынган тухым 29,8 %ке кемейип кетген. Сол мағлыўматлар шарўашылық тармақларында ҳәм өнимлер ислеп шығарыўды көбейтиў резервлери барлығын билдиреди.

## 1.2. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў перспективасы

Республикада аўыл хожалығы тармақларының өндирислик потенциалы ҳәм бар болған резервлеринен унамлы пайдаланыў ушын, биринчиден, топырақ жоқары қатламлары өнимдарлығын арттырыў мақсетинде жергиликли төгинлер салынатуғын атызлардың қаттый белгиленген дәўирлик айланысын жарялаў, яғный ҳәр жылы мәлим бир белгиленген егин майданларына 30-40 тоннадан жергиликли төгин, арнаўли тайярланған компост шығарыў; егиншиден, сол агротехник шөлкемнен келип шиққан ҳалда алмаслап егиў дизимин турақлы рәўиште әмелге асырыў; үшиншиден, атызларды ҳәм вегетация дәўирде егинлерди жергиликли ширитилген төгинлер менен агрохимия карталарға толық әмел қылған ҳалда муғдар дәрежесин тойындырып барыў; төртиншиден, өсимликлерди кеселликден, зыянлы шыбын ширкей ҳәм жабайы отлардан қорғаўдың механик, биологик

ҳәм химиялық усылларын ҳәр бир агробиоценоз жағдайларға мас рәўиште төгин тәризде әмелге арттырыў; бесиншиден, топырақтың жоқары қатламлары қайтадан шорланыўына жол қоймаслық агротехник шөлкемлерин үзликсиз ҳалда әмелге асырып барыў; алтыншыдан, ҳәр бир атыз топырақ қатламының физик, химиялық қәсийетлерин итибарға алған ҳалда сол атыз шараятындағы мас келетуғын егин түрлери ҳәм сортларын таңлап жайластырыў; жетиншиден, вегетация дәўирлеринде егинлерди тәрбиялаў агротехник шөлкемлерин имкән дәрежесинде орынлаў орнына далаларға аўыр техника қуралларының кемирек киргизиў ҳәм сол тийкарда топырақтың беккемлениўи дәрежеси, үстинги қатламлар өнимдарлығының пәсейиўине жол қоймаслық; сегизиншиден, коллектор-дренаж шақапшалары ҳәм үскенелерин дәўирлик оңлаў жумысларын өз ўақтында әмелге арттырыў есабына жер асты шор суўларын жәнеде топырақтың пәски қатламларына түсириў ҳәм шығарып таслаў,тоғызыншыдан, шарўа маллары затларын жақсылаў, селекция ҳәм зооветеринария хызметлерин раўажландырыў сыяқлы иләжларин әмелге арттырыў лазим. Олардың басқышпа-басқыш әмеле асырылыўы келешекте аўыл хожалығы жалпы өнимге шәраят жаратады. Республикада аўыл хожалығы жалпы өнимди улыўма өсиў пәтине ийе болып, 2008-жылда 324,7 млрд. сумнан көпшилигин шөлкемлестирген ҳалда 2004, 2005, 2006 ҳәм 2007-жылларға қарағанда сәйкес раўиште 2,6 мәрте, 91,1; 30,7 ҳәм 7,2 %ке асқан.

Пикиримизше, келешекте аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў мақсетинде:

- бириншиден, илимий-техника раўажланыў утысларын өндириске Изертлеў, аграр ресурслардан нәтийжели пайдаланыў, инвестиция, сол қатардан, шет ел инвестицияларды еңгизиў;
- екиншиден, фермер хожалықларының жер-суў шараятларына қарап экономикаластырыў ҳәм оларда егин түрлерин қарсы жайластырыў иләжларын әмелге арттырыў;

- үшиншиден, фермер ҳәм дийхан хожалықларына жетерли суммада басланғыш инвестиция ажыратыў, жеңилликли кредитлер бериў системасын әпиўәйиластырыў ҳәм көлемин кеңейттириў, кредитлерди қайтарыўды үш жыллық мүддетден кейин, яғный хожалық жүргизиў субъекти раўажланыў басқышына киргеннен соң баслаў механизмин енгизиў лазым;
- төртиншиден, аўыл хожалық өндирис субъектлерин лизинг тийкарында техника-технология қураллары менен тәъмийнлеў системасының раўажландырылыўы ҳәм лизинг мүддетлериниң узайттырылыўы оларнинг өндирис реформаларын арттырыўға жәнеде кең имкәниятлар жаратады;
- бесиншиден, фермер ҳәм дийхан хожалықларына көрсетилетуғын хызмет түрлерин кеңейттириў ҳәм оларға төленетуғын төлем ҳақларын кемейттириў мәселелери олардың мәтерияллық мәплерин тәъмийнлеў ҳәм қорғаў көз-қарастан шешилиўи керекли әҳмийетге ийе;
- алтыншыдан, фермер ҳәм дийхан хожалықларында өндирилген аўыл хожалық өнимлерин орнында қабыл қылыў ҳәм таярлаў, қайта ислеў кәрханалары менен болатуғын шәртнамалық мүнәсебетлер системалары раўажландырылып, бунда аўыл хожалығы товар өнимлери өндириўшилердиң мәтерияллық ҳәм финанислық мәплерин есапға алыў тийкарында оларға тийкарғы мийнет жумыслары менен шуғылланыўлары ушын зәрүрий шәрт-шараятлар жаратып бериў лазым;
- жетиншиден, фермер хожалықларын ретлестириў тәдбирлерин әмелге арттырыў менен бир қатарда олардың таярлаў, тасыў, сақлаў, қайта ислеў, зооветеринария ҳәм басқа сервис хызметлери көрсетиўши кәрхана ҳәм шөлкемлери менен кооперация ҳәм интеграция процессин жеделлестириў ҳәм жетилистириў мақсетке муўапық.

Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыў регионлар шараятларынан келип шығып жайластырыў, интенсивластырыў факторларынан илимий тийкарланған халда пайдаланыў, техника ҳәм химия қураллары менен муғдар дәрежесинде тәмийнлеў, олардан үнемли пайдаланыў, илимий тийкарланған алмаслап егиў системаларына әмел етиў

киби көплеп шөлкемлер әмелге арттырыўды талап қылады. Сол қатардан, республика регионаллық топарластырыў тийкарында үйренилген 81 фермер хожалықлары нәтийжелери егинлерди алмаслап егиў шөкеми негизинде үлкен резерв (имканият)лар барлығынан дерек береди, (1-кесте).

Аўыл хожалығын раўажландырыў резервлерин анықлаў хәм оның келешектеги көрсеткишлерин есаплаў жумысларында өндирис реформаларын анықлаўшы тийкарғы көрсеткиш сыпатында жалпы өнимди көбийттириў имканиятларын анықлаў ушын факторлы сизиқлы теңлемеден файдаланылды. Республикадағы улыўмалық жағдайын толық сәлелендириў мақсетинде үш регионда жумыс жүргизиў дәрежеси бир-бирине жақын 27, жәми 81 фермер хожалықларының 2003-2007 жыллардағы орташа мағлыўматлардан пайдаланылды ҳәм төмендеги теңлеме алынды:

$$У=-1377{,}4+126{,}2X1+197{,}2X2\ , \quad (1)$$

бул жерде: *У*- хожалық яки белгили тармақда 1 га егин майданына туўры келетуғын жалпы өним қуны, сумда;

*х1*- бир ислеўши хызметкер есабына туўры келетуғын жалпы өним, яғный мийнет өнимдарлығы, сум/адам;

*х2*- 1 гектар жер есабына туўры келетуғын мәтерияллық-техника қураллары қүны, сумда.

Алынған сол теңлемеде Фишер критерияси R*ух2*=0,79 га тең болып, жалпы өнимниң өсиўи басқа факторлардың бир қыйлы шәраятта мийнет өнимдарлығы ҳәм мәтерияллиқ-техника қураллары менен қуралланыўы дәрежеси тиккелей байланыслы екенин көрсетеди.

Аўыл хожалығы жалпы өними көлемин көбейттириў болса, биринши нәўбетде, дийханшылық тармақларында егинлер өнимдарлығы ҳәм шарўашылық тармақларында шарўа маллары өнимдарлығын арттырыўға байланыслығы ҳәммеге белгили. Солай екен, егинлер өнимдарлығы дәрежесине тәбийий-клымат факторлары ҳәм агротехника тәдбирлериниң өз

**1-кесте**

## Егин майданы қурамында беде атызы салмағының фермер хожалықлары экономикалық-өндирислик потенциалын арттырыўға тәсири

(анализленген 81 фермер хожалығының 2003-2007-жыллардағы орташа мағлуматлары тийкарында)[1]

| т/р | Көрсеткишлер | Егин майданы қурамында беде атызының салмағы бойынша хожалықлар топары: | | | | | | | | | | | | Регион-лар бойынша орташа, жәми |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Арқа регионда | | | | Орайлық регионда | | | | Кубла регионда | | | | |
| | | I | II | III | Орташа, жәми | I | II | III | Орташа, жәми | I | II | III | Орташа, жәми | |
| | | 7,0 % шекем | 7,1-9,0 | 9,0% тен көп | | 7,0% шекем | 7,1-9,0 | 9,0 % тен көп | | 7,0% шекем | 7,1-9,0 | 9,0 % тен көп | | |
| 1. | Хожалықлар саны | 9 | 12 | 6 | 27 | 11 | 9 | 7 | 27 | 5 | 9 | 13 | 27 | 81 |
| 2. | Бир хожалыққа туўры келетуғын жәми егин майданына:<br>ш.ж.:- пахта ғаўашасы<br>- беде | 28<br>12,8<br>1,9 | 24<br>10,4<br>2,1 | 31<br>12,7<br>3,0 | 26,9<br>12,0<br>2,3 | 27<br>12,1<br>1,8 | 31<br>14,0<br>2,6 | 40<br>17,8<br>4,0 | 32<br>14,2<br>2,6 | 25<br>11,3<br>1,7 | 28<br>12,8<br>2,4 | 36<br>16,7<br>3,7 | 31,3<br>14,4<br>2,9 | 30,0<br>13,5<br>2,6 |
| 3. | Беде майданы үлеси, % | 6,8 | 8,8 | 9,7 | 8,4 | 6,6 | 8,4 | 10,1 | 8,3 | 6,7 | 8,7 | 10,4 | 9,3 | 8,7 |
| 4. | Өнимлердық, ц/га:<br>- пахта ғаўашасы<br>- көк беде, | 29,1<br>107,4 | 33,7<br>119,8 | 36,6<br>131,1 | 31,9<br>116,2 | 30,9<br>103,9 | 33,5<br>127,3 | 37,8<br>142,1 | 34,0<br>129,5 | 31,3<br>111,5 | 34,7<br>136,8 | 39,0<br>157,3 | 36,6<br>146,5 | 34,3<br>131,9 |
| 5. | Жәми жалпы өним, тонна:<br>- пахта<br>- көк беде | 335,2<br>183,7 | 420,6<br>301,9 | 278,9<br>236,0 | 1034,7<br>721,6 | 411,3<br>213,6 | 422,1<br>297,9 | 471,0<br>397,9 | 1304,4<br>909,4 | 176,8<br>94,8 | 399,7<br>295,4 | 846,7<br>756,6 | 1423,3<br>1146,8 | 3762,3<br>2277,8 |
| 6. | 1 га егин майданы есабына жалпы өним, мың сум | 219,0 | 253,6 | 275,4 | 240,0 | 232,5 | 252,1 | 284,4 | 255,9 | 235,5 | 261,1 | 293,5 | 275,4 | 258,1 |

[1] Монографиялық үйренилген фермер хожалықлары мағлыўматлары тийкарында автор тәрепинен дүзилген.

ўақтында өткерилиўи туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди. Усы тәсир дәрежелерин анықлаў мақсетинде таңлап алынған 81 фермер хожалыгының пахташылық тармағы мысалында өнимдарлық дәрежеси басқа факторларға қәншелли байланыслығын анықлаў ушын тийисли математик теңлемелер жәрдеминде есап-китап жумыслары әмелге асырылды.

Соннан, қалдық (тосаттан) дисперсия формуласы $\delta\frac{2}{y^x} = \frac{\sum(Y-\bar{\gamma}_x)^2}{n}$ (2) жәрдеминде есапланатуғын көрсеткиш инсан факторына байланыслы болмаған,белгили бир тәбиий-ықлим шәраятинда әмелде ерисген өнимдарлық ҳәм теориялық өнимдарлық дәрежелери ортасындағы шеклениўи дәлийллейди.

Вариация (өзгериў аралығы) коэффициенти $V = \frac{\delta_{\bar{\gamma}_x} x100}{\bar{\gamma}}$ (3) болса, белгили бир хожалық субъектинде ерисилген өнимдарлықтың орташа өнимдарлықдан шетлениў дәрежесин дәлийллейди.

Жоқарыда келтирилген математик теңлемелер ҳәм таңлап үйренилген 81 типик ҳалдағы фермер хожалықлардың мағлыўматлары тийкарында алынған төмендеги нәтийжелерди келтириў орынлы, яғни:

Тосатдан дисперсия $\delta\frac{2}{\gamma} = \frac{29{,}35}{18} = 1{,}63$ $ц/га$, өнимдарлықтың орташа квадратлық шетлениў күрсеткиши $\delta\frac{2}{\gamma_x} = \sqrt{1{,}63} = 1{,}28$ ц/га шөлкемлестиреди. Тад-қиқ етилген фермер хожалықлары бойыша пахта ғаўашасы өнимдарлықтың орташа дәрежеси $\bar{\gamma}$= 23,1 ц/га болған жағдайда вариация (ўзгариш) коэффициенти $V = \frac{1{,}28x100}{23{,}1} = 5{,}5\%$ ге тең болып, ол фермер хожалықларында әмелдеги пахта ғаўашасы өнимдарлығы алыныўы мумкын болған өнимдарлық дәрежесинен 1,28 центинерга яки 11,1% ге кемлигин тийкарлайды. Ҳаўа-райы шәраятлары қолайсыз келген айрым жылларда бундай шетлениў дәрежеси жоқрыдағы көрсеткишлерден үлкен болўы тәбийдир.

Есап-китаплардың көрсетиўише, пахта ғаўашасы өнимдарлығының ерисилген дәрежеси, инсан факторының үлеси 62%, инсан хызметине байланыслы болмаған факторлар үлеси 38% ге тең болған жагдайда Фишер критерияси бойынша коррелияция индекси 0,785 шөлкемлестирип, пахта ғаўашасы өнимдарлығын биз үйренген факторлар менен туўрыдан-туўры байланыслығын тийкарлайды.

Анализлердиң көрсетиўинше, айрым егинлердиң өнимдарлық дәрежеси регионаллық жылжыў менен мас рәўиште өзгериў нызамшылығна бойсынса, басқа егинлер бойыша бундай нызам гүзетилмейди. Яғный, өнимдарлық дәрежеси ҳәр бир регион шәраятинда белгили егин туры бойынша басқа регионға қарағанда жоқары яки төмен көрсеткишге ийе. Мәселен, пахта ғаўашасы өнимдарлығы қубла регионнан қублаға қарап дерлик бирдий пәтде (сәйкес рәўишде 17,2 ц/га ден, 18,0 ҳәм 19,3 ц/га ге) асып барған болса, өнимдарлық дәрежесиндеги кескин өзгериўшеңлик тийкарынан палыз-өнимлер,картошка, палыз ҳәм азық-аўқат егинлерине тән. Солардан, бул мәселе шаўашылық тармақлары азық-аўқат базасын жәнеде беккемлеў,жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў ҳәм топырақ өнимдарлын арттырыў көз қарасынан Қарақалпақстан шәраятында жүда актиуал есапланады . 2008 жылда 2004 жылга қарағанда шаўашылық өнимлериниң көлемин арттырыў тийкарынан экстенсив факторлар, яғни шарўа маллары бас санының көбейиў есабына ерисилген. Мәселен, өз-ара салыстырылып атырған жылларда бәрше хожалықларда сут өндириси 12,4%, усылардан, фермер хожалықлары 12,2 ҳәм дийқан хожалықлары 14,3% ге көбейген болсада, лекин бир саўын сийирдан сўып алынған суты мас рәўиште 6,7; 3,8 ҳәм 0,6%ге кемейген. Дерлик сондай жағдай туқым өндирисинде де бар. Анализлердиң көрсетиўише, шарўа маллардың бар болған затлар ҳәм азык-аўқат базасының ҳәзирги жағдайы шарўашылық өнимлери интенсив факторлар есабин көбийтириў талапларына толық жуўап бермейди.

## 1.3. Республикада Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың басқышлы перспективалы көрсеткишлери ҳәм олардың әҳмийети

Аўыл хожалығын раўажландырыў перспективасын белгилеў ҳәр қандай Мәмлекет ушын, биринашиден, халықтың медициналық нормалар дарежесинде өзинде өндирилген барлық түрдеги (ассортименттеги) сапалы азық-аўқат өнимлери менен толық ҳәм үзликсиз ҳалда тәмийинлеў, екиншиден, дүнья масштабында анаў ямаса мынаў дәўирде болып өтетуғын финанслық-экономикалық кризислер шараятында мәмлекеттиң азық-аўқат қәўипсизлигин беккемлеў ҳәм бул бағдарда басқа мәмлекетлерге қарамлы екенлигин кемейтириў, үшиншиден, аграр сектордыңг экспортлық потенциалын арттырыў ҳәм сырт ел валюталары түсимин көбейтиўге усаған стратегиялық ўазыйпаларды шешиўди нәзерде тутыўы тәбийий ҳал болып табылады. Усының себебинен де аўыл хожалығы тармақларында түрли себеблерге байланыслы пайдаланылмастан қалып атырған резервлерди есапқа алған ҳалда дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризисиниң тәсирин кемейтиў мақсетинде өндирислик потенциалының перспективалы көрсеткишлерин ислеп шығыў жүдә үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады. Солай екен, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А Каримов өзиниң «Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары» атлы илимий мийнетинде атап өткениндей, “гүмән жоқ, дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризисиниң тәсирин кемейтиў ҳәм оның ақыбетлерин сапластырыў ушын бизде барлық зәрүрий шәрт-шараятлар жетерли дәрежеде. Ең әўелиден айтыў керек, кейинги дәўирлер аралығында мәмлекетимиздиң экономикалық ҳәм финанслық тырнағын ... оз ўақтында қәлиплестирип ҳәм беккемлеп алғанымыз буған кепиллик ҳәм тийкар болып хызмет етиўи шәрт болып табылады”.

Бизге мәлим болғанындай, усы изертлеўлердиң ямаса бакалавр жумысының илимий-теориялық бөлимлеринде тийкарлап берилгениндей,

аўыл хожалығы өндирислик потенциалы экономикалық категория сыпатында натураллық ҳәм қунлық көрсеткишлеринде сәўлеленеди. Усы орында қысқаша анықлама бериў лазым, аўыл хожалығының ҳәр бир тармағы бойынша өндирислик потенциалы ҳәм натураллық ҳәм қунлық көрсеткишлери көринисинде анықланса, улыўма аўыл хожалығы бойынша тек ғана қунлық көринисинде сәўлеленеди. Натураллық көрсеткишлер де өз нәўбетинде дийқаншылық тармақларында бир-бирлик жер участкасынан алынған зүрәәтлилик, яғный зүрәәтлилик дәрежеси ямаса улыўма егислик майданынан алынған жалпы зүрәәтлилик муғдары менен баҳаланса, шарўашылық тармақларында бир бас шарўа малы есабына туўры келетуғын өним, яғный өнимдарлылық дәрежеси ямаса ҳәр бир шарўа түри бойынша алынған тийисли жалпы өним мүғдарын өз ишине алады. Дийқаншылық ҳәм шарўашылық тармақларының товар өнимлери сәйкес рәўиште сатып алыў нырықларына, товарлық емес өнимлер болса олардың ҳәр бир түри бойынша ҳәрекеттеги өнимниң өзине баҳасыны көбейтирилип ҳәр бир тармақтың өндирислик потенциалының қунлық көрсеткишлеринде өз көриниси сәўлеленеди. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалы дийқаншылық ҳәм шарўашылық тармақлары өнимлериниң қунларының жыйналған суммасынан қуралған болып табылады.

Жоқарыда тийкарлап берилген илимий-әмелий қолланбалар жәнеде Өзбекстан Республикасы басшылығы ҳәм ҳүкимети тәрепинен аўыл хожалығы тармақларын мақул ҳалда жайластырыў ҳәм раўажландырыўға қаратылған кейинги пайытларда қабыл етилген ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлерге таянған ҳалда экологиялық қыйын Арал теңизи бойы аймағында жайласқан ҳәм ҳәзирги күнде басланып салыстырмалы ҳалда узақ жылларды қамтып алатуғын дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризисин сапластырыў мақсетинде Қарақалпоқстан Репубиликасы аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың перспективалық көрсеткишлерин прогнозластырыў есап-китаплары үш басқышлы аҳўал (вариант)лар бойынша әмелге асырылды. Усы орында айрықша атап өтиў

лазым, қабыл етилген бул басқышлы аҳўаллар көп ғана илимий-изертлеў жумысларында 5; 10 ҳәм 15 жыллық дәўирлерге мөлшерленилген перспективалы прогнозластырыў есап-китапларынан түпкиликли айырмашылыққа ийе болып табылады. Себеби, әмелияттың көрсетиўинше, анық жылларға мөлшерленилген перспективалы көрсеткишлери ҳәр түрли объектив ҳәм субъектив себеплерге байланыслы нәзерде тутылған дәўирлерде әмелге асырылмайды, нәтийжеде олардың тийкарланылғынлығы ҳәм ҳақыйқыйлығы дәрежеси гүмана туўдырады. Усыған байланыслы аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың прогнозластырыў перспективалық көрсеткишлерин анықлаўда биз таңлаған басқышлы аҳўаллардың тийкарғы парқы олардың ҳәр биринде перспективалы параметрлариниң реал әмелге асқан пайытынан баслап кейинги басқышқа өтиўи менен тийкарланады. Усы орында айрықша атап өтиў керек, перспективалық прогнозластырыў көрсеткишлериниң әмелге асырылыўы процессин ҳәм мүддетине тәбиийй рәўиште дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризисиде белгили дәрежеде тәсир көрсетеди. Солай екен, бунда ислеп шығылған прогнозластырыў көрсеткишлерине ерисиў ушын жоқарыда тийкарлап берилген шөлкемлестириўшилик-агротехник алық илажларды әмелге асырыў мүддетлери (2;3;4;5 ямаса оннанда көп жыл болыўы мүмкин) әҳмийетли рол ойнайды. Демек, дәслепки басқышта нәзерде тутылған илажлар қаншалық тез әмелге асырылып, усы дәўирге мөлшерлениген прогнозластырыў көрсеткишлерине ерисилсе кейинги басқышқа өтиў ўақты соншелли қысқарады ва нәтийжеде аўыл хожалығын жеделирек раўажландырыў тийкарында дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси тәсириниң алдын алыўымызға кең имканият жаратылады.

Усы жерде аўыл хожалығы өндирислик потенциалы экономикалық категориясы бойынша төмендеги және бир әҳмийетли мәселеге айрықша итибар қаратыў лазым. Бул мәселениң тийкарғы мазмуны ҳәм мәниси сонан ибарат, өндирислик потенциалды аўыл хожалығының материаллақ өндирис

тармақлары масштабында айырым, хожалық жүргизиў субъектлери (бизиң мысалымызда фермер ҳәм дийқан хожалықлары) бойынша айрықша үйрениў ҳәм есапқа алыў мақсетке муўапық болып табылады. Бул жерде биз сонны айтпақшымыз, хожалық жүргизиў субъектлериниң өндирислик потенциалының қурамлық бөлеги сыпатында усы хожалық тәрепинен ишки ҳәм сыртқы тутыныўшыларға көрсетилген хызметлер қуны да итибарға алынады ҳәм усы себепли тармақлар өндирислик потенциалынан парық қылады. Усы көз-қарастан усы бакалавр питкериў жумысын таярлаў процессинде аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың перспективалық көрсеткишлерин прогнозластырыў есап-китапларында тек ғана тийкарғы дийқаншылық ҳәм шарўашылық тармақлары өнимлериниң өндирислик-экономикалық көрсеткишлери ҳәм олардың прогнозластырыў басқышлары бойынша дәўирлик өзгериси пәтлери тийкар болып хызмет етти. Жорыдағы илимий-әмелий жуўмақларды итибарға алып, усы бакалавр питкериў жумысында республикада аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың перспективалық көрсеткишлерин есаплаўда логикалық пикирлеў, конструктивлик есаплаў, группалаў, индукция ҳәм дедукция, мағлыўматлардың дәўирлик өзгериўин эмперикалық бақлаў, өндирислик ҳәм экономикалық көрсеткишлериниң үш ҳәм бес жылық дәўирлердеги өзгериўи дәрежесин анықлаў ушын динамикалық қатарлар киби тийисли экономикалық анализ усыллары кең қолланылды. Бундай усыллар өз нәўбетинде аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың иләжларының ҳәр бир бағдарына сәйкес рәўиште ислетилиўи лазым, себеби тек ғана усы тийкарда ғана алынған нәтийжелердиң илимий-әмелий тийкарланылғанлығы ҳәм ҳақыйқыйлық дәрежеси тәмийинленеди.

Усы бакалавр питкериў жумысының алдынғы бәнтлеринде илимий-әмелий көз қарастан тийкарлапберилген жуўмақ ҳәм рақамларға сүйенген ҳалда республикада аўыл хожалығы тармақлары өндирислик потенциалын арттырыўдың тийисли басқышларға мөлшерленилген перспективалы көрсеткишлери ислеп шығылды. Усы жерде атап өтип кетиўимиз тийис,

бизиң пикиримизше, ислеп шығылған перспективалық көрсеткишлерине ерисиў тек ғана аўыл хожалығы өнимлериниң өндирислик көлемин көбейтиў, бәлким соның бәнеси менен өнимлердиң өзине түсер баҳасын кемейиттириўге беккем негиз жаратады. Себеби, мәмлекетимизде қабыл етилген кризиске қарсы илажлар дәстүринде бул артықмашлыққа ийе ўазыйпаға айрықша түртки берилген. Соның салдарынанда мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримов өзиниң «Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризис, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары» атлы мийнетинде атап өткениндей, "қатаң түрдеги тежемлилик системасын енгизиў, өндирислик қаржылар ҳәм өнимниң өзине түсер баҳасын кемейтиўди хошаметлендириўдиң есабынан кәрханалардың бәсекеге шыдамлылық дәрежесин арттырыў. Усындай мақсетте 2008-жылы хожалық жүргизиўши субъектлердиң экономикамыздағы жетекши тармақ ҳәм салаларда өнимниң өзине түсер баҳасын кеминде 20 процентке түсириўге қаратылған иләжларды әмелге асырыў бағдарындағы усыныслары мақулланганлығын атап өтиў лазым".

Мәмлекетимизде дағдарисқа қарсы шаралар дәстурын әмелге арттырыў аўыл хожалығын турақлы раўажландырыўда әҳмийетли роль ойнайды. Диссертацияда сол дәстур ҳәм биринши нәўбетте жерлердиң мелиоратив жағдайын жақсылаў,егин майданларын кеңейиттириў,аўыл хожалығы егин майданлар қурамын регионаллық жетилистириў, егинлер өнимдарлығы ҳәм шарўа маллары өнимлерин арттырыў, интенсив ҳәм экстенсив факторлардан унамлы пайдаланыў иләжлары негизинде республикада аўыл хожалығының келешегин раўажландырыўдың 3 басқышлы сценарийлары хәм олардың тийкарғы параметрлери өндирилди, (2-кесте).

Солай етип анығырақ ҳалда айтып өтетуғын болсақ, басқышлар бойынша аўыл хожалығы өнимлерин өндиристи көбейттириў, тәрепинен хожалық жүргизиў субъектлерин мәтерияллық-техник ҳәм финаныслық қоллап-қуўатлаў жүзесинен әмелге асырылып атырған иләжлар нәтижесинде республикада сөз жүргизилип атырған тараўдағы өндиристи ҳәм

экономикалық потенциаллары сезилерли дәрежеде өсиўге беккем шәраят жаратылды.

2-таблица

**Дийханшылық ҳәм шарўашылық тармақларында жалпы өним өндириси қурамының басқышлы өсиў дәрежеси[2] (**млрд. сум)

| т/р | Көрсеткишлер | 2007 жыл | Басқыш I | Басқыш II | Басқыш III | 2007 ж. ға салыстырғанда, %де: | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | I-басқышта | II-басқышта | III- басқышта |
| 1. | Масақлы дән | 52,5 | 53,4 | 58,6 | 100,0 | 101,7 | 111,6 | 190,5 |
| 2. | Салы | 5,0 | 7,2 | 7,5 | 8,1 | 144,0 | 150,0 | 162,0 |
| 3. | Пахта | 69,2 | 71,2 | 78,3 | 86,1 | 102,9 | 113,2 | 124,4 |
| 4. | Овощ | 14,9 | 28,4 | 46,2 | 52,1 | 190,6 | 3,1 мәрте | 3,5 мәрте |
| 5. | Картошка | 3,4 | 25,1 | 25,5 | 36,6 | 7,4 мәрте | 7,5 мәрте | 10,8 мәрте |
| 6. | Палыз | 7,6 | 26,2 | 29,7 | 40,5 | 3,4 мәрте | 3,9 мәрте | 5,3 мәрте |
| 7. | Мийўе | 3,7 | 8,4 | 10,1 | 12,9 | 2,3 мәрте | 2,7 мәрте | 3,5 мәрте |
| 8. | Жүзим | 1,5 | 7,7 | 11,2 | 17,6 | 5,1 мәрте | 7,5 мәрте | 11,7 мәрте |
| | Жәми | 157,8 | 227,6 | 267,1 | 353,9 | 144,2 | 169,3 | 224,3 |
| 9. | Гөш (тирилей салмақта) | 83,5 | 94,1 | 133,0 | 192,6 | 112,7 | 159,3 | 230,7 |
| 10. | Сүт | 40,2 | 84,5 | 178,2 | 384,5 | 210,2 | 4,4 мәрте | 9,6 мәрте |
| 11. | Қаракөл тери | 0,3 | 0,34 | 0,38 | 0,44 | 113,3 | 126,7 | 146,7 |
| 12. | Жүн | 0,2 | 0,3 | 0,4 | 0,5 | 150,0 | 200,0 | 250,0 |
| 13. | Тухум | 4,0 | 11,9 | 15,7 | 20,1 | 3,0 мәрте | 3,9 мәрте | 5,0 мәрте |
| 14. | Пиле | 0,35 | 0,6 | 0,65 | 0,7 | 171,4 | 185,7 | 200,0 |
| | Жәми | 128,6 | 191,7 | 328,3 | 598,8 | 149,1 | 2,6 мәрте | 4,7 мәрте |
| | Ҳәммеси | 286,4 | 419,3 | 595,4 | 952,7 | 146,4 | 2,1 мәрте | 3,3 мәрте |
| 15. | Басқа тармақлар жалпы өними, млн. сум | 15,0 | 21,0 | 29,8 | 47,6 | 140,0 | 2,0 мәрте | 3,2 мәрте |
| 16. | Улыўма ЖӨ: млн. сум<br>с.и.:1 ке жерге, млн.сум<br>бир жумысшыға, млн. сум | 301,4<br>1284,4<br>1666,3 | 440,3<br>1467,7<br>2407,3 | 625,2<br>1923,7<br>3399,6 | 1000,3<br>2381,7<br>5430,5 | 146,1<br>114,3<br>144,5 | 2,1 мәрте<br>149,8<br>204,0 | 3,3 мәрте<br>185,4<br>325,9 |

Сол қатардан, Өзбекыстан Республикасы Президентиниң 2008-жыл 20-октябрдеги “егин майданларын оптималластырыў ҳәм азық-аўқат өнимлер өндирисин көбейтиў иләжлары ҳаққындағы”ғы ПФ-4041 санлы Пәрманына

[2] Қарақалпақстан Республикасы экономикалық министирлиги мағлуматлары тийкарында автор тәрепинен дүзилген.

тийкарланып Қарақалпақстанда 2009-жылда пахта өндирис көлемин 10,0 мың тонна, *ғўза* майданларын 5,3 мың гектарға қисқартырыў ҳәм пахтадан босаған жерларге азық-аўқат, азықлық егинлерин жайластырыў, дийқаншылык ҳәм шаўашылық өнимлерин көбейттириў резервлерин жумысқа алыў, егинлердиң өнимдарлығын арттырыў мақсетинде беде майданларын кеңейиттириўге итибар қаратылады.

Республика көлеминде шарўашылық тармақлары дийқаншылық тармақларына қарағанда жедел сүўретлерде раўажланады. Мәселен, тийкарғы аўыл хожалығы өнимлериниң жалпы өнимди шарўашылық өнимлериниң үлеси 2007-жылда 45,4% ти пайда еткен болса, усы көрсеткиш бизиң есап-китапларымыз бойынша әйне сол өнимлер көлеминде болжаў дәўирлериниң I-басқышында 45,7%; II-басқышында 55,1 ҳәм III-басқышында 62,9% ке жетеди. Сондай-ақ, 2007-жыл көрсеткишлерине салыстырғанда шарўашылық тармақлары жалпы өними I-басқышда 1,5 мәрте; II- басқышда 2,6 ҳәм III- басқышда 4,7 мәртеге көбейеди ҳәм бул тийкарынан, шарўа маллары бас саны ҳәм олар өнимдарлық дәрежелериниң өсиўи нәтийжесинде жүз береди. тийкарғы дийханшылық тармақлары жалпы өниминиң жоқары дәрежедеги өсиў сүўретлери ҳәм тәмийнленеди. Сол қатардан, 2007-жылл нәтийжелерине салыстырғанда оның өсиўи I- басқышда 1,4 мәртеден артық; II- басқышда 1,7 ҳәм III- басқышда 2,2 мәртеден артықты пайда етеди.

Усы Изертлеў жумысына енгизилмеген қылынбаған, салыстырғанда киши көлемдеги дыйханшылык ҳәм шарўашылық тармақлары жалпы өнимлериниң өсиўи орнына республика көлеминде аўыл хожалығы өндирислик потенциалы жәнеде асады. Мәселен, 2007-жыл мағлуўматларына көре, олардың үлеси 5,0% әтрәпина болып, абсолют көрсеткишинде 15,0 млрд. сумды қураған болып есапланады. Сол үлеслик дәрежесине тийкарланатуғын болсақ, ақырғы санының I- басқышында 21,0 млрд. сум, II- басқышында 29,8 ҳәм III- басқышында 47,6 млрд. сумды қурайды. Усының есабынан аўыл хожалығы жалпы өндирисиниң улыўмалық қуны I- басқышында 1,5; II- басқышында 2,1 ҳәм III- басқышында 3,3 есеге көбейип,

сол басқышларда сәйкес рәўиште 440,3; 625,2 ҳәм 1000,3 млрд. сумды пайда етеди. Бир гектар егислик майданы есабынан өндирилетуғын аўыл хожалығы жалпы өними басқышлар бойынша 2007-жыл көрсеткишине салыстырғанда тийисли рәўиште 14,3%, 1,5 ҳәм 1,9 мәрте, сондай-ақ, аўыл хожалығында мийнет өнимдарлығы болса дерлик 1,5; 2,0 ҳәм 3,3 есеге көбейеди.

## II-Бап. Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризис ҳәм фермер хожалықларын материаллық тамийинлеў

### 2.1. Дүнья жүзилик экономикалық кризис жағдайында фермер хожалығы жумысларын жетилистириў

Барлық еллерде аўыл хожылығы материаллық өндирисиниң қурамалы тармақларынан бири болып есапланады. Экономиканың басқа салалары сыяқлы аўыл хожалығы ҳәм улыўма экономикалық нызамларға бойсынады ҳәм раўажланады. Усы менен бирге бул тармақта өним жетистириў өзине мас хусусиятларына, ең биринши жер, суў ҳәм тәбият пенен байланыслы болып, мәўсимли характерде екенлиги, өним жетилистирилетуғын майданлардан социяллық ҳәм ислеп шығарыў инфраструктура шахабшаларын узақда жайласқанлығы ҳәм тармаққа мас басқа түрли қәсийетлери себепли улыўма экономикалық нызамлардың аўыл хожалығы саласында әмел қылыўы айрықша айрылып турады.

Республикамыз аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық сиясат базар экономикасында өтиў дәўиринде, ең биринши, тармақ раўажланыўын мәмлекетимиз экономикасында артықмаш бағдар сыпатында белгилеп, тармаққа сәйкес болмаған шөлкемлестириўшилик, ҳуқықый ҳәм экономикалық тийкарлар бойынша нормативлик ҳүжжетлерди ислеп шығыў жәнеде әмелиятқа енгизиўди баслы мәселе етип қойды.

Усы көз-қарастан алғанда, магистрлик диссертация жумысында еркин исбилерменлик, өз мүлкине толық ийелик етиў, сапалы өним жетилистириў негизинде жоқары дәрамат ҳәмде материаллық мәпдарлыққа ийе болған мүликке ийе дийқанлар классы – фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм турақлы раўажландырыўдың объектив зәрүрлигин белгилеўши тийкарғы факторлар комплекси теориялық ҳәм әмелий жақтан тийкарлап берилген.

Хожалықта еркин мийнет, ғарезсиз басқарыў ҳәм режелестириў, меншик мүлк, жоқары дәрамат ҳәм мәпдарлық киби системалардың өз-ара жәмлесиўи фермер хожалықлары жумысларының тийкарғы тәреплери болып, ол аўыл

хожылығында ислеп шығарыўды турақлы өсиўин тәмийнлейди ҳәм нәтийжели басқарыўға әмелий жәрдем береди. Фермер хожалығы ең алдын дийханда өз мийнетиниң анық нәтийжесине нәтийжесине жоқары миннетлеме ҳәм жууапкершилик сезими арқалы қатнасық тийкарында шөлкемлестириледи. Магистрлик диссертация жумысында фермер хожалықларының ис- ҳәрекети ҳәм раўажланыўының тийкарларын усы хожалық жүритиў түрине сай болған ҳәм толық өзинде сәўлелендириўши тийкарғы принцплер комплексин ислеп шығылған ҳәм усы принциплер топарларға бөлинип, теориялық ҳәм әмелий жақтан тийкарланған.

АҚШ, Германия ҳәм Нидерландия мәмлекетлериниң фермер хожалықлары, сондай ақ, кейинги он бес жыл ишинде экономикалық реформалар нәтийжесинде экономикалық өсим жоқары болып атырған ҚХР мәмлекетиниң аўыл хожалығы үйренилди. Усы мәмлекетлердиң ишки ҳәм сыртқы базарларына аўыл хожалық өнимлерин жеткизип бериўде фермер хожалықларының (ҚХР мәмлекетинде семьялық кесип алыўшы – мүлк ийеси дийхан) үлеси жоқары болса, халықтың аўыл хожалығында мийнет етип атырған бөлеги жылдан жылға кемейип атырған жағдайда керисинше, хызмет көрсетиўши инфраструктура субъектлеринде жумыс пенен бәнт халықтың үлеси көбеймекте.

Усы мәмлекетлердиң аўыл хожалығы тармағын раўажланыў басқышларын анализ нәтийжелери республикамыз фермер хожалықларында төмендеги жөнелислердиң ҳуқуқый ҳәм экономикалық механизмлерин базар принцплери тийкарында жетилистириўди билдиреди: аўыл хожалығы товар өними ислеп шығарыўшылар, таярлаў, қайта ислеў, сатыў ҳәм хызмет көрсетиў инфраструктура субъектлери ортасында өз ара ықтиярлылық, материяллық мәпдарлық ҳәм экономикалық шериклик тийкарында кооперация мүнәсебетлерин түрлендириў; аўыл хожалығы өнимлерине мәмлекет мүтәжликлери ушын сатыў режелери (квота) белгилеўде тек ишки базар ғана емес, бәлки жәҳән базарындағы талап ҳәм усынысты есапқа аған ҳалда режелестириў; тармақты финансластырыў ҳәм кредитлеў системасын

жетилистириў тийкарында аўыл хожалығы өнимлер жетистириўдиң экономикалық нәтийжелигин тәмийнлеў ҳәм товар ислеп шығарыўшылар материяллық мәпдарлығын асырыўға ерисиў; аўыл хожалығы ҳәм санаат өнимлерине белгиленетуғын бахалар өзгериўшенлиги үстинен мониториң алып барыў ҳәм олар ортасындағы қарама-қарсылықты тәмийнлеў; аўыл хожалығы егинлери түрин ғәрезсиз таңлаў ҳәм жайластырыў еркинлигин тәмиийнлеў; пән- техника утысларын ислеп шығарыўға енгизиўды эканомикалық қошаметлеў тийкарында инновацион белсендиликти раўажландырыў; аўыл хожалығындағы зәрур бағдарлар бойынша илимий – иззертлеў жумысларын финансластырыўды жетилистириў ҳәм тағы басқалар.

Фермер хожалықларын пайда етиў ҳәрекетин раўажландырыў барысында республикамызда 1991-жыл 29-декабрде биринши мәрте Өзбекстан Республикасы президентиниң “Дыйқан (Фермер) хожалықларын жәнеде беккемлеў ҳәм Республикада исбилерменлик ҳәрекетин мәмлекет жолы менен боллап – қуўатлаў хаққында”ғы пәрманы ҳәм усы пәрманға муўапық 1991-жыл 30-декабрда министрлар камитети №315-санлы “Республикада дыйқан (фермер) хожалықларын жәнеде раўажландырыў ҳәм беккемлеў шаралары хаққында”ғы қарары қабыл қылынды. Усы қарарға байланыслы республика бойынша 200,0 мың гектар арнаўлы жер фонды фермер хожалықларын шөлкемлестириў ушын ажыратылды. 1992 жыл август айында болса Өзбекистан Республикасы Олий Мажлис тәрепинен фермер хожалықларын ҳуқуқый тийкарларын өзинде улыўмаластырған “Дийқан хожалығы ҳаққындағы”ғы Нызам, 1998 жыл апрель айында “Фермер хожалығы ҳаққында”ғы Нызам, 2004 жыл август айында болса усы Нызамның жаңа редакциясы қабыл етилди.

Өткен дәўир ишинде республикамызда фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў бойынша анық шара - тәдбирлерди қабылқылыныўы нәтийжесинде фермер хожалықларының саны, жер майданы ҳәм жалпы аўыл хожалығы өниминдеги үлеси көбейип бармақта. Егерде 1993-жылда фермер хожалықларының саны 9254 ти пайда қылған

болса, 2004-жыл жуўамақлаў бойынша 103,9 мыңнан көбирек фермер хожалықлары хызмет көрсетпекте (3-таблица).

3-таблица

**Республикада фермер хожалықлары шөлкемлестириўдиң динамикасы** (дана)

| | Жыллар | | | | | | 2004-жыл 1993-жылға салыстырған-да, (мәрте) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1993 | 1998 | 2000 | 2002 | 2003 | 2004 | |
| Қарақалпақстан Республикасы | 962 | 1313 | 3032 | 4509 | 5855 | 6767 | 7,0 |
| ўәләятлар: | | | | | | | |
| Әндижан | 471 | 2077 | 3119 | 3475 | 3825 | 4010 | 8,5 |
| Бухара | 566 | 1780 | 3929 | 5714 | 6574 | 8205 | 14,5 |
| Жиззақ | 498 | 2620 | 4583 | 10815 | 12175 | 12193 | 24,5 |
| Қашқадарья | 2246 | 1374 | 3135 | 6412 | 9586 | 15265 | 6,8 |
| Наўайы | 393 | 880 | 1852 | 3512 | 4205 | 4917 | 12,5 |
| Наманган | 452 | 1225 | 2668 | 3929 | 4548 | 5213 | 11,5 |
| Самарқант | 1007 | 3160 | 6185 | 8573 | 9042 | 9997 | 9,9 |
| Сурхандарья | 322 | 2113 | 3008 | 4077 | 4715 | 5544 | 17,2 |
| Сырдарья | 403 | 921 | 2765 | 4453 | 6170 | 7213 | 17,9 |
| Ташкент | 1000 | 2822 | 3684 | 5850 | 6887 | 7824 | 7,8 |
| Ферғана | 398 | 1663 | 3040 | 6245 | 7440 | 8095 | 20,3 |
| Хорезм | 536 | 1100 | 2759 | 4842 | 6533 | 8676 | 16,2 |
| Жәми: | 9254 | 23048 | 43759 | 72406 | 87552 | 103921 | 11,2 |

Дерек: х) Аўыл хожалық ўәзирлигиниң мағлыўматлары тийкарында.

Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик статистика қомитетиниң "О деятельности фермерских хозяйств", "Сельское хозяйство Республики Узбекстан", "Узбекстан в цифрах" мағлыуматлары тийкарында. Тийисли жыллар бойынша.

Республикада 2004 жыл ақыры бойынша бир фермер хожалығына орташа 28,2 ге жер майданы туўры келди яғный 1992 жылдағы орташа 8,7 гектарға қарағанда 3,2 мартебе асты. Бүгинги күнде республикамызда фермер

хожалықларының сийреклесиўи күтилмекте, солардан, Бухара ўалаятыда бир фермер хожалығына 55,3 ге Қарақалпақстан Республикасында 50,1ге, Жиззақ ўалаятында 38,5 ге, Сурхандарья ўалаятында 36,7 ге, Сырдарья ўалаятында 31,9 ға, Қашқадарья ўалаятында 26,5 ге, Наўайы ўалаятында 24,9 ға жер туўры келген ҳалда Самарқанд, Андижан, Ташкент, Ферғана ҳәм Хорезм ўалаятларыда сай рәўиште орташа 19,8; 10,0; 17,2; 17,2 ҳәм 13,6 гектарды пайда етпекте.

Фермер хожалықларының орташа өлшемлерин республика аймақлары бойынша ҳәр түрли екенлиги, ең әўеле жайларда аўыл хожалығында пайдаланылатуғын жер майданлары ҳәм аўыл хожалығында ислеп атырғанлардың саны ортасындағы салыстырма түрли дәрежеде екенлиги менен тийкарланған.

Фермер хожалықларында орташа жер майданының көбейиўи өз нәўбетинде хожалықда ислеўшилер санын 3,5 кисиден 7,3 кисиге яки 2,1 мәртеге, хожалықда ислеп атырған бир жумысшыға туўры келетуғын жер майданы болса 3,5 ден 3,8 гектарға асыўына алып келди.

Фермер хожалықлары өз ис ҳәрекетлери даўамында белгили бир аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўге қәнийгелеседи. Өним ислеп шығарыўда қәнийгелескенлик дәрежеси бойынша фермер хожалықларының 91,6 %ти дийқаншылық (пахташылық, ғәллешилик, мийўе – овощ, бақшылық, жүзимшилик ҳәм басқалар) ҳәм 8,4 %ти шарўашылық өнимлерин жетистириўге қәнийгелескен.

Республика бойынша 1990–2004-жыллар ишинде фермер хожалықларын пайда етиў ҳәм раўажландырыў процесслери толық анализ етилип, олар шәртли рәўиште 4 басқышқа бөлинди.

Биринши басқыш (1990 – 1991 жыллар) – 1991 жыл 29 – декабринде Өзбекистан Республикасы Президентиниң “Дийхан (Фермер) хужалықларын және де беккемлеў ҳәм республикада исбилерменлик жумысын мәмлекет жолы менен қоллап – қуўатлаў ҳаққында”ғы Пәрманы, 1991 жыл 30 декабринде болса Министрлер Кабинетиниң №315 - санлы “Республикада

дийхан (фермер) хожалықларын жәнеде раўажландырыў ҳәм беккемлеў иләжлары ҳаққында”ғы қарарына тийкарынан фермер хожалықлары жәмийет ҳәм мәмлекет хожалықлары қарамағындағы жерлерде ишки аренда тийкарында, аўыл хожалығында жаңа мүлик ийеси класс сыпатында өз жумысын баслады. Бул басқыш республикамызда фермер хожалықларын пайда етиў ҳәм раўажландырыўға қаратылған дәслепки ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлерди қабыл етиў менен ажыралып турады.

Екинши басқыш (1992-1996жыллар)-фермер хожалықларын пайда етиў ҳәм раўажландырыў менен байланыслы просеслер, қатардан «Дийқан хожалығы ҳаққында» ғы нызамның қабыл қылыныўы, аўыл хожалығында мәмлекет хожалықларын мәмлекет қарамағынан шығарылыўы, жәмийет шарўашылық фермаларын жекелестириў ҳәм ким-асты саўдасы арқалы сатыў жыйынлары басланыўын өз ишине алады. Бул басқыш экономиканың аўыл хожалығында түрли мүликшилик ҳәмде хожалық жүритиў түрлерин раўажландырыў басланғанлығы менен тәрийпленеди.

Ушиншиден басқыш (1997-2000-жыллар) – фермер хожалықларын аўыл хожалықларында артықмаш хожалық жүргизиў түри сыпатында раўажланыўы бақланып, бул жыллар Республика дийқан ҳәм фермер хожалықларын қоллап – қуўатлаў фондын шөлкемлестириўи, “1998 – 2000-жылларда аўыл хожалығында экономикалық реформаларды тереңлестириў дәстүри”н, аўыл хожалығында түрли мүлкшилик ҳәм хожалық жүргизиў қәлиплерин раўажландырыўға қаратылған хуқықый - норматив ҳүжжетлер, сол қатардан “Фермер хожалығы кооперативы (ширкет хожалығы) ҳаққында”, “Жер кодекси” киби нызамларды қабыл қылыныўы ҳәм фермер хожалықларын жәнеде раўажландырыўды қоллап – қуўатлаўға қаратылған шара - иләжлар комплекси әмелге асырылғанлығы менен айрылып турады.

Төртинши басқыш (2001-жылдан баслап ҳәзирги ўақытқа шекем) – республикамыз аўыл хожалығында фермер хожалықларын артықмаш бағдар сыпатында турақлы раўажландырыў дәстүрлерин қабыл қылыў менен түсиндириледи. Бул басқыш Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2003

жыл 24 мартындағы №ПФ – 3226 – санлы “Аўыл хожалығында экономикалық реформаларды тереңлестириўдиң ең әҳмийетли бағдарлары ҳаққында” ҳәм 2003 жыл 27 октябринде №ПФ – 3342 – санлы “2004 – 2006 жылларда фермер хожалықларын раўажландырыў концепцияси ҳаққындағы” Пәрманлары, Министрлер Кабинетиниң 2002 жыл 5 январдағы №8 – санлы “Аўыл хожалығы кәрханаларын фермер хожалықларына айландырыў иләжлары ҳаққында”, сондай-ақ 2003 жыл 30 октябрдағы №476 – санлы “2004 – 2006 жылларда фермер хожалықларын раўажландырыў концепциясин әмелге асырыў иләжлары ҳаққында” ҳәм 2004 жыл 24 декабрында №607 – санлы “2005 – 2007 жылларда фермер хожалықларын тез пәтте раўажландырыў иләжлары ҳаққында”ғы қарарлары, жаңа редакциясы “Фермер хожалықлары ҳаққында”ғы нызам киби перспективалы ҳүжжетлерди қабыл етилгенлиги менен өз алдына ажралып турады. Бул басқышта кроникалық ҳалдағы зыян көрип әмелият жўритип атырған ширкет хожалықлары орнында фермер хожалықларын пайда етиў, аўыл жерлеринде финанс, кредит, банк, салық, суғырта, агросервис хызмети көрсетиў бөлимлери дүзилисин өз ишине алған базар инфраструктурасы субъектлерин жәнеде раўажландырыў жыйынлары ислеп шығылып, әмелиятға енгизилмекте. Сондай ақ, Республика дийқан ҳәм фермер хожалықлары бирлеспесиниң жумысы жетилистирип**,** ол Республика фермер хожалықлары бирлеспеси деп аталады.

Анализлердиң көрсетиўинше, Республика бойынша 1993-2004жылларда фермер хожалықларының егин майданы ҳәм жалпы өним муғдары асып бармақта (4-таблица). Атап айтқанда, усы жылларда тийкарғы егин түри сыпатында гүзги бийдай ҳәм пахта егинлериниң майданы 58,1 ҳәм 233,2 мәрте, өнимдарлығы болса 2,1 ҳәм 1,2 есеге өсиўи жағдайында товарлардың жалпы өними мас рәўирште 124,9 ҳәм 290,2 мәртеге көбейди. Усы унамлы өзгерислерди аўыл хожалығының басқа егин түрлери мысалында да көриўимиз мүмкин. Бирақ, фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлериниң өнимдарлығын салыстырғанда пәс көсеткишлерде асып

атырғанлығы себепли жалпы өним тийкарынан егин майданларын кеңейиўи есабына көбеймекте. 2004-жылда фермер хожалықларының босақлы дән егинлери майданы ҳәм оның жалпы өнимин ҳәр бир аймаққа бәрше түрдеги хожалықларға салыстырғанда анализ қылғанымызда, ол Жиззақ ўәлаятында 87,8 – 95,5%, Сырдарья ўәлаятында 82,3 – 81,8%, Қашқадарья ўәлаятында 51,4 – 67,1%, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм қалған бәрше ўәлалаятларда орташа 16,4%тен 67,1%ти пайда еткен болса, пахта майданы ҳәм жалпы өниминде фермер хожалықларының үлеси Жиззақ ўәлаятында 85,0 – 98,9%, Сырдарья ўәлаятында 82,1 – 91,5 %, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм басқа ўәлаятларда сай рәўиште 16,2 %тен 69,9 %ге шекем шөлкемлестирмекте.

Нәтийжеде республика бойынша жетилистирилип атырған жалпы аўыл хожалығы өнимлери көлеми ҳәм фермер хожалықларының үлеси көбеймекте. Сол қатардан, усы көрсеткиш 1995-жылда 2,5 %ти шөлкемлестирген болса, 2000-жылда 5,1, 2002-жылда 10,0 ҳәм 2004-жылда 18,6 %ти пайда етпекте. Усы жағдайды Қаралпақстан Республикасы ҳәм ўәлəятлар бойынша анализ қылатуғын болсақ, 1995-жылда ең жоқары көрсеткиш Сырдарья, Жиззақ ҳәм Сурхандарья ўәлəятларында 3,0; 5,5 ҳәм 7,1%ти шөлкемлестирген болса, 2004-жылда Жиззақ ўәлəятында 39,8, Сырдарья ўәлəятында 38,8, Қарақалпағыстан Республикасында 32,2, Қашқадарья ўәлəятында 30,3 Бухара ўәлаятында 19,8 ҳәм Сурхандарья ўәлаятында 15,9%ти шөлкемлестирди.

Егерде 1995-жылда фермер хожалықларының улеси өсимликшилик тармағының жалпы өним көлеминде (жорий бахаларда) 2,8% ҳәм шарўашылық тармағында 2,1% пайда қылған болса, 2000-жылда мас рәўиште 10,0 ҳәм 1,6 2002-жылда 17,8 ҳәм 2,0 2004-жылда болса 32,9 ҳәм 2,6%лерди яаки сол дәўир ишинде фермер хожалықларында дийқаншылық өнимлерин жетистириў қарийб 11,8 мәртебеге көбейген ҳалда шарўашылық өнимлерин жетистириў бойынша салмағы бар жоғы 23,8%ге көбийген.

Республика бойынша 1995-жылда фермер хожалықлары жәлпы аўыл хожалық өнимлериниң тийкарында (усы бахаларда) сол қатардан дән ийелери 3,7%, пақтада 2,6 картошка палыз ҳәм гешир бул жерде 3,0, мийўе-

4-таблица

**Республика бойынша фермер хожалықларында аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўдиң дәрежеси**

| | Гүзги бийдай | Салы | Пахта | Овощ | Картошка | Мийўе | Жүзим | Палыз |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Аўыл хожалығы егинлериниң майданы, мың гектар** | | | | | | | | |
| 1993 ж.[x] | 12,3 | 2,7 | 3,4 | 0,8 | 0,3 | 4,7 | 2,9 | 0,7 |
| 1997ж. | 87,1 | 11,2 | 105,8 | 5,2 | 1,5 | 4,4 | 5,0 | 3,2 |
| 2000ж. | 209,1 | 29,9 | 299,2 | 8,4 | 2,6 | 14,4 | 7,0 | 6,6 |
| 2001ж. | 248,5 | 7,7 | 333,5 | 10,3 | 2,4 | 17,5 | 7,4 | 6,8 |
| 2002ж. | 368,4 | 15,0 | 463,9 | 10,5 | 2,1 | 22,0 | 8,8 | 8,8 |
| 2003ж. | 577,5 | 47,7 | 573,0 | 17,0 | 2,2 | 27,3 | 10,6 | 15,3 |
| 2004ж. | 715,1 | 20,0 | 792,8 | 19,1 | 3,3 | 37,8 | 16,3 | 14,6 |
| 2004жыл 1993жылға салыстырғанда,мәрте | 58,1 | 14,8 | 233,2 | 23,9 | 11,0 | 8,0 | 5,6 | 20,9 |
| **Аўыл хожалығы егинлериниң пайдалылығы, ц/га** | | | | | | | | |
| 1993 ж.[x] | 16,8 | 22,2 | 19,0 | 116,3 | 103,3 | 5,3 | 28,9 | 107,1 |
| 1997ж. | 21,0 | 26,4 | 21,2 | 130 | 105,4 | 32,0 | 34,1 | 86,4 |
| 2000ж. | 25,4 | 19,9 | 18,9 | 156,9 | 112,0 | 36,9 | 56,3 | 98,3 |
| 2001ж. | 28,0 | 17,7 | 21,8 | 170,2 | 121,7 | 39,2 | 53,7 | 101,1 |
| 2002ж. | 38,4 | 26,5 | 20,2 | 188,5 | 129,5 | 42,3 | 45,7 | 107,8 |
| 2003ж. | 33,8 | 30,5 | 18,6 | 206,1 | 135,4 | 34,3 | 31,1 | 115,6 |
| 2004ж. | 35,4 | 28,1 | 23,4 | 173,2 | 123,0 | 46,4 | 47,4 | 125,4 |
| 2004-жыл 1993жылға салыстырғанда, мәрте | 2,1 | 1,3 | 1,2 | 1,5 | 1,2 | 8,8 | 1,6 | 1,2 |
| **Аўыл хожалығы егинлериниң жалпы пайдасы, мың тонна** | | | | | | | | |
| 1993 ж.[x] | 20,7 | | | | | | | |
| 1997ж. | 180,3 | | | | | | | |
| 2000ж. | 519,3 | | | | | | | |
| 2001ж. | | | | | | | | |
| 2002ж. | | | | | | | | |
| 2003ж. | | | | | | | | |
| 2004ж. | | | | | | | | |
| 2004-жыл 1993-жылға салыстырғанда, мәрте | 124,9 | 17,1 | 290,2 | 41,3 | 13,9 | 43,8 | 6,9 | 23,2 |

Дерег: х) Аўыл ҳәм суў хожалық министрлиги мағлыўматлары негизинде.

де 1,7%ти; шарўашылық өнимлери бойыша болса 2,1%, сол қатардан, гөш өнимлери бойынша 2,7, сүт 2,0, жүн ҳәм мәйек өнимлери мас рәўиште 1,4

ҳәм 0,4%ти ийелеген болса 1996-2004-жылларда дийқаншылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен фермер хожалыкларын шөлкемлестириў көбейип, ал керисинше, шарўашылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен фермер хожалықларының саны кемейип баратырғанлығы нәтийжесинде дийқаншылық өнимлери бойынша фермер хожалықларының үлеси 3,6%тен 32,9%ге яки 9,1 мәртеге, сол қатардан дән, егинлери 4,5%тен 40,8%ге, пахта 4,7%тен 51,7%ге асған халда гөш ислеп шығарыў 2,2%тен 2,6%ге шекем, сүт өними болса 1,6%тен 2,2%ге шекем көбейип, салыстырғанда пәс сүўретлер шөлкемлестирмекте.

Фермер хожалықлары қарамағындағы суўғарылатуғын аўыл хожалығы майданларының тийкарғы бөлиминде мәмлекет зәрүрлиги ушын алынатуғын егин түрлери – масақлы дән ҳәм пахта егиледи. Соңғы жылларда фермер хожалықларында усы егинлер моллығы ширкет хожалықлары көрсеткишлерине салыстырғанда жоқары бөлмақта. 2004-жылда фермер хожалықларында масақлы дән егинлери майданы 750,9мың гектар, жалпы өним муғдары болса 2633,1мың тоннаны яки бәрше түрдеги хожалықларға салыстырғанда мас рәўиште 48,5 ҳәм 46,9%ти ийелеген халда егинлер моллығы орташа 35,4 ц/ганы шөлкемлестирип, ширкет хожалықларындағы көрсеткишге салыстырғанда орташа 16,3центнерге шекем жоқары болмақта.

Сондай-ақ, жәми пахта егин майданында фермер хожалықларының үлеси 54,5%ти, жалпы өнимде болса 51,7%ти шөлкемлестирген халда егинлер моллығы 23,4центнер, ширкет хожалықларындағы көрсеткишге салыстырған болса орташа 5,1 центнерге шекем жоқары болмақта.

Фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлери өнимдарлығын асырыў ушын төмендеги перспективалық иләж әмелге асырылыўы усынис етиледи: 1). Масақлы дән ҳәм пахта егинлерин топырақ өнимдарлығының дәрежеси пәс, шорланған, мелиоративлик жағдайы жаманласқан жерлерге орналастырмаў ҳәм усындай тайпадағы жерлерде илимий тийкарланған алмаслап егиў системасын толық енгизиў; 2). Агро-техникалық иләжларын өз мүддетинде ҳәм белгиленген сыпат дәрежесинде өткерилиўин тәмийнлеў

ушын фермер хожалықларының материяллық-техникалық қуралларына болған талабын толық қандырыў; 3). Фермерлерди топырақ өнимдарлығын ҳәм егинлер зүрәтлилигин асырыў жәнеде сыпатын жақсылаўға болған материяллық мәпдарлық ҳуқуқларын гарантиялаў ҳәм дийқанларды буған исендириў.

Фермер хожалықларының басшылары өз хожалықларында қәнигелестириў ҳәм шәртли өлшемде товар жеткериў режесин анық белгилеген жағдайда ғана жоқары экономикалық нәтийжелерге ерисиўи мүмкин. Республикамыз аймақларының географиялық жайласыўы, тәбийий климатлықы, суў тәмийнлениўи, экономикалық ислеп шығарыў жағдайы, жергиликли халықтың менталитети ҳәм басқа шараятларын есапқа алып, фермер хожалықларын аўыл хожалығы салалары бойынша қәнийгелесиўиниң тийкарғы жөнелислери ислеп шығылды.

Фермер хожалықларында қайсы түрдеги товар жетилистирилиўи есапқа алған ҳалда шәртли өлшемди анықлаў – өндирислик процессдне материяллық – техника қураллары ҳәм басқа ресурслардан нәтийжели пайдаланыўдың улыўмаластырылған түри есапланып, ең алды менен сыпатлы, көп ҳәм арзан товар жеткерип бериў, материяллық мәпдарлық, өз - өзиниң қәрежетлерин қаплаў ҳәм финансластырыў ҳәм принцплери тийкарында хожалық жүритилиўине имкәнят жаратады. Магистрлик диссертация жумысында фермер хожалықларының шекленген өлшемин белгилеўге тәсир етиўши шөлкемлестириўшилик, агротехнологиялық ҳәм экономикалық факторлар тийисли классификацияға ажылатылып шығылды.

Анық болғаны сыяқлы, фермер хожалықларына ажыратылған жер майданларының негизги бөлиминде пахта ҳәм масақлы дән егинлери тәрбияланады. Усы жағдайды есапқа алып, республикамыз бойынша суўғарылатуғын жер майданы ҳәм аўыл хожалығында бәнт халық ҳәрқыйлы болған аймақларда жумыс алып барып, масақлы дән жетистириўге қәнийгелескен 28355 ҳәм пахташылыққа қәнийгелескен 22829 фермер хожалықларының 2002 – 2003 жыллардағы егин майданы ҳәм зүрәәтлик

көрсеткишлери группаларға бөлинип, анализ етилди. Анализ нәтийжелери фермер хожалықларында масақлы дән егин майданы 20,1 – 40,0 гектар, пахташылықта болса 40,1 – 60 гектарды көсеткендегиге қарағанда жоқары зүрәәтлиликке ерисилиўин көрсетти. Группалаў мағлыўматлары тийкарында шәртли өлшем сыпатында орташа 40 гектар жер майданына ийе болып, пахта, ғәлле ҳәм азық аўқат егинлери жетистириўге қәнийгелескен фермер хожалықларының экономикалық нәтийжелилик дәрежеси есаплап шығылды. Фермер хожалығы өз жеринде алмаслап егиўди жолға қойған ҳалда жәми майданның 15,2 гектарында (38 %) пахта, 16 гектарында (40 %) бийдай ҳәм 8,8 гектарында (22 %) азық – аўқат егинлерин жаластырыўы усыныс етиледи.

Есап – китапқа көре, фермер хожалығында пахта шийки өними ҳәм бийдай жетистириў менен байланыслы қәрежетлерди қаплаў ҳәм келеси жылғы зүрәәт ушын усы финанслық капиталға ийе болыў ушын ең пәс зүрәәтлилик пахташылықта 40 ц/га, бийдайда 50 ц/га, азық – аўқат егини сыпатында беде 8,8 ге, пишеннен – 200 ц/га яки көк массада 450 ц/га болыўы зәрүр.

Жоқарыда келтирилген зүрәәтликке ерисиў ушын бизнес – режеде белгиленген қәрежетлер жумсалғанда, пахташылықта рентабеллик дәрежеси 24,5 %, бийдайда 57,1 % ҳәм азық – аўқат егинлеринде 112,8 %ти пайда етиўи есапланды. Усы нәтийжелилик дәрежеси фермер хожалықларының ең шәртли өлшемлерине салыстырғанда қойылатуғын талабаларға туўры келеди.

Сондай-ақ, 434 бағшылық, 208 жүзимшилик ҳәм 60 аралас–жүзимшилик ҳәм бағшылық, жәми 702 қәнигелескен фермер хожалықларын анкета сораўлары тийкарында финанслық – ислеп шығарыў жумыслары анализленди. Алынған жуўмақлаўлар тийкарында республикамызда бағшылық ҳәм жүзимшилик қәнигелескен семьялық фермер хожалықларының белгиленип алынған өлшеми кеминде 5 гектардан ибәрат болыўы ҳәм турақлы раўажландырыў ушын төмендеги көлем усыныс қылынады: қәнигелескен тийкарғы сала – жетерли азыққа ийе болған сүт

жөнелисинен интенсив шарўашылық; жәрдемши сала – палыз өнимшилик ҳәм картошкашылық.

Шарўашылық өнимлерин жетистириўге экономикалық фермер хожалықларын раўажланыў сүўрети пәс дәрежеде сақланып қалмақта. Республикада аймақларының географик жайласыўы, тәбиий – климаты, суў тәмийнлениўи ҳәм азықлы егинлериниң қурамын есапға алып, төмендеги аймақлар бойынша шарўашылықға қәнигелескен фермер хожалықларын раўажландырыў усыныс қылынады: биринши аймақ – суўғарылатуғын жерлерде, сол қатардан пахта ҳәм ғәлле жетистирилетуғын ҳәмде қала әтрапында жайласқан аймақларда сүт-гөш жетистириўге қәнигелескен; екинши минтақа – суўғарылатуғын ҳәм шәртли суўғарылатуғын жерлерде жайласқан (таў алды, лалми, жарты - шөл жерлер) аймақларда тәбиий азық аўқат базасына ийе болып, сүт - гөш ҳәм гөш, қарақулшылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен; үшинши минтақа - тәбиий азықлы егинлери бар болмаған ярымшөл яболмаса таў аймақларда гөш ҳәм қарақулшылық өнимлерин жетистириўге қәнигелескен.

Шарўашылық өнимлерин ислеп шығарыўға қәнигелескен фермер хожалықлары ушын суўғарылатуғын аймақларда ҳәр бир шәртли мал бас саны есабына ең кеминде 0,30ға суўғарылатуғын жер майданы ажыратылыўын есапға алып, төмендеги жөнелисте қәнигелескен фермер хожалықларының белгиленип алынған өлшемлери ислеп шығылды:

1. Сүт ҳәм гөш ислеп шығарыў ҳәмде жас малларды өсириў (5-таблица);

2. Сүт ислеп шығарыў ҳәм малларды өсириў;

3. Жас малларды өсириў ҳәм гөш ушын бағыў.

Дийқаншылық өнимлерин ислеп шығарыўға қәнигелескен фермер хожалықларын шөлкемлестириў бойынша ислепшығылған ҳәм усыныс қылынып атырған белгиленип алынған өлшемлер дизими республикамыздың аўыл хожалығында пайдаланатуғын жер майданларынан жәнеде нәтийжели пайдаланыў тийкарында сыпатлы ҳәм арзан өним жетистириў ҳәмде жоқары пайда алыўға шараят жарататуғын керекли бәсийке сыпатында қолланылы-

5-таблица

**Сүт гөш өндириў ҳәмде жас малларды өсириўге қәнийгелескен фермер хожалықларының шәртли өлшемлери.**

| Көрсеткишлер | өлшем бирлиги | 30 шәртли мал бас саны ушын | 40 шәртли мал бас саны ушын | 50 шәртли мал бас саны ушын |
|---|---|---|---|---|
| Мал бас саны, жәми | бас | 40 | 52 | 65 |
| Азық-аўқат егинлери ушын талап етилетуғын жер майданы | га | 9 | 12 | 15 |
| ш.ж. орташа бир шәртли мал бас саны ушын | га | 0,30 | 0,30 | 0,30 |
| | мың сўм | 13440,0 | 17494,0 | 21780,0 |
| ш.ж.:сүт | мың сўм | 6750,0 | 8820,0 | 10950,0 |
| гөш | мың сўм | 6240,0 | 8044,0 | 10080,0 |
| Бузаўларға иширилген сүт | мың сўм | 450,0 | 630,0 | 750,0 |
| **Жәми қәрежетлер** | **мың сўм** | **10547,4** | **13832,0** | **17305,4** |
| Ш.ж.: ис ҳақы, жалғыз сациаллық ажыратпа менен биргеликте | мың сўм | 3591,0 | 4668,0 | 5740,4 |
| Жем-хашак | мың сўм | 4707,1 | 6054,0 | 7744,0 |
| Жанылғы майлаў материаллары | мың сўм | 506,3 | 690,0 | 843,0 |
| Жумыс ҳәм хызметлер | мың сўм | 666,0 | 880,0 | 1110,0 |
| Усы ремонт | мың сўм | 200,0 | 287,0 | 375,1 |
| Өршитиў | мың сўм | 160,0 | 236,0 | 283,0 |
| Ветеринария дәри-дәрманлары | мың сўм | 217,0 | 307,0 | 363,0 |
| Басқа қәрежетлер | мың сўм | 500,0 | 710,0 | 847,0 |
| 1 центнер азық бирлигиниң тән бахасы | мың сўм | 3,9 | 3,8 | 3,9 |
| 1 центнер сүт жетистириўге сарпланған жем-хашак (оз.бирл.)тәнбахасы | мың сўм | 13,7 | 13,7 | 13,8 |
| 1 центнер салмақ өсиўи ушын сарпланған жем-хашак (оз.бирл) тәнбахасы | мың сўм | 70,0 | 58,7 | 82,9 |
| Пайда (+), Зыян (-) | мың сўм | 2893,0 | 3662,0 | 4474,6 |
| Пайдалылық дәрежеси | % | 27,4 | 26,5 | 25,9 |
| Ҳәр бир шәртли мал бас санына алынған пайда | мың сўм | 96,4 | 91,6 | 89,5 |

Дерек: Автор тәрепинен 2004-жыл аўыл хожалығы егинлериниң "Бизнес реже"сы ҳәм иззертлеўлер процессиндеги есап-китаплар тийкарында ислеп шығылған.

ўы мүмкин.

Белгили, 1999-жылдан баслап өз жумысын зыян менен жуўмақланған жәмәат хожалықлары тарқатылып, олар негизинде фермер хожалықлары шөлкемлестирилген болса, салыстырғанда экономикалық бекем жәмәат хожалықлары 1998-жыл август айында қабыл қылынған "Аўыл хожалық кооперативи (ширкет хожалығы) ҳаққында"ғы Нызамға муўапық ширкет хожалықларына айлантырылды. Бирақ, ширкет хожалықлары өз жумысында нызамда белгиленген тәртипте ағзаларының ширкет мүлкине, жерине, жетистирилип атырған өнимниң сыпатын ҳәм муғдарын асырыўға болған материялық мәпдарлықларын тәмиийнлемеди яки мүлк ҳәм жер пайына болған ширкет ағзалары әмелде ширкеттиң қысқаша мәнистеги мүликдар ийеси сыпатында ис жүргизе алмады.

Фермер хожалықларында бар жер, мүлк ҳәм жетистирилген өнимге ийелик ҳәмде еркин мийнет қылыўға болған мүтәжликтиң жоқарылығы пәс рентабеллы ҳәм узақ даўам еткен зиян менен ислетилип атырған ширкет хожалықлары орнында да фермер хожалықларын шөлкемлестириўди ҳәрекет етиў ушын(өмир сүриў ушын ) зәрүр қылып коймақта. Яғный "... ески колхоз ҳәм совхозларының дәўири өтип бармақта"[1].

Сол себепли, ширкет хожалықлары негизинде фермер хожалықларын шөлкемлестириў арқалы тармақ нәтийжелилигин асырыў ҳәм аўылда ҳақыйқый мүлкдарлар қатарын көбейттириў бүгинги күнде артықмаш жөнелислерден есапланып, өткен даўир ишинде сол мәселениң ташкилий,екаsucc экономикалық ҳәм ҳуқый тийкарларын пайда етиўши исбилерменлер комплекси ислеп шығылды.

Диссертация жумысында үзликсиз ҳалда зыян көрип ислеп атырған ширкет хожалықлары орында бириншилер қатары пайда етилген фермер хожалықларының 2001-жыл жуўмағы, сол жөнелис бойынша 1999—2004 жылларда Бухара ўалаятының 80 ширкет хожалығында әмелге асырылған иләжлар ҳәм оның эканомикалық нәтежелери, сондай-ақ ишки ислер

бөлиминиң 2003-жыл 24-декабирдеги 476-санлы қарары тийкарында фермер хожалықларына айландырылған ширкет хожалықларының економикалық көрсеткишлери тахлил қылынды. 2003-жылда республикамыздың 284 ширкет хожалықларының пақташылық тарағында өнимдарлық 16,3 центинерге, ғәллешиликте болса 31,8центинерге,рентабеллтк дәрежеси сәйкес рәўиште – 12,8 процент ҳәм—1,9 проценти, атап айтқанда, Карақалпақстан Республикасында—30 ҳәм —28 процент, Ферғана ўәлятында—46,3 ҳәм—11,2 процент, Хорезмде—27,1 ҳәм—14,1 процент, Жиззақта—16,0 ҳәм—13,3 проценти пайда қылған болса, 2004 жылда сол ширкет хожалықлары орында 8658 пахта--ғәллешиликке бейимлескен фермер хожалықлары пайда қылынғанынан соң пақташылықта өнимдарлық 22,7 ц/га, ғәллешиликте 37,1 ц/га ды (2003-жылға қарағанда сәйкес рәўиште 6,1 ҳәм 5,3 ц/га жоқары) рентабеллик дәрежеси 18,9%, ғәллешиликте болса 19,8% ти, сол соның ишинде Карақалпақстан Республикасында сәйкес рәўиште 15,8 ҳәм 6,7%, Ферғанада 1,2 ҳәм 12,6%, Хорезмде 23 ҳәм 18,6%, Жиззақта 14,8 ҳәм 13,0% ти қурады. Егерде ширкет хожалығы дәўиринде жер майданына орташа 386 кг менерал төгин ҳәм 298 кг жанылғы майлаў материаллары сарыпланған болса, 2004-жыл өним ушын пайда етилген фермер хожалықларында 340кг менерал төгин ҳәм 231кг жанылғы майлаў материаллары сарыпланды ямаса өткен жылға салыстырғанда ҳәр гектар майдан есабына орташа 40 кг минерал төгин 67 кг жанылғы майлаў материаллары (еки айланба есабын қосқан ҳалда орташа 22,7 мың сум) үнемленилди.

Ширкет хожалықлары негизинде фермер хожалықларын пайда қылыў мынәсибети менен жерлерде бар жерлерден пайдаланыў ҳәм аўыл хожалығы егинлерин жайластырыў, пайдаланатуғын жерлери болажақ фермер хожалықларына бириктириў, қайта баҳаланған товар—муликлерин ҳәм товар—материаллық байлыларын сатыў яки тийисли ташкилотар балансына өткериў, агросевис хызмет көрсетиў орынлары фаолиятини жолға қойыў ҳәм өз ара есап—китап ислерин журитиў сыяқлы иләжларини өз ишине алған

ташкилий, ҳуқықый ҳәм економикалық тийкарларын жәнеде жетилистириў талап етилмекте.Сол мунәсибет бенен төмендеги мынәсебетлер бойынша иләжларни әмелятқа енгизиў усыныс етиледи.

Биринщиден, ширкет хожалығын фермер хожалықларына айландырыў иләжларын әмелге асырыў муддетин белгилеў. Перспективада ширкет хожалықларын фермер хожалықларына айландырыў бойынша ҳәмме иләжлар усы жылдың август айында қабыл қылыныўы, ноябр айының орталарына келип, яғный ғәлле егилген ҳәмме контурлар фермер хожалықлары ортасында бөлинип, өним сатыў бойынша контрактация шәртнамалары беқурал фермар хожалықлары менен дузилиўи, усы жылдың ақырына дийин болса ҳәмме економикалық ҳәм молияви есап—китаплар тийкарғы қураллар, қарыз жуўапкершиликлери ҳәм басқа шөлкемлестириў-шилик иләжлар әмелге асырыў лазым.

Екиншиден, ширкет хожалықлары негизенде фермер хожалықларын пайда етиў иләжини әмелге асырыў бойынша жуўмақлаў комиссиясының тарикбини анықлаў. Орынларда жуўмақлаў комиссияларының қурамына тарқатылып атырған ширкет хожалықларының бурынғы баслық ҳәм қәнийгелериниң киритилиўи таңлаўда әдалат принциплериниң бузылыўына алып келмекте. Аңлаў комиссияси қурамы Қарақалпақстан Республикасы, ўалаятлар ҳәм райиондағы мәмлекетлик органлары ҳәм де шөлкемлердиң басшылары, тәжрейбели, етук ҳәм масъул қәнийгелеринен ибарат болыўы, хожалықтың бурынғы басшылары ҳәм бас қәнийгелери аўыл пухаралары жыйыны белсендилери менен биргеликте усы процессти әмелдеги нызамлар талаплары тийкарында өткерилиўин тәмийнлеў мақсетинде текғана гүзетиўши сыпатында қатнасыўы мақсетге муўапық. Тамамлаў комиссиясын усы қурамда пайда етилиўи, ең биринши, аймақтың мәмлекет органлары, шөлкемлердиң басшылары ҳәм хызметкерлери жуўапкершилигин сезинген халда, таңлаў процессинде даўагерлерди анықлаўда әдиллик жүзесинен холис жандасыў имкәниятын жаратады.

Үшиншиден, бүгүнги күнде бәрше ширкет хожалықлары тарқатылған, бирақ көпшилиги ашық саўдада сатыўға қойылған малы-мүлк яки товар-материаллық байлықлары толық сатылмағанлығы себепли тамамлаў комиссиялары өз жумыслары жуўмақлап, бәрше хүжжетлерди толы рәсмийлестирилгени жоқ. Соның ушын ким-ашты саўдасына бурынғы ширкет хожалықларының сатылмай қалып атырған малы-мүлклери ҳәм товар-материаллық байлықлары тамамлаў комиссиясының қарарына байланыслы бар талапгорларга "0" көлеми бойынша берилиўи яки хожалық пуқаралар жыйынына баланс көлеми бойынша бириктирилиўи мақсетге муўапық.

Төртиншиден тарқатылып атырған көплеп сабық ширкет хожалықларында фермер хожалықларын шөлкемлестириў бойынша талаплардың кемлиги, ҳәм керисинше, аўыл хожалығында пайдаланатуғын жер майданы өлшеминиң салыстырғанда ири болыўына, бир бөлеги суўғарылатуғын жерлердиң болса ийесиз болыўы яки алтернативалы МТП қарамағында қалыўына алып келмекте. Алтернативалы МТП___басшылығы ҳәм жумысшыларыда усы жер майданларына егин егиў яғный ислеў бериў барысында тәжирейбениң жетиспеўшилиги ҳәм де шәраяттың жоқлығы жоқары нәтийжеде суўғарылатуғын кең майданларда топырақтың өнимдарлық сыпатының төменлеўине себеп болмақта. Усы түрге кирип атырған ширкет хожалықлары орынларда анықланып, жергиликли ҳәкимиятлар ҳәм жуўмақлаў комиссиялары тәрепинен жарыс өткизилиўи туўрысында басқа үлкелердеги пухаралар ҳәм массалық ахборот қураллары арқалы хабар жеткизилиўи, ең тийкарғы, болажақ фермер хожалықларына материаллық-техника, айланыс хәрежетлер, үй-жай қурылысы ҳәм басқа зәрур мәселерди шешиў ушын узақ мүддетли жеңилликлерге ийе кредитлер ямаса анық мәнзилли бий ғәрез материяллық жәрдемлер мәмлекет тәрепинен көрсетилиўи мақсетге муўапық.

## 2.2. Фермер хожалықлары ҳәм банклер арасында өзара байланыслар

Монографиялық излениўлерге қарағанда, ең алды менен, фермер хожалықлары ийелериниң кәсиплик, экономикалық ҳәм ҳуқықлық билимлерин асырмастан турып, оларды өз хожалығында мүликке ийелик ҳәм ислеп шығарыўды раўажландырыўға болған қызығыўшылығын ҳәмде мәпдәрлықларын асырып болмас екен. ҳәр бир фермер хожалығының ийеси өз мийнетин биринши нәўбетте өзине, хожалығы ҳәм пүткил республика ушын үлкен әҳмиетке ийе екенлигин терең аңлаўы керек. Соның ушын фермер хожалықларын пайда етиў, ең әўеле демократик тәризде алып барылыўы, хәр бир үлкеде фермер хожалықларын перспективада раўажландырыў дәстүри анық экономикалық анализлер тийкарында ислеп шығарылыўы хә жайларда көргизбели семинарлар өткизиў арқалы түсиндириў ислерин күшейтириў лазым.

Фермер хожалықлары ҳәм банк шөлкемлери ортасында өзара хызмет көрсетиў бойынша байланысларды жақынластырыў ҳәм беккемлеў зәрўр. Ҳәзирги күнде бурынғы щиркет хожалығы үлкесинде жаңадан пайда болған фермер хожалықларының баслықлары банк пенен болатуғын финанс-кредит мүнәсебетлерин әмелге асырыў ушын тийкарынан район орайында жайласқан банк бөлимине барыўына туўра келеди. Бул болса өз нәўбетинде ҳәр бир фермер хожалығы баслығының көп ўақтын жоғалтыўға, хожалықта орынланыўы зәрүр болған агротехникалық иләжларды өз ўақтында әмелге асырылмаўына себеп болмақта. Бизлердиң пикиримизше, республикамыз аўыл хожалығында фермер хожалықларын артиқмаш раўажландырыў концепциясына муўапық заманагөй финанс-кредит хызмети көрсетиў дизимин қәлиплестириў ушын: агросанаат комплексине сыпатлы финанс-кредит хызметин көрсетиўди тәмийинлейтуғын түрли мүлкшилик түрдеги банклардың институционал орталыгын жаратыў; 2010 жылға шекем аўыл аймақларында финанс-банк хызмети көрсетиў дизимин раўажландырыў Дәстүрин ислеп шығарыў; аўыл хожалығында замин-ипотека кредитлеў

дизимин дағазалаў бойынша махсус Дәстүр ислеп шығыў; аўылда кишигирим иләжкорлик ҳәм фермер хожалықларын турақлы раўажландырыў мақсетинде кредит-кооперация уюшмалары фаолиятини түрлендириў бойынша мақсус Дәстүр ислеп шығыў; коммерциялық банклери тәрепинен жер саллығы ҳәм келеси өнимди гуреўге алыў тийкарында кредит ажыратыў дизимин жетилистириў ҳәмде әмелиятта дағазалаўды әпиўайластырыў керек.

Усы бағытлар бойынша мақсетли Дәстүрлерди әмелиятта дағаза етилиўи: аўыл хожалығы товар өними ислеп шығарыўшы фермер хожалықларын финанслық пул ҳәм материаллық ресурсларға болған талапты толық қандырыўға әмелият береди; агросаат комплексине тийисли болған ҳәмме хожалық субъектлерин самарали фаолият көрсеткышин тәмийинлейды; аўыл хожалығинда бюджеттен тисқары басқа молиявий қаржыларни жалб етилыўин тезлестиреды; банк тизимин мустаҳкамланиши ҳәм жәнеде самарали фаолият көрсетыўын тәмийинлейды ; мәмлекетде басқышпа- басқыш жер ҳәм аўыл хожалығы өнимлер базарын пайда етиўдиң экономикалиқ ҳәм ҳуқиқый механизмлерын жаратады; аўыл хожалық кәрханалары экономикасын, ақырғы жоқары нәтийжеде болса мәмлекет экономикасының турақлы өсиўин тәмийинлейды.

Фермер хожалықлары қарамағындағы жер майданларының топырақ өнимдарлығы бир қанша пәс дәрежеде екенлиги менен басқа түрдеги аўыл хожалығы кәрханаларынан кескин парқ қылмақта. 2004 жылдың 1 бөлим көриниси бойынша республикамызда 90580 фермер хожалығына 2743,6 мың гектар, соның ишинде, 1623,6 мың гектар суўғарылатуғын жер майданлары ажыратылып, барлық егин майданларының 5,4 проценти 30 баллға шекем, 23,5 проценти 30-40 баллды, 35,1 проценти 40-50 баллды, 19,0 проценти 50-60 баллды, 11,9 проценти 60-70 баллды ҳәм 5,1 проценти 70 баллдан жоқары ямаса республика бойынша фермер хожалықлары қарамағындағы егин майданларының 64,0 процентин өнимдарлық дәрежеси 50 балға шекем болған жерлер пайда қылмақта. Усы көринисти аймақлар бойынша анализлейтуғын болсақ, соның ишинде, Қарақалпақстан Республикасында

фермер хожалықлары қарамағындағы егин майданларының 77,7 проценти, Кашқадәрья ўалаятында 61,5 проценти, Наманган ўалаятында 55,6 проценти, Бухара ўалаятында 70,5 проценти, Наўайы ўалаятында 66,7 проценти ҳәм Жиззақ ўалаятында 68.8 процентиның топырақ өнимдарлығы 50 баллға шекем болған жерлерден ибарат. Нәтийжеде пахташылыққа қәнигелескен фермер хожалықларында өнимдарлық белгиленген муғдарға қарағанда пәс болмақта ямаса бул көрсеткиш 2003 жылда Карақалпақстан Республикасында ҳар гектар пахта майданынан 11,9 центнер, Сырдарья ўалаятында 19,2 центнер, Наўайы ўалаятында 22,8 центнер, Кашқадарья ўалаятында болса 23,1 центнерди пайда етген.

Соннан белгили, аўыл хожалығында өнимли пайдаланыўға үгитлеўши ең күшли факторлардан бири – бул фермер хожалықларына өз қарамағындағы жер майданларын ижара тийкарында узақ мүддетке бирикириў есапланады. Бирақ, фермер хожалықларына жер майданларын бириктириў мүддетлерин аймақлар бойынша анализлеў соны көрсетпекте, мийнет ресурслары көп, бирақ аўыл хожалығында пайдаланылған жер майданлары шекленген аймақларда жер майданларының үлкен бөлими 10 жыл ҳәм 50 жыл мүддетке бириктирилген ҳалда, жер майданлары аўыл хожалығында мийнет жарамлы халқы жүдә көп болған аймақларда жер майданлары болса ең көби менен 10 жыл мүддетке шекем бириктирилмекте.

Фермер хожалықларында суўғарылатуғын жерлерде топырақ өнимдарлығының пәсейиўи ҳәм шорланыўдың алдын алыў, суўдан өнимли пайдаланыў ҳәм де егинлер өнимдарлығын асырыў ушын төмендеги жыйынларды әмелиятқа енгизиў тапсырылады:

-аўыл хожалығында илмий тийкарланған алмасып егиў дизимин дағаза етиў. Алмасып егиў дизиминде палыз егин майданларын кеминде 20-22 процентға жеткизиў, масақлы ҳәм азық егинлери майданды көбейттириў болса суўғарылатуғын жерлерде топырақ өнимдарлығын жақсылаў, аўыл хожалық егинлери өнимдарлығын асырыў хәм шарўашылық кәсибиниң раўажланыўын тәмийинлейди;

-республика ҳәм маҳәлле бюджети, жәҳәнниң жетекши финанслық институтларының мақсетли кредитлери, бийғәрез финанс жәрдемлер ҳәм басқа гранты ғәрежетлери орнына суўғарылатуғын жерлердиң мелиоратив көринисин жақсылаў, хожалықлар арасында ҳәм ишки коллектор ҳәмде дренажларды тазалаў ҳәмде қайта ислеў бойынша 2005-2010 жылларға мөлшерленген арнаўлы Дәстүр ислеп шығыў;

-аймақлардың тәбий – климатлық, топырақ өнимдарлығы ҳәм суў тәмийинлеўиндеги жағдайларын есапқа алып, аўыл хожалық егинлерин жайластырыў мәселесин түбинен қайта көрип шығыў ҳәм топырақ өнимдарлығы 40 балл – бонитетдан пәс болған жерлерде пахта ҳәм пәшекли дән егинлери орнында имканият дәрежесинде туқымлық беда, күнгебағар, ақ жүўери, жер пахта ғаўашасысыҳәм соладка (мазалы мий) егинлерин жайластырыў;

-аўыл хожалығы жерлеринен пайдаланыўшылар, жер ийелери ҳәм ижарашылардың топырақ өнимдарлығын төменлеткенликлери ушын административлик ҳәм экономикалық жуўапкершилиги ҳәм керисинше, топырақ өнимдарлығын асырғанлығы ушын экономикалық қошаметлеў механизмлери әмелиятқа енгизилиўи керек. Соның ушын әмелдеги «Жер кодекси» нде топырақ өнимдарлығын пәсейттирген фермер хожалықлары баслықларын жынаят ямаса административлик жуўапкершиликке тартыў ҳәм керисинше, топырақ өнимдарлығын арттырғанлығы ушын экономикалық қошаметлеў тәртиплерин өз ишине алған 11 бап 82 статиясына қосымша өзгертириўлер (толтырыўлар) киргизиў мақсетге муўапық.

Фермер хожалықларын мәмлекет органлары ҳәм басқа хожалық жүргизиўши субьектлер ортасындағы өзара қатнасықларды муўапықластырыў мақсетинде 1996-жылда Республика дийқан ҳәм фермер хожалықлары уюшмаси пайда етилди, 2005 жылда болса оның моқоми өзгертирилип Республика фермер хожалықлары уюшмасы деп аталып, фермер хожалықлары фаолиятини мувафиқлаштириш, олардың ҳуқық ҳәм мәплерин барлық хожалық субъектлери алдында қорғаў уюшмасиниң

тийкарғы ўазыйпасы деп белгиленди. Бирақ, Республикамызда 2005-жылдың 1-июль есабында фаолият көрсетип атырған 116,0 мың фермер хожалықларының 62,0 Мыңы (53,0%) Республика фермер хожалықлары бирлеспеси, Аўыл ҳәм суў хожалығы ўәзирлиги дизиминде болса 54,0 мыңға жақын фермер хожалықлары (47,0 %) жумыс көрсетпекте.

Республикамыз бойынша перспективада фермер хожалықлары санының көбейип, олар қарамағындағы жер майданы ҳәм жалпы аўыл хожалығы өниминдеги үлесин асып атырғанлығын есапқа алып, сондай-ақ бир мәкан аймағынан баслап ширкет, дийқан ҳәм фермер хожалықлары ҳәмде басқа аўыл хожалық кәрханаларын нәтийжели ҳәрекет көрсетиўин ҳәм ақырғыида, республика масштабында аўыл хожалығы тармағында жалғыз, бир дизимли егер сиясат жүргизилиўин тәмийнлеў ушын бәрше фермер хожалықларын Аўыл ҳәм суў хожалығы ўәзирлиги дизиминде жумыс көрсетиўи мақсетге муўапық есапланады.

Республика фермер хожалықлары бирлеспеси ҳәмде оның аймақлы ўәкиллери административлик - мәмлекет шөлкеми сыпатында текғана иҳтиёрийлик ҳәм кеўилли рәўиште ағза болған фермер хожалықларының мәплерин хуқықый қорғаўы зәрүр.

Республикамызда бир мәкан масштабында жаңадан шөлкемлестирилип атырған фермер хожалықлары жумысын муўапықластырыў ҳәм басланғыш басқышта оларға әмелий жәрдем көрсетиў мақсетинде сабық ширкет хожалығы басқарыўы орнында “бирлеспе”, “агрохызмет” яки “бирлеспе” деп аталған басқарыў органлары түзилген. Әмелият тәжирийбелериниң көрсетиўинше, усы басқарыў органлары фермер хожалықлары ис ҳәрекетлерин муўапықластырыў ҳәм хуқықый қорғаў ўазийпасы орнына көп жағдайда жергиликли қадағалаў органына айланып қалмақта.

Усы жағдайды есапқа алып, фермер хожалықларын өзара иҳтиёрий ҳәм кеўилли рәўиште бирлесип, демократик өз-өзин раўажландырыў бойынша илимий тийкарланған усыныслар ислеп шығылды. Бунда кооперация баслығы, оның атқарыў органы демократик принциплер тийкарында фермер

хожалықлары басшылари (ағзалары) тәрепинен жәмәәтшилик тийкарында сайланып, олардың ең тийкарғы ўазыйпа ҳәм мақсетлери фермер хожалықларына зәрүр агросервис хызмети көрсетиўди шөлкемлестириўден ибәрат болады.

6-таблица

**Фермер хожалықларында техника қуралларының муғдарына салыстырғанда тәмийинленгенлик жағдайы (01.01.2005-жыл есабында)**

| **Техника қуралары түри** | **1000 га майдан есабынан (дана)** | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Муғдар бойынша** | **Хақыйқатта* бар** | **Муғдарға салыстырғанда парқы +;-** | **Муғдарға салыстырғанда жетиспейди, дана** |
| Айдаў тракторлары | 2,8 | 1,1 | -1,7 | 1756 |
| Сүрим тракторы (3-балонлы) | 21,7 | 3,0 | -18,7 | 25723 |
| Сүрим тракторы (4-балонлы) | 12,0 | 2,2 | -9,8 | 21005 |
| Омочлар | 3,4 | 1,2 | -2,2 | 1679 |
| Култиваторлар | 16,9 | 6,1 | -10,8 | 5096 |
| Дән егиў сеялкалары | 4,8 | 0,8 | -4,0 | 6388 |
| Шигит егиў сеялкалары | 13,3 | 2,8 | -10,5 | 5626 |
| Дән орыў камбайыны | 2,0 | 0,9 | -1,1 | 770 |
| Трактор тиркемелари | 24,0 | 2,4 | -21,6 | 32103 |

Аўыл хожалығына агросервис хызмети көрсетиўши инфраструктура шақапшалары белгили дәрежеде қәлиплести. Республикамыз бойынша фермер хожалықларына агросервис хызмети көрсетиў ушын 2005-жыл 1-январына шекем 185 ДАЖ МТПдан тысқары 579 алтернативалы МТП, 442 мини банк, 516 суўдан пайдаланыўшылар бирлеспеси, 471 химя өнимлери саўдасы ҳәм 91 зооветеринария хызмети шақапшалары, 60 консалтинг орайлары жумыс көрсетпекте. Бирақ, усы инфраструктура шақапшалары фермер хожалықларының саны, қәнигелескенлығы, аймақлардың үлкен-кишилигин есапға алып емес, бәлким ҳүкимет қарарында белгиленген муғдардан келип шығып шөлкемлестирилмекте. Нәтийжеде ҳәр бир аймақта шөлкемлестирилип атырған инфраструктура шақапшалары фермер

хожалықларының қәнигелестирилиўи де хызметлерге болған талабын толық қанаатландыра алмай атыр.

Республика бойынша фермер хожалықлары қарамағындағы техника қураллары менен тәмийинлеўиниң дәрежеси үйренилгенде, 2005-жыл 1-январ жағдайы бойынша ҳәр 1000 гектар егин майданы есабына айдаў тракторлары 1,7 дана, сүрим тракторлары 18,7 дана, транспорт тракторлары 9,8 дана, омочлар 2,2 дана, культиваторлар 10,8 дана, дән егиў сеялкалары 4,0 дана, шигит егиў сеялкалары 10,5 дана, трактор тиркемелери 21,6 дана жетиспеўшилиги есапланды (6-таблица).

Алтернативалы МТП жумысин раўажландырылыўы фермер хожалықларын агротехник сервис хызметлерине болған талабын бирқанша қандырып, хожалықларды нәтийжели жумыс жургизиўине тиккелей унамлы тәсир көрсетпекте. Алтернативалы МТПлардың шөлкемлестирилиўи механизация бойынша агротехника тәдбирлерин өтгериўде фермер хожалықлары ушын таңлаў имкәнин берип, МТПлардың хожалықлар алдындағы жуўапкерлигин асырды. Бирақ, алтернативалы МТПлардағы техника қураллары сол аймақтағы фермер хожалықларының талап дәрежеси ҳәм қәнигелескенлық жағдайына жуўап бермейди. Алтернативалы МТП есабындағы техника қуралларыни фермер хожалықларындағы техника қураллары санына қосып есаплағанымызда да бар жағдайға салыстырғанда техника қуралларының түрлери бойынша тәмийнленгенлик дәрежеси 35%ге шекем көбейиўи, культиватор ҳәм шигит егиў сеялкалары болса муғдарға салыстырғанда 5 ҳәм 25% жетиспеўлиги анықланды. Сондай-ақ, алтернативалы МТП балансындағы техника қуралларының ҳәм 30%ге шекемгиси насаз ҳәм оңланыўға мүтәәж жағдайда сақланбақта. Алтернативалы МТПларда тийкарғы түрдеги техника қуралларының үлкен бир бөлеги жисмонан ескирген, сол қатардан, балансдағы техника қуралларының 0,2%ти 2005-жылда харид қылынған болса, 2,1%ти 1-3-жыл, 2,4%ти 4-6-жыл, 4%ти 7-8-жыл ҳәм 90,9%ти 8-жылдан артық мүддет пайдаланылған. Әсиресе, Ферғана ўәләятында 99,3%, Қарақалпағыстан

Республикасында 96%, Бухара, Қашқадарья ҳәм Хорезм ўәлаятларында 91,6-91,9% техника қуралларының хызмет мүддети 8-жылдан артық болса, қалған бәрше ўәлаятлар бойынша усы көрсеткиш 72,3-89,4%ти пайда қылмақта.

ДАЖ МТПлар тәрепинен көрсетилип атырған агротехник сервис хызметлер баҳасының жоқарылығы себепли өнимлер таннархы қурамыда механизация ғәрежетлер салмағы 25 процентға шекем пайда қылмақта. Буған тийкарынан әмелдеги «Салық кодекси» нде барлық түрдеги аўыл хожалығы машиналары ҳәм үскенелерине амортизация ажыратылғанлары 15 процент муғдарында бир түр өлшемде белгиленгенлиги себеп болмақта. Диссертация жумысында «Салық кодекс» ниң 11 бөлим 6 бап 23 статясына өзгерис киритиў, ҳәр бир түрдеги машина ҳәм механизмлериниң хызмет мүддетлеринен келип шыққан ҳалда илимий тийкарланған амортизация шегирмелери процентин белгилеў кереклиги дәлийллеп берилген.

Фермер хожалықларын финанслық техника қуралларына болған талабын лизиң арқалы қанаатландырыў хәм бунда мәмлекет бюджети есабынан финансластырылып, республикамызда ислеп шығарылған, сыпат дәрежеси самарадорлик көрсеткиши кепиллик берилмеген техника қуралларын лизиң тийкарында фермер хожалықларына сатып атырған “Ўзқишлоқхўжалик-машлизинг” лизинг компаниясының монопол ҳалына рақобат орталыгын жаратыў мақсетинде республикамыздың агросанаат комплекси дизимине киретуғын таярлаў, қайта ислеў, санаат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм Коммерциялық банклери, сырт елдиң финанслық институтлары ямаса санаат өнимлерин ислеп шығарыўшы карханалары қатнасында қосымша кархана сыпатында лизинг кампанияларын пайда етиў ҳәм оларды мәмлекет тәрепинен экономикалық қошаметлеў мақсетке муўапық.

Усынып атырылған жаңа түрдеги лизинг компаниясы коммерциялық банклериниң (шет ел яки республикамызда жумыс көрсетип атырған) кредитлери есабынан республикамызда яки шет елде санаат өнимлериниң ислеп шығарыўшы кәрханалар менен техника қуралларын сатыў – сатып алыў шәртнамасын дүзеди. Кампания усы шәртнамалардан келип шыққан

ҳалда фермер хожалықлары менен лизинг шәрнамасын дүзип, бирлемши басқыштағы лизинг төлеми әмелге асырылғаннан соң техника қуралы фермер хожалығы есабынан суғырталанады. Санаат кәрханасы, фермер хожалығы ҳәм лизинг кампаниясы биргеликте сервис хызмет көрсетиў ҳәм техникадан пайдаланыў самарадорлигини анықлағаннан соң шәртнама тийкарынан фермер хожалығына техника қуралы жеткизип бериледи.

Лизинг кампаниясын пайда етиў ҳәм оның жумысын базар экономикасы принциплери тийкарында жолға қойыў арқалы:

- аўыл хожалығы техника қуралларын өндириўшилерди раўажландырыў, финанслық – техника қураллары базарында еркин рақобат түрлендирилeди;

- аўыл хожалық товар өнимин ислеп шығарыўшыларға техника қуралларының узақ мүддетке кредитке берилиўи рағбатлантирилади;

- фермер хожалықларын аўыл хожалығы техника қуралларына болған талабы басқышпа-басқыш қандырылады;

- аўыл хожалығы техника қураллары ислеп шығарыўшылардың товар өнимлерин сатылыўын көбейиўи нәтийжесинде истеъмолшилар қатары кеңейттириледи;

- аўыл хожалығында товар өними ислеп шығарылыўын көбейиўи ҳәм мийнет өнимдарлығының асыўы тәмийинленеди.

Аўыл хожалығында өндирислик процесси мәўсимлик характерда болғанлығы себебли ол барлық ўақыт мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлап турылыўы зәрүр болған аймақ сыпатында өзгеше қәсийетке ийе. Республикамыз шәраятында ҳәм аўыл хожалығын мәмлекет тәрепинен экономикалық қоллап-қуўатлаў артықмаш бағдарлардан бири есапланады.

Фермер хожалықларын кредит пенен тәмийинлеў оларды перспективада нәтийжели жумыс көрсетиўинде тийкарғы орынды ийелейди. Коммерциялық банклер тәрепинен фермер хожалықларына барлық ажыратылған кредитлериниң кем дегенде 80 проценти, Республика фермер хожалықларын қоллап-қуўатлаў жамғармасы тәрепинен болса бары-жоғы 3-4 проценти ажыратылмақта.

Коммерциялық банклер ҳәм финанслық фондлар республикамыз бойынша перспективада фермер хожалықларының саны ҳәм майданы, қәнигелескен дәрежеси ҳәм басқа жағдайларын толы анализ қылмастан, бир түр муғдарда кредит ажыратыў режесин енгизиў усылынан ўаз кешип, Аўыл ҳәм суў хожалығы ўәзирлиги, Республика фермер хожалықлары бирлеспеси менен биргеликте фермер хожалықларының жақын ҳәм узақ жылларда раўажланыў перспективасын ислеп шығып, онда тийкарғы итибарды жайлара аймақлық мини банклерди шолкемлестириўди көбейттириў арқалы фермер, дийқан ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў, оларға басланғыш финанслық капитал сыпатында жәрдемли кредит ажыратыў, материаллық-техникалық тәмийинлениўи, тийкарғы қураллар ҳәм айланба қаржыларға болған талапларын қандырыў бойынша мониторинҳөткериў ҳәм сол тийкарда кредитлер ажыратыў портфелин (режеси) есаплаў зәрүрлиги тийкарлап берилген.

Фермер хожалықларын салыққа тартыў дизимин жетилистириў темасы айрықша көрип шығылып, әмелде қолланылып атырған жалғыз жер салығы төлеўдиң утыс ҳәм машқалалары анализленди. Қатардан, 2004-жылда Ташкент ҳәм Самарқант ўәләятлары аўыл хожалығы кәрханаларында тәжрийбе тариқасида жалғыз жер салығы айрықша белгиленген муғдарларда өндирилди. Бирақ, жыл жуўмағы бойынша анализлер жалғыз жер салығын тармақлар бойынша белгилениўи ҳәм өндирилиўинде машқалалар барлығын (балл – бонитетге байланыслы халда егин түрлери бойынша алынатуғын муғдарлы өнимдарлық, мәмлекет мүтәжлилиги бойынша сатып алынатуғын ҳәм басқа түрдеги егинлерден топырақ балл – бонитетине байланыслы халда 1 ге есабына алынып атырған муғдарлы сап дарамат, суў менен тәмийнленгенлик (ақаба суў ҳәм насоз жәрдеминде суўғарыў) дәрежеси, рента дараматларын есапға алыў ҳәм басқалар) көрсетпекте. Фермер хожалықларының финанслық жағдайы, салық меьёрий ҳәм өндирилиў дәрежеси, оны хожалықтың дарамадыҳәмде ғәрежетине тәсири ҳәм үлесин есаплап мақсетинде Қарақалпағыстан Республикасы Әмударья раюнының 11

фермер хожалықларының ислеп шығарыў – экономикалық жағдайы анкета сораўнамалары арқалы анализленди. Тахлил нәтийжелерине көре, өнимди сатыўдан алынған түсимде бәрше салық хәм төлемдердиң үлеси 5,4 %тен 25,1 %ге шекем, ғәрежетлерде 5,6 %тен 30,1 %ге шекем, пайдада болса 53,3%тен 168,0%ге шекемгини, 1 гектар жер майданынан алынған дарамат 8,3 мың суўмнан 139,4 мың суўмға шекемгини шөлкемлестирген халда 1 гектар жер майданына туўры келетуғын салық хәм төлемлер суммасы 14,2 мың суўмдан 213,6мың суўмға шекемгиси пайда етпекте. Соның ушын фермер хожалықларында жалғыз жер салығын белгилеўде республикамыздың аймақлары бойынша хәр бир егин түри майданларына топырақ өнимдарлығы (балл-бонитети), 1 центнер хәм 1 га есабына технологик картаға тийкаринан меъёр бойинша сарипланатуғын қәрежетлер муғдары , дәрамат хәм сап пададагы улесин анықлаў бойынша илимий—тадқикот ислерын өтгизыў, анық хулосалар тийкаринда илимий хәм әмелий тийкарланған усынıслар тайарланыўы, солай етип басқа турли ажиратпалар хәм төлемлер санин белгилеўде тармақтиң өзине сай қәсийетлерин есапқа алыў мақсетке муўафиқ ажыратпалардан ибарат.

Будан тисқары, бирден-бир жер салығы өндырыўде илимий тийкарланған төмендегы усынысларды әмелияда енгизиў усиныс етиледы:

а) фермер хожалықлари өз қаржылары есабынан хожалықлар ишиндегы хәм дренажларды тазалаў ислерын лаип бармақта. Бизиң фикиримисше, хожалықлар тәрепынен жоқаридағи исбилерменлер ушын өз мавлаглари сарипланган тақдирде сол мавлагларягона жер салығы суўммасинан чегрилиб қалиниўы зәрур. Тавсия етилипатқансол имтиёз ақырғы нәтийжеде бириншиден, фермер хожалықлар ушын өз мавлаглари есабинан жерлердиң мелиоратив жағдайин жақсилаўға хәм топырақ өнимдарлығын асирыўга қаратилған иләжларни мустақил әмелге асириўда рағбатлантиривчи економикалиқ мехнизм есапланса, екишиден, бир турдеги исбилерменлер ушын фермер хожалыкларынан еки мәрте салық өндыриў тәртиби бийкар қылынади:

б) перспективада фермер хожалықлары тәрепинен төленетуғын бирден-бир жер салығының 25 % ге дейинги муғдарын фермерлерге өз жерлериниң мелиоративалық жағдайын жақсылаў ҳәм топырақ өнимдарлығын асырыўға қаратылған иләжларга ғәрезсиз сарплаў жеңиллиги дағаза қылыныўы зәрүр. Усы қәрежетлер фермер хожалықлары ықтыярында қалдырылып, хожалықтың банкдеги өз алдына есап номеринде сақланыўы ҳәм банктың қадағалаўы астында тек белгиленген мақсетлер ушын сарпланыўы шәтр.

## 2.3. Фермер хожалықларының материаллық тамийинлениў дарежесин жетилистириў жоллары

Қәмсызландырыў системасы фермер хожалықлары жумысын түрли тәбийий бахытсыз ҳәдийселер тәсиринен қорғаўда үлкен роль ойнайды. Фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў системасын анализ нәтийжелери орынларда көплеп фермерлер аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў тәртибин билмеўлери, қамсызландырыў хызмети хызметкерлери болса фермер хожалықлары ортасында мал – мүлк қамсызландырыўының жеңилликлери (абзаллықлары) бойынша шөлкемлестириўшилик-үгит нәсият иләжларын (көргизбели оқыў семинарларын өткериў, реклама, буклет яки қолланба таярлаў ҳәм басқалар) реже тийкарында алып бармаслығын көрсетпекте. Белгили, фермер хожалықларының тийкарғы үлкен майданларында мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын пахта ҳәм масақлы дән егинлери, белгили бир фермер хожалықларында болса мийўе-палыз егинлери, боғманшылық, жүзимшилик ҳәм шарўашылық өнимлери жетистирилип, олардың барлығы ихтиёрий қамсызландырылады. Мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын өнимлер ушын жыл даўамында жеңилликлерге ийе кредит ажыратылыўы ҳәм бунда олардың есап номерлеринде еркин пул ғәрежетлериниң жетиспеўшилиги себепли дүзилетуғын қамсызландырыў шәртнамалары ҳуқықлы күшке кирмей қалса, басқа түрдеги өнимлерди жеткизип беретуғын фермер хожалықларының

ҳасылы ҳәм түрли объектив ҳәм субъектив себеплер (финанс ғәрежетиниң жетиспеўшилиги, қамсызландырыў дизимине исенимсизлик, түрли бюрократик тосықлар ҳәм басқалар) себепли қамсызландырылмай атыр. Диссертация жумысында келеси жыл өниминен баслап мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын аўылхожалығы өнимлериниң ҳасылы мәжбүрий қамсызландырыў дизимине киритилиўи тәпсия етиледи. Усы тәпсияны әмелге асырылыўы мәмлекет мүтәжи ушын өним жетистирип атырған фермер хожалықларын экономика қорғаў қуралы ҳәм қошометлеўши күш болып есапланады.

Таярлаў, хызмет көрсетиў шөлкемлери ҳәм фермер хожалықлары ортасында дүзилип атырған шәртнамаларды орынланыўында унамлы жағдай жүз бермекте. Бирақ, орынларда контрактация шәртнамалары әмелдеги нызамларға қарағанда қайшы келетуғын раўиште бир тәреплеме, тийкарынан фермер хожалықларының мәплерине қарсы дүзилиўи күтилмекте.

Экономикани еркинлестириў шараятында контрактация шәртнамаларында мәмлекет мүтәжи ушын жетистирип атырған өнимлер көлеми ҳәм сыпаты көрсетилген жағдайда егинлер түрин ғәрезсиз жайластырыў ҳуқуқы фермер хожалығы баслығының ықтыярында болыўы зәрүр. Әмелдеги усы жағдай болса фермер хожалықларында топырақ өнимдарлығын асырыў бойынша иләжларды әмелге асырылыўы шегаралап қоймақта.

Мәлим болғанындай, бүгинги күнде көпшилик фермер хожалықлары өним сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин орынлап келмекте. Соны есапқа алып, фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжлиги бойынша жетилистирилетуғын өнимлерге шәртнама дүзилиўинде олардың көп жыллық жумыс нәтийжелерин есапқа алған жағдайда жандасыў мақсетке муўапық. Өнимди сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин ҳәр дайым орынлап, жоқары зүрәәт алып атырған фермер хожалықлары менен тек өним түри ҳәм муғдары (тонна) есабында шәртнама дүзилиўи ҳәм оларға егин майданлары ҳәм зүрәәтлилигин ғәрезсиз белгилеўге имкәният берилиўи

зәрүр. Усы жеңиллик бир ўақыттың өзинде биринщиден, нәтийжели жумыс көрсетиўи нәтийжесинде жоқары унамлы (унамлы) көсеткишге ийе болған фермер хожалықларына исеним билдирилип, олардың мийнети мәмлекет тәрепинен хошаметлендирилген болса, екиншиден, хожалықта топырақ өнимдарлығын асырыў, басқа егинлер есабынан дәраматты көбейттириў ҳәм өз жумысын тек жеңилликлерге ийе кредит қаржыларына байланыслы болып қалмаўына имкәният жаратады, үшиншиден, жоқары нәтийжеде жумыс көрсетип атырған фермер хожалықларын көбейттириўге мүмкинщилик жаратылады.

Мәлим болғанындай ақ, 1994 жылдан баслап пахта ҳәм масақлы дән өнимлеринен басқа барлық аўыл хожалық өнимлерине бар болған мәмлекетлик буйрығы бийкар етилди. Республика ҳүкимети тәрепинен мәмлекет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў бойынша өз ара контрактация шәртнамаларын дүзип, жыл даўамында сарп-ғәрежетлерди есапқа алған жағдайда бойдақ мал сақлаў қарежетлерин өз ўақтында бағдарлаў барысында анық ислер әмелге асырылмақта. 2002 жыл өними есабынан мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерине жыл даўамында түрли есап номерлер арқалы бўнак ғәрежетлер жиберилген болса, 2003 жылдан баслап басқышпа-басқыш барлық фермер хожалықларына мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын өнимлер ушын туўрыдан-туўры жеңиллетилген кредит ажыратыў усылы дағаза етилди.

2002 жылда Ферғана ўалаятының фермер хожалықлары бойынша мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалық өнимлерин рента қәрежетлери менен тәмийинлеўдиң анализине салыстырғанда, ўәлаятта 1 гектар майданда пахта шийки зат жетистириў ушын 487,8 мың сум сарпланған болса, 2003 жылда ажыратылған жеңилликли кредит муғдары усы қәрежетлердиң 20,6 % қаплаўы ямаса барлығы ажыратылыўы керек болған кредитлер муғдары қәрежетлердиң 34,3 % (гектарына 167,4 мың сум) қаплаўы мүмкин екен. Егер ўәлаят бойынша пахташылыққа қәнийгелескен

бир фермер хожалығына орташа 11,2 гектар пахта майданы туўра келиўин есапқа алсақ, ҳәр бир фермер хожалығына бизнес реже тийкарында ажыратылыўы зәрүр болған кредит муғдарын орташа 1874,9 мың сўмди, ҳақыйқатында ажыратылған кредит муғдары болса 1233,3 мың сумди (65 %) қурайды. Ўалаят фермер хожалықлары орташа 11,2 га майданда пахта шийки зат жеткериў ушын (2002 жыл бойынша ҳақыйқый сарпланған шығынларинабатқа алынғанда) орташа 5362,2 мың сум яки терим мәўсимин есапқа алмағанда 2681,3 мың сум сарпланыўы зәрүр. Ҳақыйқатында ажыратылып атырған қәрежет бенен болса фермер хожалықлары режеде белгиленген зүрәәтти толық жетистириў имкәниятына ийе болмайды.

Магистрлик диссертация жумысында фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжи ушын жетилистирип атырған өнимлерди туўрыдан-туўры жеңилликли кредит менен тәмийнлеўдиң жаңа системасы ислеп шығылып, оны әмелиятқа енгизиў усыныс етиледи.

Усы механизмди әмелиятқа енгизиў етиў менен биргеликте кредитлеў системасын жетилистириў бойынша төмендеги экономикалық методикасын әмелге асырылыўы усыныс етиледи:

- мәмлекет мүтәжлиги бойынша сатып алынатуғын пахта шийки зат өнимин жетистириў ушын ажыратылатуғын жеңилликли кредит муғдары режелестирилген сарп - қәрежетлердиң кеминде 80 % муғдарында болыўы зәрүр. Усы шараятда пахта жетистириўши фермер хожалықлары ушын агротехникалық иләжларын өз ўақтында сыпатлы өткериў ҳәм режедеги зүрәәтти жетистириў имкәнияты жаратылады. Жетилистирилип атырған пахта шийки зат өнИминиң 100 % мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алыныўы ҳәм режелестирилген сарп - қәрежетлердиң 80 % бөлеги жеңилликли кредит тийкарында ажыратылыўы келеси кредитти үстеме проценти менен қайтарылыў имкәниятын толық кепиллейди;

- фермер хожалықларында пахта ҳәм масақлы дән егинлеринен тысқары басқа түрдеги дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлери жетилистирилиўи есапқа алып, усы тайпадағы өнимлерди жетистириў процессинде айланба

қәрежетлердиң жетиспеген бөлеги қысқа мүддетли жеңилликли кредит ажыратыў тийкарында шешилип, ол негизинде жетилистирилип атырған өнимлер зүрәәтлилигин гереўге қойыў есабына берилиўи лазым;

- мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерине жеңилликли кредитлер линиясы фермер хожалықлары менен таярлаў ҳәм қайта ислеў кәрханалары ортасында контрактация шәртнамасы дүзилгеннен соң бир мәртебе ашылыўы ҳәм зәрүр ўақытта кредит суммасынан фермер хожалығының басшысы ғәрезсиз ҳәм еркин пайдаланыў ҳуқуқына ийе болыўы шәрт.

Белгили болғанындай, ўәзирлер мекемеси тәрепинен ҳәр жылы Қарақалпағыстан Республикасы ҳәм ўәләятлар бойынша мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлериниң муғдары ҳәм егилетуғын майданы хаққында арнаўлы қарарлар қабыл қылынса, ширкет ҳәм фермер хожалықларында усы түрдеги өнимлерди жетистириў, таярлаўшы шөлкемлер тәрепинен болса өним шийки затын сатып алыў менен байланыслы экономикалық – хықуқый қатнасықлар айрықша Реже тийкарында жолға қойылады. Республикамызда экономиканы еркинлестириў ҳәм базар қатнасықлары басқышба-басқыш қәлплестирилип атырған дәуирде мәмлекет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў дизиминиң хуқуқый тийкарларын жаратыў мақсетинде “Мәмлкет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў хаққында” нызам қабыл қылыныўы мақсетге муўапық.

Усы нызам мәмлекет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши хожалық субьектлери, өнимлерди сатып алыўшы кәрхана ҳәм шөлкемлер, финанс – кредит тәмийнлеўи жүклетилип атырған финанслық институт ҳәм банклардың статусы, өним жетистириў ҳәм қабыл қылыў бойынша таңлаў яки тендер өткерилиўи ҳәм утқан хожалық субьектлери менен шәртнамалардың дүзилиўи, тәреплердиң мәжбүрийлик ҳәм жуўапкершиликлери, өнимге баха белгилеў, сатып алыў ҳәм төлеў тәртиби ҳәмде басқа мәселелер өзиниң хуқуқый тийкарын табыўы зәрүр.

Иззертлеўлер нәтийжеси бойынша фермер хожалықларының жумыскөрсетиўиниң тийкарғы тансифий көрсеткишлери ислеп шығылды.

Бүгин фермер хожалықлары республикамыздың барлық аймақларында, соның қатардан суўғарылатуғын, жаўын-шашыннан суў ишетуғын жерлер, шөл ҳәм жайлаў жерлери, сондай-ақ таў ҳәм таў алды жерлеринде жумыс алып бармақта. Фермер хожалықларының 61,8 % 10 жылға, 9,4 % 10 – 20 жылға шекем, 7,4 % 20 – 30 жылға шекем, 2,4 % 30 – 40 жылға шекем, 19,0 % бөлеги болса 40 – 50 жылға шекем мүддетке жер майданларын ижарага алыўға болса, өнимлерди товарлылық дәрежеси бойынша фермер хожалықлары жоқары товар өнимин жетистирип, ислеп шығарыў дәрежеси бойынша фермер хожалықлары киши, орта ҳәм үлкен хожалықлар тайпасын қурайды. 2004 жыл ақырын крағанда, фермер хожалықлары финанслық – ислеп шығарыў жағдайы бойынша 6,8 % зыян көретуғын дәрежеде, 93,2 % рентабеллик дәрежесинде, материяллық – техникалық тәмийинлеўи бойынша 70% фермер хожалықлары қанаатландырарсыз ҳәм 30 % болса қанаатландырарлы аҳўалды қурайды.

Фермер хожалықларында ағзалар саны ең кеми 3 адамға шекем, бази бир фермер хожалықларында болса оннан да көбирек ағзалар мийнет қылады. Қарамағындағы жер майданларының өлшеми бойынша 11,4 %те 5 гектарға шекем, 47,4 %те 5,1 – 20,0 гектарға шекем, 25,6 %те  20,1 – 50,0 гектарға шекем, 15,6 %те 50,1 гектардан жоқарыны пайда етеди.

Фермер хожалықларының тийкарғы характерли көрсеткишлериниң анализи соны көрсетеди, фермер хожалықларының үлкен бөлеги қарағанда киши жер майданына ийе болған, материяллық – техникалық тәмийнлеў қаныққдырарсыз дәрежеде, бирақ финанслық тәрепинен беккем ҳәм раўажланыў дәрежесине ерисип атырған хожалық субьекти сыпатында жумыс алып бармақта.

Жоқарыдағы анализлерден жуўмақ шығарып соны айтыў керек, артықмаш жөнелис сыпатында фермер хожалықларын турақлы экономикалық раўажландырыў республикамыз аўыл хожалығында

тийкарынан төмендеги 4 үлкен әҳмийетли ўазийпаларды шешилиўинде тийкарғы роль ойнайды. Бириншиден, ислеп шығарыўды интенсивалы раўажландырыў, өнимди жетистириў, таярлаў, қайта ислеў, сатыў ҳәм хызмет көрсетиў салаларын, базар инфраструктурасын обьектлерин кескин раўажландырыўды тәмийнлеў; екиншиден, фермер хожалықларын анық түрдеги аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўге қәнийгелескен ҳәм егинлер қурамын белгиленип алынған жайластырыў системасын жетилистириў; үшиншиден, АСК тармақлары ортасында өз-ара ислеп шығарыў – экономикалық мүнәсебетлер – хожалықлар ара кооперация ҳәм аграрсанаат интеграция системасын қайтадан түрлендириў ҳәм ақырғы төртиншиден, тармақты ҳәм ислеп шығарыўдың белгиленип алынған өлшемлерин белгилеў имкәнияты жаратылады.

Фермер хожалықларын турақлы экономикалық раўажланыўын белгилеўши негизги факторлар республика ҳәм жергиликли аймақ – район дәрежесинде көрип шығылып, усы иләжлар орынланыўы тийкарында ерисилетуғын экономикалық нәтийжелер характеристика берип шығылды.

# III. БАП Фермер хожалықларының экономикалық нәтийжелигин арттырыў

## 3.1. Фермер хожалықларының ишки хожалық-экономикалық өз-ара қатнасықларын ҳәм нәтийжелилигин жетилистириў

Фермер хожалықларын дүзиў ҳәм оның экономикалық нәтийжелилигин арттырыў ишки аўыл хожалық кооперативлери ҳәмде басқада шеттеги кәрханалар менен өз-ара экономикалық қатнасықларды жетилистирилиўи менен тығыз байланыслы. Фермер хржалық еркин юридикалық тәреп болып, ол басқада юридикалық пенен өз-ара экономикалық қатнаслары жасайды. Қәлеген фермер хожалығының аўыл хожалығының басқада юридикалық тәреплери менен болған бундай экономикалық қатнасықларын жетилистириў - бул көп қырлы процесс болып, Өзбекстан Республикасының «Фермер хожалықлары ҳаққындағы, нызамы тийкарында алып барылады. Нызамды турмысқа енгизиў ушын, биринши гезекте ҳәр бир хожалықта, регионда, областта, фермер хожалығын дүзиўдиң мүмкиншилигин анықлаў, базар экономикасы жағдайындағы оның экономикалық механизимлерин ислеп шығарыў зәрүр.

Фермер хожалықларының, басқада юридикалық тәреплер менен өз-ара экономикалық қатнасықларын жетилистирилиўи төмендегише жүргизиледи.

1. Қарақалпақстан Республикасында фермер хожалықларын қәлиплестириўдиң өзине тәнлиги.

Қарақалпақстанда фермер қожалықларын дүзиўдиң өзине тән өзгешеликлери бар. республиканың арқа ройонлары бай жер ресурсларына ийе. Халықтың жан басына, суўғарып егилетуғын жерлерде 1,7-2,0 гектардан туўры келетуғын болса, онда онда ҳәр бир семьяға 10 гектардан аслам жер туўра келеди. Қарақалпақстанның арқа районларындағы бундай жер ресурслары аўыл хожалықларының барлық тараўлары бойынша фермер хожалықларын дүзиў мүмкиншилигин береди.

Республикамыздың қубла районларында жан басына есаплағанда суўғарып егилетуғын жерлер жеткиликсиз дәрежеде. Қубла районларының

айрым районларындағы халықтың тығызлығы Фергона ойпатлығындағы көрсеткишлерге жақын келеди. Соның ушын « Фермер хожалықлары ҳаққындағы», нызамды турмысқа енгизиўде ҳәр бир районның, аўыл хожалық кооперативиниң өзгешеликлерин есапқа алыў керек.

2. Фермер хожалықларының жер йиелери менен өз-ара экономикалық қатнаслары ҳаққында.

Фермер хожалығы өзиниң ис ҳәрекетин, арендаға алған белгили бир муғдардағы жер участкасынан баслайды. Ол ҳәр бир жерден мүмкин болғанынша алынатуғын жоқары нәтийжелиликти алыў ушын талап етилетуғын басқада қаржыларды есаплап шығады. Бул басқышта ол жердиң ийеси менен яғный мәмлекетликорганның ўәкили менен өз-ара экономикалық қатнасты баслайды. Олар арасында қатнас жерден пайдаланғанлығы ушын арендалық төлем ямаса жер салығы екенлиги ҳаққында конкрет түрге ийе болады.

Фермер хожалығы ҳәм жер ийеси арасындағы аўыл хожалық өнимлерин сатыў ҳәм өндириў этапындағы қатнас, экономикалық қатнаслардың барлық түринде фундамент болады, яғныә фермер хожалығы жер ийеси менен ҳәр тәреплеме тийкарланған экономикалық қатнас жасай турып, фермер хожалығының нәтийжелигине ерисе алмайды.

Фермер хожалығының жерден пайдалыныўының экономикалық қатнасы, жер кадастрына тийкарланады, себеби бунда топырақтың өнимдарлығы, оның суў менен тәмийнлеў дәрежеси, жер майданының көлеми, учаскагың жайласыў орны, аўыл халқының жер менен тәмийнлениўи дәрежеси көрсетилген болады. Усы көрсекишлерге тийкарланып ҳәр бир гектар жердиң қуны ҳәм баҳасы есаплап шығылады.

3. Фермер хожалықларының, өндирис орталығын жаратыўдағы өз-ара қатнасықлары.

Фермер юридикалық тәреп ретинде, өндирис орталығы жаратыў ушын тәмийнлеўшилер менен шәрнама дүзиўге ҳақылы. Егерде техника, запас блеклер, жонылғы майлаў материаллары, тузым, өнимдарлы малларға талап

пайда болған жағдай да ол нақ пулға сатып алады. Деген менен өндирис орталығын пайда етиўге ҳәр қандай фермерлердиң күши жете бермейди. Сонлықтан фермерлер өзиниң кооперативлеринен жәрдем сораўға мәжбүр. Бул жерде фермер, шәртнама тийкарында кооперативлик тәмийинлеў системасы менен өз-ара экономикалық қатнасқа түседи.. Өзиниң кооперативлик тәмийинлеў системасы менен өндирис орталығын жатыўдағы төлем қәлеген түрде натураль түрде ямаса келеси жылдағы өнимниң есабынан, ямаса нақлай болады. Фермерге өзиниң кооперативинен өндирис орталығыналыў ушын, төлеминиң қәлеген түринен пайдаланыў мүмкиншилигин жаратып бериў зәрүр.

Бундай төлемниң формаларын ҳәм фермер хожалықларының өз-ара қатнасықларын, аўыл хожалық техникаларын, запас бөлеклерди, минераль төгинлерди, жанылғы майлаў материалларын ҳәм тухымларды сатыўшы магазинлергеде енгизиў мақсетке муўапық болады.

Фермер хожалықларының аўыл хожалық өнимлерин өндириўдеги экономикалық қатнасықлары. Фермер хожалықларының юридикалық жақтан ғәрессизлиги, олардың технологиялық ғәрессизлигин билдирмейди. Суўғарып егилетуғын дийханшылық шариятында ҳәм аўылдағы улыўма хожалықлық әҳмийететтеги инфраструктураның енгизилиўине байланыслы (каналлар, коллекторлар, жоллар, электор менен тәмийинлениўи), ҳәр бир фермер хожалығы кооперативлердиң хызметине мүтаж болады ямаса басқа кәрханалар менен хызмет көрсетиў бойынша бирге ислесиўге болады.

Сонлықтанда фермер хожалығы, ҳәрекеттеги аўыл хожалық кәрханаларының рамкасында қәлиплеседи. Бул жағдай да ишки экономикалық қатнасықлар еки юридикалық тәреплердиң ўәкиллериниң қатнасында болады: бир тәрептен кәрхананың басшысы, екинши тәрептен фермер хожалығының басшысы, бирақ еки тәреп ҳәм ғәрезсиз юридикалық тәреп ретинде басқа тәрептиң финанс нәтийжелерине жуўап берместен өз еркинше ҳәрекет етеди. Ҳәр бир тәреп өзлериниң шәртнамадағы ўазыйпаларын орынлаўы шәрт, орынламай қалған жағдайда, айыпкер тәреп

тийисли шрафын төлейди, ямаса екинши тәрептиң көрген зиянын қаплайды. Бундай қатан ишки экономикалық қатнаслар фермер хожалықлары бирлеспелери ушын характерли.

Кооперативлик басқаша ҳәм фермер хожалығы арасындағы өз-ара экономикалық қатнас төлемли тийкарға иске асырылады. Фермер хожалығы кооперативлик хызмет структурасына көрсетилген хызметлер ушын ҳәм жәмийетлик әҳмийеттеги объектлерден пайдаланғанлыы ушын (каналлар, коллекторлар, холлар, газ ҳәм электор минераллары), төлеўи ушын шәрт. Буннан басқа, фермер хожалығы ғәрессиз хожалық объекти сыпатында суўдан пайдаланғанлығы басқада тәбийғый ресурслар ушында пул төлеўлери шәрт. Фермер хожалығы, өзниң қәлеўи бойынша бундай төлемлерди өзиниң аўыл хожалық кооператив арқалыда төлеўге болады.

«Фермер хожалықлары ҳаққындағы» нызам бойынша, фермер өндирилген өниминиң толық ийеси болып есапланады. Ол өзиниң өнимин қәлеген таярлаў шөлкемлерине тапсырыўға, базарда сатыўға яки өзиниң кооперативине базар баҳасында сатыўына ҳақлы. Реализация ислеўдеги экономикалық қатнасықлар, базар экономикасының нызамларына толық бағынышлы болады. Фермердиң өндирслик ҳәрекетиниң жуўмағы оның товарының сапасына ҳәм баҳасына байланыслы.

Өнимди жетистириўге жумсалған, фермердиң жеке шығынлары менен оның базар баҳасы арасындағы айрмашылық өндиристиң рентобллигин белгилейди. Егерде фермердиң өндириске ҳәмде өнимде реолизациялаўға жумсалған шығынлары өниминиң базар баҳасына аз болады. онда фермер өзиниң өндирисин раўажланадырыўға мүмкиншилик табады.

Өнимди өндириўге ҳәм оны реализтциялаўға тек ғана туўрыдан-туўры шығынлар емес, ал салық ҳәм басқада мәжбүрий төлемлер киреди.

Өнимди реализациялаўдан келип түскен қаржылар төмендеги статьялар бойынша бөлистириледи: өндирислик шығынларды қаплаўға, банк кредитлерин төлеўге, улыўма мәмлекетлик ҳәм жергиликли сасықларды төлеўге, жоқарғы органларға төлемлер ҳәм тағы басқалар.

Булардың барлығын орынлаў аўыл хожалығында раўажланып атырған фермерлик ҳәрекетлер әҳмийетли орынды ийелейди. Фермер ҳәм дийхан хожалықлары, Қарақалпақстан Республикасының экономикасының өзегин пайда етеди. Жерлердиң нәтийжелилигин көтериў, социаллық ўазыйпаларды шешиў, яғный өткерилип атырған экономикалық реформалардың бас мақсети болған халықтың турмыс дәрежесин асырыў ерисиў, фермер ҳәм дийхан хожалықларын раўажландырыўға тиккелей байланыслы. Фермер хожалықлары ҳәр бир территория, ҳәр бир област ҳәр бир административлик районның огроклимат, жер - суў, демографикалық өзгешеликлерине жуўап беретуғын бағдарлар бойынша раўажланыўы керек. Президентимиздиң айтқанындай, дийханның жерге болған қатнасын өзгертиў зәрүр, себеби, ол өзин жер тихника ҳәм жетистирилген өнимниң толық ийесинен деп есапланады, жерге өзиниң шаңарағының абаданлығының көтериўдиң дереги сыпатында өзиниң ул ҳәм қызларына мийрас етип қалдырылатуғын мүлик ретинде қарасын. Сонда ғана, ол өзиниң қәлбин, топлағанларын, өзиниң мийнетин жерге бағышлайды, ол өзиниң барлық қуралларын топырақтың өнимдарлылығын асырыўға қаратылады, өзиниң жер участкасының мелиоратив аўҳалын жақсылап барады.

Қарақалпақстан Республикасында 2003 жылы 31 декабрге шекем 5855 фермер хожалығы болып, оларға 74,2 мың гектар жер бекитилип оларда 37352 адам ислемекте

Бирақ аўыл хожалығында фермерлик сектор бойынша өндирислик нәтийжелер бираз төмен. Мәселен, 10,7 мың гектар жерде жетистирилген пахтаның улыўма көлеми 15,4 мың тоннаны қурап, пахталық өнимдарлық гектарына 14,4 центнер болады. Қанлыкөл районыдағы фермер хожалықларында 206 гектар пахта майданынан 208 тонна өним алынған, ҳасылдарлық гектарына 10,1 центер болды. Шымбай районында 2590 гектар жерден 2590 тонна өним алды, ҳасылдарлық гектарына 9,4 центнер болады.

Фермер хожалықларына жақсы дыққат аўдарған районларда аўыл хожалық өнимлерин жетистириўи бундай хожалықлар жақсы раўажланбақта.

Мәселен, Амударья районындағы фермер хожалықларында 2042 гектар жерден 4089 тонна пахта өними алынды, ҳасылдарлық гектарына 20 центнерден асты. Елликқала районының фермер хожалықларында ҳәр бир гектар жерден алынған пахта ҳасылы 21,4 центнерге, Қараөзек районыда 22,6 центнерге, Беруний районыда 22 центнерге жетти.

Ҳәр бир қандай жерден пайдаланыўшылар қусап, фермер ҳәм өзиниң хожалығын жүрзизиўде еркин болыўды қәлейди. Не ҳәм оны қашан егиўди, анаў яки мынаў өнимди қанша муғдарда жетистириўди, оны кимге сатыўды фермердиң өзи шешиўи керек. Фермердиң егинлерди тонлаў, оларды улыўмаластырыў, егислик майданлардың қурамын, егинлерди алмаслап тонлап алыў бойынша өндириске жоқарыдан араласыў фермер хожалығының өднирислик ҳәм финаныслық аўҳалына белгили дәрежеде зыян береди. Дийханшылық, атмосфералық температураға, топырақтың физикалық ҳәм химиялық қурамына, өсимликлердиң биолигиялық байланыслы болады. Аўыл хожалығы өндириси шеттен қарағанда әпиўайы болып көринседе, тийкарында ол адам искерлигиниң қурамалы түрде болып есапланады. Буннан басқа, егинлерди өсириўде бир түрли технологияны қоллаў мүмкин болған бир түрли жер участкалары жоқ. Атызлар ҳәм далалар бойынша аўыл хожалық өндирисиниң нәзик технологиясын, егинниң өсиўи ҳәм раўажланып барыўын бәрҳама гүзетип барған дийхан биледи. Дийхан ушын ҳәр бир дала, лаборатория, дийханшылық тәжрийбесин топлаўдың объекти болып есапланады. Усы себепли дийханға егин өсириўди үйретиў бул кеселикти қалайынша емлеў ҳаққында шыпакерге мәсләҳәт бериў менен тең. Демек фермер хожалықларын раўажландырыўдың биринши шәрти бу оларға толық өндирислик еркинлик бериў.

Фермер хожалықларын раўажландырыўдың екинши шәрти-бул фермерлердиң ҳуғқықый еркинлиги, яғный фермерлерди бир тәрептен мәмлекет пенен жер ийеси менен, екинши тәрептен база бойынша барлық шериклери - тәмийинлеўши, таярлаўшы, саўда, транспорт шөлкемлери ҳәм басқада хызмет көрсетиўши кәрханалар менен, сондай-ақ ең тийкарғысы

кредит мекемелер - банкир менен шәртнамалы түрде ҳәм басқада қатнасықларды әмелге асырыўшы еркин юридикалық тәреп деп тән алыў. Бундай қурамалы көп бағдарлы экономикалық байланысларды иске асырыў ислеўшилерди мәўсимлик жуўмысқа тартқан түрдеги семьялық мийнетке тийкарлаған көплеген фермер хожалықлары ушын қыйыншылық туўдырады. Усы машқалаларды шешиў ушын фермерлердиң басқа юридикалың тәреплер менен өндирислик - экономикалық шерикшилик принциплерин өзгертиў керек. Базар бойынша барлық шериклер шәртнамалар дүзиў ҳәм оларды орынлаў ушын, өзлери фермерлерге келсе мақсетке муўапық болар еди. Экономикалық байланыслардың бундай структурасы туўры болып есапланады. Бундай жағдай Республикамыздың аўыл хожалығының меншиклик секторында қолланылып өзиниң жақсы нәтийжесин берип атыр. Усы себепли фермерлер менен жүзбе-жүз болыў принципине барлық жерде орынлаў керек.

Фермер хожалықларын раўажландырыўдың үшинши шәрти - бул фермердиң жер участкасы шегараларының бузылмаслығы. Фермер хожалығы eң дәслеп аўыл үй алды участкалары тийкарында пайда болады ҳәм дүзиледи. Бирақ ҳәр бир шаңарақ екиншисин жер участкасының үлкенлиги, дүзилиси жағынан айырылады. Көплеген шаңарақлар участкасының дөгерегин қоршап алған. Далалардың дүзилисине қарай, бир шаңарақ белгиленген нормадан үлкенлеў, екиншиси кишилеў жер участкасына ийе. Бирақ бундағы мәселелер бойынша дийханлар арасында келиспеўшиликлер жоқ. Бул аўыллық жердеги шаңарақлар ушын бурыннан қарар тапқан дәстүрий болған жер дүзилиси болып есапланады. Бул қағыйда фермер ҳәм дийхан хожалықларына жер ажыратыўда есапқа алыўы керек. Нызам талапларын жасалма түрде дийхан ҳәм фермер хожалықларының участкаларының дўзилисин қайтадан өзгертиўге жол қойыўы мүмкин емес.

Дийхан ҳәм фермер хожалықларын раўажландырыўдың ақырғы тийкарғы шәртти - бул жерди оларға мүддетсиз оларға мийрас етип қалдырыў ҳуқықының берилиўи, бирақ улыўма халықлық байлық болып есапланатуғын

ҳәм хожалық турмысында мәмлекет болып есапланатуғын жерден пайдаланыўшылар сыпатында оларға жер салығын төлеп барыў шәрти менен бериў.

Ҳәзирги ўақытта ең әҳмийетли ўазыйпалардың дийхан хожалығы ҳәрекетинде нәтийжели қолланыўдан ибарат. Сол себепли, дийхан хожалықларының ҳуғығый мәдениятын асырыў зәрүр. Өзбекстан Республикасы Президенти И.Каримовтың атап айтқанындай, базар экономикасын қәлиплестириў жағдайында ҳуқықый мәдениятын асырыў әҳмийетли шәрт болып есапланады. Соның менен бирге ҳуқықый мәдениятының мәниси қабыл етилген нызамлар саны менен емес, усы нызамлардың барлық пүнктлериниң орынланыўы менен белгиленеди. Усы әҳмийетли жумыста адамларда нызамларға ҳәм нормативлик ҳуқықый ҳүжжетлерге болған терең ҳүрмет сезимин тәрбиялаў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби ҳуқықый нормалар адамлардың аңына синген ҳәм оларға сүйенген жағдайда ғана жасайды ҳәм иске асады.

Фермер хожалықларының аўыл хожалық өнимлерин өндириўдеги салмағы өсип бармақта. Гөш жетистириўде 90,7%, сүтти 82,5% майек жетистириўде 65,6%, картошкада 83,4 % овощта 76,9 %, палызда 63,2% ти қурайды. Олардың жүз мың тонна өним шетке экспорт қылынбақта.

Фермер хожалықлары мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформа арқалы раўажланып атырған хожалықты жүргизиўдиң формаларының бири болып есапланады. Фермер хожалығы узақ мүддетке ижараға алқанжер участкасында, экономикалық жумыс жүргизиўши, юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болған. Өз бетинше ис жүргизиўши, майда өним өндириўши субъет фермер хожалығының ҳуқықый тийкары бул «фермер хожалығы туўралы» нызамды барлық шөлкемлестириўшилик, ҳуқықый иләжлардың барлығы орын алған. Фермер хожалығына жерди ижараға бериў мүддети 10 жылдан аз болмаған түрде 50 жылға шекем бериў, шарўашылық бағдарындағы фермер хожалықларындағы 30 шәртли бас,

шарўа малының болыўы, фермер хожалығылық баслығы 18 жасқа толған болыўы ҳәм басқа да жуўапкершиликлер белгиленген.

Базар экономикасына өтиў дәўирде мәмлекетимизде нәтийжели фермерлер таярлаў мақсетинде жоқары оқыў орынларында, қосымша қәнигеликлердиң шөлкемлестирилиўи жақсы нәтийжесин берип атыр. Базар қатнасықлары ҳүким сүрип атырған жағдайда барлық экономикалық субъектлер соның ишинде фермер хожалықлары ушын, олардың алынған табысларының көлеми тәрепинен бир - биринен ажралыўы тәбийғый процесс.

Бугинги күнде фермер хожалықларының тийкарғы машқалаларының бири бул жетилистирилген өнимлерди реализация ислеў мәселеси, бунның себеби тәртипсиз базардың пайда болыўы. Ақырына жергиликли базар ушын артықша өним жетистириў пайда болып, баҳалардың палитетиниң бузылыўына алып келеди. Майда өним ислеп шығарыўшылар, өзиниң өнимин бундай жағдайда арзан баҳада, қайта ислеў кәрханаларына сатыўға мәжбүр болмақта.

Ҳәзирги дәўирде аўыл хожалығы тараўының алдында турған баслы ўазыйпалардың бири, ғәрезсиз республикамызда экономикалық реформаларында избе - излик пенен әмелге асырыў, халқымыздың азық-аўқатлық өнимге болған өсип баратырған талапларын өз -өнимимиз бенен толық қанатландырыўда иске асырыўдан ибарат.

Соның ушында елимизде аўыл хожалығының бир бууўыны болған фермер хожалықларын раўажландырыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президенти, Жоқары Кеңеси, Министирлер Кабинети, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министерлер Кеңеси тәрепинен мәмлекетимизде дийхан - фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм оны раўажландырыўға бағдарланған арнаўлы нызамлар, Пәрманлар ҳәм қарарлар қабыл етилди. Мәмлекетимиздиң жоқарғы органлары тәрепинен иске асырылып атырған бундай илижлар өзиниң жақсы нәтийжелерин берип

атыр. Аўылларды жасаўшы дийханшылық ҳәм фермершилик пенен шуғылланыўды қәлеўшилер жер майданлары менен тәмийинленбекте.

Фермер хожалығы бул исбилерменшиликтиң бир формасы болып табылады. Юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болған хожалықты ғәрезсиз түрде жүргизиўши, аўыл хожалық өндирисине өзи ийелик ететуғын жер майданынан пайдаланған ҳалда аўыл хожалық өнимлерин жетистириў менен шуғылланыўша субъект фермер хожалығы болып есапланады.

Фермер хожалықлар жәмийети хожалықлардың ҳәм басқада кооперативлик хожалықлардың жерлеринде усы хожалық ағзаларының улыўма жыйналысының қарары менен дүзиледи.

Фермер хожалықлары экономикалық ҳәм ҳәкимшилик жағынан еркин болып табылады, және өзиниң жумысын республиканың нызамлары тийкарында әмелге асырады.

Өнимлерди жетистиретуғын, дийхан хожалықларының мақсети, дийхан семьясының өндириске жегерли қатнасыўын, өзиниң раўажланыўын ҳәм өз бетиншелигин тәмийнлеўден, өнимниң тийкарғы бөлөлегин үзилиске сатыўдан, базарда басқада тутыныўшыларға еркин баҳалар бойынша сатыўдан ҳәм Республиканың азық-аўқат және шийки затларын дүзиўге өзиниң үлесин қосыўдан ибарат болады.

Фермер хожалықларына төменги ўазыйпалар жүкленеди:

1. Аўыл-хожалық өнимлерин көплеген жетистириў, оны қайта ислеўди, сақлаўды ҳәм сатыўды әмелге асырыў.

2. Ажыратылған жер кореорынан нәтийжели пайдаланыў, оладың өнимдарлығын избе-излик пенен жақсылап барыў.

3. Басқада тәбийғый, суў, техникалық мийнет қорларына, минерал ҳәм жергиликли төгинлерден нәтийжели пайдаланыў.

4. Өндириске, аўылдағы мийнетке жарамлы халықты көбирек тартыў.

Юридикалық тәреп ҳүқықына ийе болған, хожалықты еркин түрде жүргизиўши аўыл хожалық өнимине өндириў, соның ишинде өзиниң

ийелигиндеги жер участкасынан пайдаланған түрде аўыл хожалық өндириси менен шуғылланышы субъект - дийхан хожалықғы болып есапланады.

Хожалықтың баслығы, оның ҳаялы (ери), перзентлери, асрап алған балалары, ата-анасы, басқада қарындаслары, сондай-ақ жумыс ислеў жасына жетип, биргеликте дийхан хожалығын жүргизип атырған, усы хожалықтағы жумысы тийкарғы жумыс орны болған басқада адамлар дийхан хожалығының ағзасы болып есапланады. Хожалықтағы мийнет шәртнамасы бойынша ислеп атырған адамлар, оның ағзасы болып есапланбайды.

Хожалықтың 18 жасқа толған, аўыл хожалығында мийнет тәжирийбесине ийе ямаса аўыл хожалық қәнийгелигине ийе болған арнаўлы таярлықтан өткен, жумысқа жарамлы, саламат ағзаларынан бири дийхан хожалығының баслығы есапланады. Дийхан хожалығы мүмкиншиликтиң басқа түриндеги кәрханалар, бирлеспелер ҳәм шөлкемлер менен теңдей ҳуқықта ғәрезсиз өндирислик тараў болып есапланады.

Фермер хожалығы оның ағзаларының район ҳәкимине жазба түрдеги арзасына тийкарланғаныпөз ерки менен шөлкемлестириледи ҳәм жерге мудамы ийелик етиў, оннан пайдаланыў ҳуқықы берилгенлиги туўрысындағы мәмлекетлик ҳүжжет берилген ўақыттан баслап дүзилген деп есапланады. Фермер хожалығы район ҳәкими тәрепинен дизимнен өткеннен кейин юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болады, банк мекемелеринде есапласыў счетлары ҳәм басқада счетларды ашыў, өзиниң атындағы марге ийе болыў, басқада кәрханалар, бирлеспелер, шөлкемлер шет ел фирмалары ҳәм айырым пухаралар менен әмелий қатнасықларға кирисиў ҳуқықын алады. Тийисли район ҳәкими ўәкиллик берген кәрхана, ҳәр бир дийхан хожалығының дизими жүргизиўди шөлкемлестиреди, халық депутатлардың аўыллық кеңеси ҳәр бир дийхан хожалығын, өзиниң халық китабына киргизеди, буған дийхан хожалығының қурамы, хожалық баслығы болмай қалған жағдайда оны ўазыйпасын атқарыўшы ҳаққындағы тийкарғы мағлыўматлар жазып қойылады.

Фермер хожалығы - бул мәмлекет экономикасының базар қатнасықларына өтиў процессинде пада болған меншик формаларының бири. Фермер хожалығының ис - ҳәрекети менен байланыслы жағдайлар ҳәм мәселелер Өзбекстан Республиасының «Фермер хожалық ҳаққында» ғы нызамында толық айтылып өтилген. Усы нызамға муўапық фермер хожалықларын дүзиў төмендеги принциплер тийкарында иске асырылады.

1. Фермер хожалығы мийнет шөлкемлестириўди ҳәм жумысының бағдарламасын, өндирисли структурасын ҳәм көлемин еркин турде белгилейди.

2. Шарўашылыққа қәнигелескен фермер хожалығы кеминде 30  шәртли бас шарўа малына ийе болыў керек.

3. Пахташылық ҳәм ғәллешиликке қәнийгелескен фермер хожалықларына ижара ушын берилетуғын жердиң ең аз муғдары-10 га, бағшылық, жүзимгершилик, ҳәм басқада егинлер жетистириў ушын 1 гектар.

4. Фермер  хожалығын жүритиў ушын пухараларға жер мийрас бойынша өтиў шәрти менен 10 жылдан 50 жылға шекемги мүддетке ижара бериледи.

5. Фермер хожалықлары жетистирген өнимли юридикалық ҳәм де физикалық тәреплерге еркин түрде хожалық шәртнамалары тийкарында реализация servicesлейди ҳәм алынған пайдадан мақсетке муўапық пайдаланады.

Егисли кмайданларлың көбейиў ҳәм ҳасылдарлықтың жылдан - жылға асыўы улыўма өним өндириў көлеминиң асыўына алып келеди.

Фермер хожалығын жүргизиў ушын айрым адамларға мийрас етип қалдырыў ҳуқықы бир өмир ийелик етиў, кеминде 10 жыл мүдеттке пайдаланыў ушын ямас ижара жер участкасына ижара ажыратылады. Дийхан хожалық өними өндириў мақсетинде қосымша  жер участкасын ижара алыў мүмкин.

Фермер хожалығын дүзиў ушын ажартылған жер участкасының көлеми ҳәр бир айрықша жағдайда жергиликли жағдайларды (жердиң өнимдарлылығы, суў менен тәмийинленгенлиги, суўғарыў усылы жәмәәт хожалығы ямаса мәмлекет хожалығындағы мийнетке жарамлы  ҳәр бир адам

жер менен орташа қандай дәрежеде тәмийинленгенлиги, жеке үй алды хожалығын жүргизиў, халықтың жасаў пүнктлерин кеңейтиў ҳәм басқада махсетлер ушын аўыл хожалық майданларына болған талапты ҳәм басқада жағдайларды), сондай - ақ дийхан хожалығы қанша адамнан туратуғынлығын есапқа алған түрде район ҳәкими тәрепинен белгиленеди.

7-Таблица.

**Фермер хожалықларына ажыратылған жер участкаларының көлеми**

| | Көрсеткишлер | өлшем бирлиги | 2006 | 2007 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Фермерлерге ажыратылған жер майданы соның ишинде | га | 35132 | 54268 |
| | Пахта | га | 9323 | 11737 |
| | Салы | га | 3477 | 8767 |
| | Овощ | га | 524 | 419 |
| | Басқада егинлер | га | 21808 | 33345 |
| 2 | Фермер хожалықларында ислеўшилердиң саны | адам | 6165 | 8117 |

Жер участкасылары дийхан хожалықларына әдетте коллектор - дәрамат тармақлары бар болған дала жоллары өткизилген майданлардан ажыратып берилди. Арза соралып атырған жер майданы қай жерде жайласқанлығы, оның көлеми, дийхан хожалығының қуралы көрсетиледи ҳәм аўыл хожалық өнимлерин жетистириўди шөлкемлестириўдиң бағдарламасы усынылады.

Фермер хожалығына ажыратылған жердиң шегаралары натураль түринде жер дизиўши хызметлер тәрепинен жергиликли бюджет ғәрежетлериниң есабына белгиленип қойылады. Фермер хожалығына кириў жолларын проектлеў ҳәм курыў жумыслары жергиликли бюджет ғәрежетлериниң есабынан иске асрылады, жерлерди мелиорациялаў жумыслары республикалық бюджет есабынан иске асырылады. Фермер хожалығының территориясындағы гидромелиорация шараятларын ремонтлаў, жумыслары ҳәм олардың тәмийинлениўи усы хожалық есабынан иске асырылады. Фермер хожалығының жерге ийелик етиў ҳәм жерден пайдаланыў ҳаққындағы ҳуқықы ҳәм ўазыйпалары Өзбекстан Республикасының жер ҳаққындағы нызамында белгиленип қойылады. Дийхан хожалығына берилген жер участкасының бөлистирилиўи мүмкин емес.

Фермер хожалығы мәлекетлик хожалықларды, кооперативлерден ҳәм жәмийетлик шөлкемлерден өзи ушын зәрүрли болған тутыныў затларын жәмийетлик, мәмлекетлик ҳәм басқада аўыл хожалық шөдкемлери ушын белгиленген тәрипте сатып алыўы мүмкин, сондай - ақ алмастырыўы, сатыўы, ижараға, кредитке мәмлекетлик хожалықлар менен теңдей болған техникалық, зоветеринариялық, илимий методикалық, автотранспортлық, қурылыс, жойбарлаў хызметлеринен пайдаланады.

Тадбиркор банктиң жергиликли бөлимлери жәмийетлик мәмлекетлик аўыл хожалық кәрханаларының кепиллиги астында фермер хожалықларына мал сатып алыўы ушын нақлай 500 мың сумға шекем қаржы береди. Фермер хожалықлары еки жыл даўамында дәрематтан алынатуғын салықтан азат етилди.

Фермер хожалықларын дүзиў ҳәм оның экономикалық нәтийжелилигин арттырыў ишки аўыл хожалық кооперативлери ҳәмде басқада шеттеги кәрханалар менен өз-ара  экономикалық қатнасықларды жетилистирилиўи менен тығыз байланыслы. Фермер хржалық еркин юридикалық тәреп болып, ол басқада юридикалық пенен өз-ара экономикалық қатнаслары жасайды. Қәлеген фермер хожалығының аўыл хожалығының басқада юридикалық тәреплери менен болған бундай экономикалық қатнасықларын жетилистириў - бул көп қырлы процесс болып, Өзбекстан Республикасының «Фермер хожалықлары ҳаққындағы, нызамы тийкарында алып барылады. Нызамды турмысқа енгизиў ушын, биринши гезекте ҳәр бир хожалықта, регионда, областта, фермер хожалығын дүзиўдиң мүмкиншилигин анықлаў, базар экономикасы жағдайындағы оның экономикалық механизимлерин ислеп шығарыў зәрүр.

Фермер хожалықларының, басқада юридикалық тәреплер менен өз-ара экономикалық қатнасықларын жетилистирилиўи төмендегише жүргизиледи.

1. Қарақалпақстан Республикасында фермер хожалықларын қәлиплестириўдиң өзине тәнлиги.

Қарақалпақстанда фермер хожалықларын дүзиўдиң өзине тән өзгешеликлери бар. Республиканың арқа районлары бай жер ресурсларына ийе. Халықтың жан басына, суўғарып егилетуғын жерлерде 1,7-2,0 гектардан туўры келетуғын болса, онда ҳәр бир семьяға 10 гектардан аслам жер туўра келеди. Қарақалпақстанның арқа районларындағы бундай жер ресурслары аўыл хожалықларының барлық тараўлары бойынша фермер хожалықларын дүзиў мүмкиншилигин береди.

Республикамыздың қубла районларында жан басына есаплағанда суўғарып егилетуғын жерлер жеткиликсиз дәрежеде. Қубла районларының айрым районларындағы халықтың тығызлығы Ферғана ойпатлығындағы көрсеткишлерге жақын келеди. Соның ушын «Фермер хожалықлары ҳаққындағы», нызамды турмысқа енгизиўде ҳәр бир районның, аўыл хожалық кооперативиниң өзгешеликлерин есапқа алыў керек.

2. Фермер хожалықларының жер йиелери менен өз-ара экономикалық қатнаслары ҳаққында.

Фермер хожалығы өзиниң ис ҳәрекетин, арендаға алған белгили бир муғдардағы жер участкасынан баслайды. Ол ҳәр бир жерден мүмкин болғанынша алынатуғын жоқары нәтийжелиликти алыў ушын талап етилетуғын басқада қаржыларды есаплап шығады. Бул басқышта ол жердиң ийеси менен яғный мәмлекетлик органның ўәкили менен өз-ара экономикалық қатнасты баслайды. Олар арасында қатнас жерден пайдаланғанлығы ушын арендалық төлем ямаса жер салығы екенлиги ҳаққында конкрет түрге ийе болады.

Фермер хожалығы ҳәм жер ийеси арасындағы аўыл хожалық өнимлерин сатыў ҳәм өндириў этапындағы қатнас, экономикалық қатнаслардың барлық түринде фундамент болады, яғныә фермер хожалығы жер ийеси менен ҳәр тәреплеме тийкарланған экономикалық қатнас жасай турып, фермер хожалығының нәтийжелигине ерисе алмайды.

Фермер хожалығының жерден пайдалыныўының экономикалық қатнасы, жер кадастрына тийкарланады, себеби бунда топырақтың

өнимдарлығы, оның суў менен тәмийинлеў дәрежеси, жер майданының көлеми, участканың жайласыў орны, аўыл халқының жер менен тәмийнлениўи дәрежеси көрсетилген болады. Усы көрсекишлерге тийкарланып ҳәр бир гектар жердиң қуны ҳәм баҳасы есаплап шығылады.

3. Фермер хожалықларының, өндирис орталығын жаратыўдағы өз-ара қатнасықлары.

Фермер юридикалық тәреп ретинде, өндирис орталығы жаратыў ушын тәмийинлеўшилер менен шәрнама дүзиўге ҳақылы. Егерде техника, запас блеклер, жанылғы майлаў материаллары, тузым, өнимдарлы малларға талап пайда болған жағдай да ол нақ  пулға сатып алады. Деген менен өндирис орталығын пайда етиўге ҳәр қандай фермерлердиң күши жете бермейди. Сонлықтан фермерлер өзиниң кооперативлеринен жәрдем сораўға мәжбүр. Бул жерде фермер, шәртнама тийкарында кооперативлик тәмийинлеў системасы менен өз-ара экономикалық қатнасқа түседи. Өзиниң кооперативлик тәмийинлеў  системасы менен өндирис  орталығын жатыўдағы төлем қәлеген түрде  натураль түрде ямаса келеси жылдағы өнимниң есабынан, ямаса нақлай болады. Фермерге өзиниң кооперативинен өндирис орталығыналыў ушын, төлеминиң қәлеген түринен пайдалыныў мүмкиншилигин жаратып бериў зәрүр.

Бундай төлемниң формаларын ҳәм фермер хожалықларының өз-ара қатнасықларын, аўыл хожалық техникаларын, запас бөлеклерди, минераль төгинлерди, жанылғы майлаў материалларын ҳәм тухымларды сатыўшы магазинлергеде енгизиў мақсетке муўапық болады.

4. Фермер хожалықларының аўыл хожалық өнимлерин өндириўдеги экономикалық  қатнасықлары.

Фермер хожалықларының юридикалық жақтан ғәрессизлиги, олардың технологиялық ғәрезсизлигин билдирмейди. Суўғарып егилетуғын дийханшылық шариятында ҳәм аўылдағы улыўма хожалықлық әҳмийеттеги инфраструктураның енгизилиўине байланыслы (каналлар, коллекторлар, жоллар, электор менен тәмийинлениўи), ҳәр бир фермер хожалығы

кооперативлердиң хызметине мүтаж болады ямаса басқа кәрханалар менен хызмет көрсетиў бойынша бирге ислесиўге болады.

Сонлықтанда фермер хожалығы, ҳәрекеттеги аўыл хожалық кәрханаларының рамкасында қәлиплеседи. Бул жағдай да ишки экономикалық қатнасықлар еки юридикалық тәреплердиң ўәкиллериниң қатнасында болады: бир тәрептен кәрхананың басшысы, екинши тәрептен фермер хожалығының басшысы, бирақ еки тәреп ҳәм ғәрезсиз юридикалық тәреп ретинде басқа тәрептиң финанс нәтийжелерине жуўап берместен өз еркинше ҳәрекет етеди. Ҳәр бир тәреп өзлериниң шәртнамадағы ўазыйпаларын орынлаўы шәрт, орынламай қалған жағдайда, айыпкер тәреп тийисли штрафын төлейди, ямаса екинши тәрептиң көрген зиянын қаплайды. Бундай қатаң ишки экономикалық қатнаслар фермер хожалықлары бирлеспелери ушын характерли.

Кооперативлик басқаша ҳәм фермер хожалығы арасындағы өз-ара экономикалық қатнас төлемли тийкарға иске асырылады. Фермер хожалығы кооперативлик хызмет структурасына көрсетилген хызметлер ушын ҳәм жәмийетлик әҳмийеттеги объектлерден пайдаланғанлығы ушын (каналлар, коллекторлар, холлар, газ ҳәм электор минераллары), төлеўи ушын шәрт. Буннан басқа, фермер хожалығы ғәрезсиз хожалық объекти сыпатында суўдан пайдаланғанлығы басқада тәбийғый ресурслар ушында пул төлеўлери шәрт. Фермер хожалығы, өзниң қәлеўи бойынша бундай төлемлерди өзиниң аўыл хожалық кооператив арқалыда төлеўге болады.

«Фермер хожалықлары ҳаққындағы» нызам бойынша, фермер өндирилген өниминиң толық ийеси болып есапланады. Ол өзиниң өнимин қәлеген таярлаў шөлкемлерине тапсырыўға, базарда сатыўға яки өзиниң кооперативине базар баҳасында сатыўына ҳақылы. Реализация ислеўдеги экономикалық қатнасықлар, базар экономикасының нызамларына толық бағынышлы болады. Фермердиң өндирислик ҳәрекетиниң жуўмағы оның товарының сапасына ҳәм баҳасына байланыслы.

Өнимди жетистириўге жумсалған, фермердиң жеке шығынлары менен оның базар баҳасы арасындағы айырмашылық өндиристиң рентабеллигин белгилейди. Егерде фермердиң өндириске ҳәмде өнимде реализациялаўға жумсалған шығынлары өниминиң базар баҳасына аз болады. Онда фермер өзиниң өндирисин раўажландырыўға мүмкиншилик табады.

Өнимди өндириўге ҳәм оны реализациялаўға тек ғана туўрыдан-туўры шығынлар емес, ал салық ҳәм басқада мәжбүрий төлемлер киреди.

Өнимди реализациялаўдан келип түскен қаржылар төмендеги статьялар бойынша бөлистириледи: өндирислик шығынларды қаплаўға, банк кредитлерин төлеўге, улыўма мәмлекетлик ҳәм жергиликли салықларды төлеўге, жоқарғы органларға төлемлер ҳәм тағы басқалар.

## 3.2. Елимиз экономикасын реформаластырыў, еркинлестириў ҳәм модернизациялаў процесслери

Аўыл хожалыгын реформаластырыў, реформаларды тереңлестириў машқалаларыны көрип шыгыў аўыр мәселе. Бул хаққында Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың анық көрсетпелери бар. Президентимиз айтқанындай «Реформалар басланғанға шекем жүзеге келген экономикалық жағдайды ҳәр тареплее анализлемей, тереҳ экономикалык, социаллық крезиске алып келген себеплерди, хожалық системасындағы бас кешиў лазым болған иллетлерди анықламай турып, жәмийеттиң сыпат тәрепинен жаңа жағдайына өтип болмайды»

Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстанның ажыралмас административлик-жергиликти қурамлы бөлеги болып, бурынғы соват дүзими дәўиринде оның да социаллық-экономикалық раўажланыўы сол системаның орайласкан басқарыў, режелестириў ҳәм материаллық-техникалық тәмийнатына тийкарланған административлик-бүўрықпазлиқ усыл ҳәм принциплерге муўапық шөлкемлестирилген. Алдынғы дүзим ҳүким сүре баслаған пайтдан баслап Өзбекстанның социаллық-экономикалық раўажланыўына сәйкес болған қәсийетлери Қарақалпақстан Республикасына

да тийисли болған. Яғный олар сол дәўирдеги ҳукиметтиң шийки зат базасына айландырылған ҳәм бул регионда усыған тийкар аграр-экономикалық сиясат алып барылган. Лекин Қарақалпақстанның өзине тән болған қәсийетлери инабатқа алынбаған ҳәм республика аўыл хожалығының қурамлы тармақлары, оларды жайластырыў ҳәм қәнийгелестириў маселелери тиккелей «орай»да шешилген ҳәм аграр сектордың раўажланыўына мәлим дәрежеде кери тәсир көрсетген.

Ҳәзирги күнде ҳеш бир мәмлекетте таза, сап базар болмай, олардың барлығында экономика азба- көппе мәмлекет тәрепинен тәртипке салынды. Егер экономика мәмлекет тәрепинен тәртипке салынбайды екен, ислеп шығарыў саласында әлбетте, кризис жағдайлары пайда болады. Ҳәзирги күнде раўажланған базар хожалықларында мәмлекеттиң анаў ямаса мынаў дәрежеде экономикаға араласыўы пайда болды. Лекин барлық раўажланған мәмлекетлерде де мәмлекеттиң экономикаға араласыўы бир формада емес, мәселен, Швеция, Финляндия сыяқлы мәмлекетлерде елиниң экономикасына араласыўы кең көлемде болып, бул тийкарынан сиясий салада тийисли жаңа сиясий демократизм сиясаты. Англия, Италияда болса елимиз мәмлекет экономикасына да аралысады.

Базар экономикасының тийкары товар ислеп шығарыўшылардың қай дәрежеде еркинлиги менен белгиленеди. Егер товар ислеп шығарыўшылар жүдә Еркин болыўына, базар қатнасықлары раўажланған болады ҳәм усы менен кризиске алып келиўи мүмкин. Мәселен, АҚШда аўыл хожалығының раўажланыўына мәмлекет үш усылда: нызам жолы менен, буйрықпазлық жолы менен, экономикалық жол менен араласады. Соныда атап өтиў керек, егер экономиканы нәтийжели экономикаға айландырмақшы болсаң, базар шараятында да оны тәртипке салыў әлбетте лазым болады.

Алдыңғы мәмлекетлер тәжирийбесинде қолланған ҳәм бүгинги күнде де қолланылатуғын базар экономикасын тәртипке салыўдың түрли жоллары бар.

Сонны да айтып өтиў керек, бул мәмлекетлерде қолланылатуғын усыллар бизиң шараятта туўры келмеслиги мүмкин. Усы мәмлекетлерде экономиканы тәртипке салыў жумыслары инглис экономисти Ж.Кейнс тәрепинен жаратылған арнаўлы циклларға қарсы сиясаттан басланған еди. Бул сиясаттың тийкары миллий пул дәраматларын жаратыў ушын мөлшерленген модел. Бул моделдиң кемшилиги соннан ибарат ол реал салық стапкасын өзгертиў бул сиясаттың әҳмийетин шөлкемлестиреди. Салық ставкасын өзгертип мүтәжликлерди кеңейтириў ҳәм кемейттириўге ерисиў мүмкин.

АҚШ тың атақлы алымы Ж.Фридманның теориясы бойынша мәмлекет тәрепинен экономиканы тәртипке салыў ушын пул массасының өсиў пәтлерин ҳәмме ўақыт бир формада сақлаў лазым. Сондай-ақ ҳәзирги күнде базар экономикасы раўажланған мәмлекетлер салықлар, кредит, валюта сиясаты, баҳаларын тексериў, инвестицион нызамшылық, режелестириў, дәстүрлестириў ҳәм басқа (норматив) буйрықпазлық арқалы тәртипке салынбақта.

Салықлар арқалы тәртипке салыў соған тийкарланған: қандайда өнимди көбирек ислеп шығарыў лазым болса, усы өним ислеп шығарыўшыларға кемирек салық салады, егер усы өнимди кемирек ислеп шығарыў лазым болса, көбирек салық салынады. Кредит арқалы болса ислеп шығарыўшыларға кредит бериў муғдарын яки көбейттириў, процентин өзгерттириў нәтийжесинде тәсир көрсетеди.

Базар экономикасын тәртипке салыўда баҳалар әсиресе, үлкен орын тутады. Мәмлекет тәрепинен алып барылып атырған баҳа стясатына қарап системалы түрде экономиканы басқарыў мүмкин. Буннан тысқары ҳәзирги күнде алдыңғы мәмлекетлерде экономиканы басқарыўда дәстүрлестириў усылынан кең пайдаланбақта. Бул жерде сонны айтып өтиў керек, экономиканы басқарыўда мүлк формаларының ҳәр түрлилиги үлкен роль ойнайды. Мәселен, АҚШ та жаратылған миллий өнимниң 40% ти, капитал қурылыстың 25% и мәмлекет секторына туўры келеди ҳәм базардың

өзгериўине қарап усы қатнас өзгертирилип турады. Соның ушында базар экономикасында өтиў шараятында бизиң алдымызда тутқан турған әҳмийетли ўазыйпаларының бири мүлктиң қанша бөлимин меншиклестириўди жоқарғы дәрежеде анықлаўдан ибарат болып табылады.

Ҳәзирги күнде барлық раўажланған мәмлекетлерде базарды тәртипке салыўшы қурал сыпатында режелестириў ҳәм дәстүрлестириўден кең пайдаланылмақта. Бизде базар экономикасын тәртипке салыўды режелестириўден системалы түрде пайдаланыўымыз лазым.

Себеби бизде усы ўақытқа дейинде режелестириў бар еди. Енди экономиканы тәртипке салыўда режелестириўдиң әҳмийетин пүтинлей өзгерттириў көзде тутылмақта, яғный директив (кескин) режелер орнын индуктив режелер ийелеўи мүмкин. Бунын мәниси сол, ендиликте орайласқан қатты режелестирия орнына усыныс режелер ислеп шығарылады. Бул режелер ислеп шығарыўды, тутыныўдың раўажланыўын ең системалы жолларын өзинде қамтыйды. Биринши гезекте, сондай режелер бир жыл мүддетке дүзилиўи көзде тутылмақта. Кәрханалар қалесе усы реже тийкарында исин даўам етеди, егер қәлемесе көпшилик ҳалларда өзлери билгенинше ис жүргизеди. Бул әдетте, жеке сектордағы кәрханалар ушын сондай болады. Мәмлекетлик кәрханалары болса мәмлекет тәрепинен, орайдан тутылған режелер бойынша ис жүргизеди. Кейиншелик болса 10-15 жылға мөлшерленген усыныс режелер ислеп шығарыў көзде тутылмақта.

Сондай етип, биз жуўмақ шығарыўымыз мүмкин, базар экономикасына өтер екенбиз, базарды тәртипке салыў жолларының ең әҳмийетлисин таңлап алып, ислеп шығарыўды, базарды тәртипке салыўда олардан пайдаланыўымыз лазым.

Басқарылатуғын базар экономикасы жоқары нәтийжели мийнет өнимдарлығын жетилискенликлерине сүйненеди. Раўажланған мәмлекетлер тәжирийбеси сонны көрсетеди, базар механизмисиз жоқары нәтийжели экономикада жоқ.

Экономикалық реформалар әҳмийетин тереӊ анализ етиў, олардыӊ турмыс зарүрлигин анық ҳәм аӊлап алыў лазым. Республикадағы ҳәр бир басшы, хызметкер, алдыӊғы пикирлеўши адам реформалар идеясы менен жасаўы керек.

Бул ҳаққында бүгинги күнде республикамыз экономикасы алдында турған еӊ әҳмийетли мәселелер төмендегилерден ибарат:

-мәмлекет ийгилигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў жолы, жаӊа пайда болатуғын мәмлекетлик емес яғный ислеп шығарыў хызмети менен шуғылланатуғын ҳәм халыққа хызмет көрсететуғын жеке, акционерлик, жәмәәтлик ҳәм басқа кәрханаларды қоллап-қуўатлаў менен аралас көп тармақлы экономиканы қалиплестириў;

-баҳаларды басқышпа-басқыш еркинлестириў, монополияға қарсы қатты сиясат өткериў; мәмлекет кәрханалар хызметин Коммерциялықластырыў есабына бәлки орталығын пайда етиў;

-тиккелей хожалық байланысларын ҳәр тәреплеме раўажландырыў товарлар, қаржы, иш күши ҳәм басқа базарларды қалиплестириў барысында илажларды әмелге асырыў, базар инфрасистемасын пайда етиў, базар шараятында ислей алатуғын кадрларды таярлаў.

Экономикалық дәстүрдиӊ стратегиялық ўазыйпасы экономикамыздыӊ қурамын қайта қурыў, яғный экономиканыӊ бир тәреплеме-шийки зат қаратылғанлығын қатаӊ сапластырыў, ишки сиясатты еӊ әҳмийетли артықмаш бағдары болып табылады. Стратегиялық тәрептен өсиўге ерисиў ушын ислеп шығарыў қурамын өзгерттириў зәрүр. Ҳақыйқатында бир неше он жыллар даўамында республика экономикасы орайдан басқарылатуғын айрықша халық хожалық қурамыныӊ состав бөлими еди. Орай қабыл ететуғын көп ғана қарарлар Өзбекстанныӊ мәплеринен (қашық) алыс еди. Демек, чор империясы дәўиринде-ақ, республика шийки зат ушын стратегиялық база еди. Ол таяр өним сатылатуғын қолай базарға айланып қалған еди. Республика үлкен тәбийий байлықлардан пайдаланған ҳалда дәраматлар оныӊ территориясынан алыста қалып қояр еди.

Республикамыз еркин мәмлекет өз экономикасын реформа етиў ҳәм жаңалаўдан тийкарғы мақсет буйрықпазлық-административлик системасының аўыр ақыбетлерин жеңиў, кризиске шыдам бериў, экономиканы еркинлестириў, Республиканың өзине тән шараятлары ҳәм өзгешеликлеринен есапқа алған ҳалда, базар қатнасықларының қәлиплесиўинен ибарат деп белгиленген.

Өзбекстанда бул ўазыйпалардан гөзленген мақсет мәмлекет халқы ушын жасаў ҳәм хызмет көрсетиўге зәрүр шараятлар жаратыў олардың руўхын, ақлый жетискенликлерине ерисиў, экономикалық, сиясий турақлылықты тәмийинлеўден ибарат, «реформа, реформа ушын емес бәлки реформа инсан ушын оның мәплерине» хызмет етиў керек деген ҳалда өткизилетуғын реформалардың түп мақсетин белгилеп береди.

Ғәрезсизликтиң 19 жыл даўамында экономиканы барлық тармақларында сезилерли өсиўине ерисилди. Усы жылларда ислеп шығарыўдың пәсейиўине шеек қойылды. 1998-жылдан баслап ишки миллий өнимди өсиў пәтлери халықтың көбейиў пәтлеринен жоқары пәтлеринен жоқары болды. 2000-2003 жылларда жылына орташа 4,5% тип айда еткен болса, 2004-2008 жылларда болса 7% тен артық болды.

4-таблицадан көринип турғанындай, 2008-жылда жалпы ишки өним көлеми 7,3% ке өсти. Усы дәўирде ислеп шығарыўдың көлеми санаатда 10,8, аўыл хожалық өнимлери ислеп шығарыў 6,2% ке көтерилди, тийкарғы капиталға инвестициялар енгизиў 15,4%, қурылыс-монтажлаў жумыслары 12,8% ке, хызмет көрсетиў 19,5% ке өскени экономикалық раўажланыўдың тийкарғы бағдары болды. Мәмлекет бюджети 93 миллиард сом еки жалпы ишки өнимге қарағанда 0,5% профицит пенен орынланды. Алып барылған ақша-кредит сиясаты ҳәм пул қатнасының үзликсиз түрде қадағалаў болыўы монетар көрсеткишлериниң тураклы дәрежесин тәмийинлеў нәтийжесинде миллий валюта сум қадирсизлениўи-инфляция пәтлерин пәсейттириў ҳәм оны 6,8% ке қысқартыў имканиятын береди.

Бул көрсеткишлерден сондай жуўмақ етиў мүмкинки, 2008-жылда мәмлекет социаль экономикалық турмыста салмақлы жетискенликлер, белгиленген артықмаш бағдарлардан келип шығыўшы ўазыйпалар әмелге асырыўда жоқары нәтийже ҳәм сезилерли өзгерислер жүз берип, оны Президентимиз өзиниң «мәмлекетимиз раўажланыўы ҳәм халқымыздың турмыс дәрежеси көтериў-барлық демократик жаңаланыў ҳәм экономикалық реформалардың алдыңғы мақсети» деген атамадағы китабында сондай тәрийипленеди. «Халық-аралық валюта жамғармасының экономикамыздың өткен жылғы раўажланыў жуўмақлары бойынша берген баҳалары яғный жалпы ишки өнимниң жоқары өсиў пәтлери ҳәм микроэкономикалық раўажланыў нәтийжелери алтын-валюта запасларының өсиўи ҳәм төлеў балансының турақлылығын тәмийинлейтуғын экспорт көлеминиң ҳеш көрилмеген дәрежеде көбейип барыўы бәршемизди қуўандырады».

Өзбекстанда жалпы ишки өнимниң жоқары пәт пенен өсиўи айырым раўажланған мәмлекетлердеги сыяқлы шийки зат тармақлары есабынан емес жәҳән базарындағы қолай коньюктура ҳәм айырым шийки зат түрлери ҳәм материаллар баҳасының көтерилиўи есабынан емес, бәлки әсиресе ең алды менен бәсекиге шыдамлылы таяр өнимлер ислеп шығарыў ҳәмде заманагөй хызмет көрсетиў салаларын үстин раўажланыўын белгилеп бериўши ашық қурам өзгерислер ҳәм ислеп шығарыў нәтийжелигин асырыў есабына тәмийинленди деп атап көрсетти Президентимиз.

2008-жылда санааттың жалпы ишки өнимдеги үлеси 2000-жылдағы 14,2% орнына 22,1% ти, хызмет көрсетиў тараўының үлесин 30% тен 39,5% ке көтерилди. Усы жылларда аўыл хожалық өнимлериниң жалпы ишки өнимдеги үлеси кемейип 32% тен 24% ке түсти. Бул өз гезегинде республикамыздың аўыл хожалық, шийки зат жеткерип бериўши аграр республикадан санааты раўажланған индустриал мәмлекетке айланып баратырғанынан дәрек береди. Өзбекстан 1991-жылға қарағанда жалпы ишки өнимдеги үлеси бойынша раўажланған мәмлекетлер ишиндеги жетекши орынлардың бирин ийелейди.

Таблицадан көринип турғанындай 2005 жылда республикамызда жалпы ишки өнимниң өсиў дәрежеси 1990 жылға қарағанда ЕМӨ мәмлекетлердеги ишинде орташа дәрежесинен 37,7% жоқары болған, 1990 жыл 1995 жылларда жалпы ишки өнимдеги кемейиў дәрежеси Өзбекстанда 18,3% ти қураған болса, усы дәўирде жалпы ишки өним Грузияда 3,5 есе, Тәжикстанда 2,5 есе, Украинада 2,2 есе, Молдавада 2 есе, Әзербайжанда болса 2,4 есе кемейген.

Соны айырыкша атап өтиў керек мәмлекетимиздиң социаллық-экономикалық раўажланыўында бундай жетискенликлер өз өзинен ҳәм аңсатлық пенен қолға киргизилген жоқ. бәлки бул жетискенликлер басында журтбасымыз басшылығында ҳәр тәреплеме ойлап ислеп шығарған ҳәм әмелге  асырылып атырған социал экономкиалық сиясаттың жәҳаәде «Өзбек модели» деп аталған экономикалық реформалардың анық стратегиясын ислеп шықканлығы, соның менен бирге мийнет сүйгиш, дөретиўши халқымыздың шексиз мийнетлери  болады. Бундай үлкен нәтийжелерди қолға киргизиў аңсат емеслиги жалпы ишки өнимдеги көлеминиң 1991 жылдағы дәрежесине ерисиў Республикамызда 2001-жылдаяқ тәмийинленген болса ҒМДА еллериниң ярымынан артығыда ҳәзирше  тәмийинленген  емес. Таблицадан келтирилген мағлыўматлардан көриў мүмкин, Молдава 1991 жылғы дәрежеси 53,6% ти, Тәжикстанда 71,0% ти, Грузия 52,9% ти Украинада 64,1% ти, Қырғызстанда 89,2% ти ғана тәмийинленген. Соның ушын да журтбасымыз өзиниң «Мәмлекетимиз раўажланыўы ҳәм халқымыздың турмыс дәрежесин көтериў-барлық демократик жаңаланыў ҳәм экономикалық реформаларымыздың алдыңғы мақсети» деп аталған асарында «Өткен жылда ерисилген әне сондай өсиў пәтлери ҳәм микроэкономика көрсеткишлер жәмийетимиздиң барлық тараўларынан түптен реформа етиў ҳәм  жаңалаў бойынша әмелге асырылған көп жыллық машақатлы ҳәм қурамалы жумысларының мантиқий дәрежеси, экономиканы изшил ири турақлы раўажландырыўдың әмелий көриниси болды деп атап өткен еди.

Бул пикирдиң жуўмағы соннан ибарат болады 2008-жылда экономиканың өсиўи салыстырмалы баҳаларда 2000-жылға қарағанда 45% қурады, санаат өнимлерин ислеп шығарыў 1,6 (есе мәрте, аўыл хожалығы 1,5 есе, сыртқы саўда айланысы 1,7 мәрте, экспорт көлеми 1,9 мәртеден, алтын-валюта запасы 3,7 есе, реал ис ҳақы 4 мәртебе, инфляцияның жыллық дәрежеси 4 мәртебеден зыят пәсейди, ислеп шығарыў өнимдарлығының өсиў нәтийжесинде санаатта мийнет өнимдарлығы 1,7 мәртебе асқан.

Жанылғы-энергетик мажмуасы ҳәм реңли металлургия тармақлары жоқары пәт пенен өсти. 2008-жылда энергетика тараўларын раўажландырыў, реконструкция модернизация етиў ушын ғана 250 млн. АҚШ доллары көлеминдеги шет ел қаржылары сарыпланды.

2008- жылда өсиў пәти машинасазлық ҳәм металды қайта ислеў санаатында 25,7% ти, химия ҳәм нефт химия санаатында 19,6% ти, азық аўқат санаатында 28% ти, жеңил санаатда 20% ти, ағашты қайта ислеў ҳәм металл санаатында 18% ти, қурыылыс материаллары санаатында 12,8% ти қураған еди.

Жер ресурсы аўыл хожалық өндирисиниң тийкарғы қуралы болып, оның нәтийжелилиги, өсиў темплери, жерден ақылға муўапық пайдаланыў, оны жақсылаў, қорғаў бойынша илжлардың көлеми бүгинги күнде көбирек усы ресурстан пайдаланыў жумысына байланыслы болып бармақта. Усы ресурстың тийкарғы элементи топырақ болып табылады.

Топырақ жер қабығының жоқары жуқа қатламы есапланады, атмосфера, суў, ҳайўанат ҳәм өсимлик дүньясының өз-ара тәсири нәтийжесинде жүзеге келеди. Өз нәўбетинде топырақ адамларды, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясын азықлық пенен тәмийинлесе де, ҳәр бир мәмлекеттиң стратегиялық тәбийий ресурсы есапланып, социаллық-экономикалық раўажланыў базасы болып есапланады. Ислеў берилетуғын жерлер инсанды 88%, тәбийий отлақ 10%, дүнья океаны ресурслары 2% энергия менен тәмийинлейди. 20-25 см қалыңлықта ширindиге бай, өнимдар топырақты пайда етиў ушын 2-7 мың жыл талап етилсе, оның нәтийжелигиниң түсиўи,

яғный эррозияға ушыраўы 10-30 жылға тең есапланады. Хожалықларда ақыл менен өндиристиң жолға қойылмаўы тийкарында бүгинги күнде жер ресурсларынан пайдаланыў нәтийжелигин жылдан-жылға пәсейип бармақта. Суў эррозиясы себепли аўыл хожалық егинлери зүрәәтлиги бир неше есе пәсейип бармақта. Күшсиз жуўылған жерлерде зүрәәтлилик 10-15, орта дәрежеде жуўылған жерлерде 15-40, күшли жуўылған жерлерде 50-75% пәсейди.

Жер шарының сыртқы жағының қурғақлық  майданы млрд. гектарға тең болсада, инсанның хожалық жумысы себепли жылына 15 млн. гектар жер пайдаланыўдан шығып бармақта. Солай екен, санаат объектлери ҳәм қалалар қурылысы ушын шама менен 8 млн. гектар, эрозия нәтийжесинде 3 млн. гектар, инсан тәрепинен зәҳәрлениўи нәтийжесинде 2 млн. гектар, суў басыўы, шорланыў ақыбетинен болса 2 млн. гектар жерлер өндирислик пайдаланыўдан шығып бармақта.

Республикада суўғарылатуғын жерлер майданы шегараланған, себеби жаңа жерлерди өзлестириў ушын суў ресурслары қыт болып бармақта. Республикада жәми суўғарыў ушын 18,7 млн. гектар жер жарамлы болып оның тек ғана 4,2 млн. гектары аўыл хожалық пайдаланылыўына киритилген. Биз бир ҳәм дәслепки (экономланған) үнемленген суў ресурслары есабына шама менен 0,7 млн. гектар жаңа жер өзлестириў имкәниятына ийемиз. Сонда барлық суўгарылатуғын жерлер майданы 4,9 млн. гектарға жетеди. Ҳәзирде эгат аралап суўғарыў усылын заманагөй суўғарыў технологиясы менен адымба-адым алмастырып барыў менен талай суў ресурсларын үнемлеп қалыў мүмкин. Бирақ бул процесс үлкен капитал сарпланатуғын қәрежетлерди талап етеди.

Суўғарылатуғын жерлердиң коллектр-дренаж тармақларына болған мүтәжлик бөлеги 3,3 млн. гектарды пайда етеди, әмелде олардың 85% ти коллектор-дренаж тармақлары менен тәмийинленген. Соннан 2,4 млн. гектары жатық ҳәм 0,4 млн. гектары тик коллектор-дренаж менен тәмийинленген. Жаўық, жатық  коллектор-дренаж 581 мың гектарда бар.

Эконмикасы шараятында суўғарылатуғын жердиң ирригация ҳәм мелиорация системаларын басқарыў тәуирақ қурамалы болмақта. Себеби, оларды ҳәр жылы оңлаў, тазалаў, бузылған яки истен шыққан бөлеклерди тазалары менен алмастырыў керек, техника қуралы, электроэнергия, нефть өнимлери зәрүр.

Өзбекстан Республикасы жер ресурслары мәмлекетлик комплексиниң мағлыўматларына қарағанда, суўғарылатуғын жерлер сыпаты жерлер сыпаты бойынша төмендегише бөлистирилген: сыпаты жаман жерлер 0,3%, орташадан пәс жерлер 24,3%, орташа жерлер 45,5%, жақсы жерлер 27,2%, ең жақсы жерлер 2,9%.

Жерлердиң шекленгенлиги ҳәм өзиниң сыпат қурамы пәсейип баратырғанлығы менен байланыслы болған экологиялық қәуип-қәтер үлкен машқалаға айланбақта. Топыраққа ислеў бериў, агротехника талапларына әмел қылмаў жерлердиң шорланыўына, төгинлер ҳәм пестицидлер болса патасланыўына, шириндиниң кемейиўине, эррозияның күшейиўине ҳәм басқа көплеп унамсыз ақыбетлерге алып келди. Жерлердиң истен шығыўына суўғарыў ҳәм коллектор ҳәм дренаж системасының гөнериўи ҳәм жетерли дәрежеде регионланбағанлығы, суўғарыў техникасының қалақлығы ҳәм суўдан пайдаланыўда исрапкершиликке жол қойылыўы да себеп болды.

Топырақтың шорланыў ҳәм патасланыўы, топырақ эррозиясы, жайлаўлар дегрессиясы сыяқлы антропоген тәсирге байланыслы процесслер кең тарқалған ҳәм олар үлкен зыян жеткермекте.

Ҳәзирги ўақытта республикада шорланған жерлер суўғарылатуғын жерлер түрлериниң улыўма майданынан 46% тин, атап айтқанда күшсиз шорланғанлары 25%, орташа шорланғанлары 15% ҳәм күшли шорланғанлары 6% тен артықрағын пайда етеди. Кейинги он жыл ишинде суўғарылатуғын жерлерде шорланыў 120 мың гектарға, атап айтқанда, күшли шорланыў 43 мың гектарға асқан. Топырақ эррозиясының барлық түрлери барлық аймақларда кең тарқалған. Эррозиядан Бухара, Наўайы, Қашқадәрья, Ферғана ўәлаятлары, Қарақалпақстан Республикасының 65% нен 98% не

шекем аўыл хожалық егинзарлары зыян көрмекте. 70% тен көбирек жайлаў жарамсыз  жағдайға келип қалған, яғный үштен бири жоқары дәрежеде зыянланған.

Жерлердиң жарамсыз жағдайға түсиўи ҳәм сыпаты жаманласыўы машқаласын түптен шешиў ушын барлық жер роесурсларынан пайдаланыўшылар төмендеги иләжларды әмелге асырыўы керек:

-дийханшылықтың улыўма мәдениятын асырыў бунда эррозияға қарсы агротехникалық, шөлкемлестриўшилик хожалық, тоғай-мелиоративлик, гидротехника иләжларын барлық жерлерде, орынларда кең көлемде әмелге асырыў. Егинлер түри ҳәм  асортиментин көбейттириўге, алмаслап егиўге өтиў жоңышқазарлық ҳәм басқа отзарларды кеңейтириў, жасаў орталығын саўалландырыў, топырақ өнимдарлығын сақлап қалыў ҳәм асырыўда әҳмийетли экологиялық роль ойнайды;

-суўғарыў ҳәм коллектор-дренаж системасын пүткиллей қайта ремонтлаў, шор басқан жерлердиң мелиоративлик жағдайын жақсылаў, жетилистирилген коллектор ҳәм дренаж системаларын тиклеў;

-жайлаўлар дегрессиясының алдын алыў ҳәм жайлаўлардан пайдаланыў әмелиятын жақсылаў, жайлаў айланбасы талапларына қатаң әмел қылыў.

Деградацияның алдын алыў көп тәрептен путазарларды жүзеге келтириў, барларын сақлап қалыўға байланыслы. Суўғарылатуғын ҳәм тәбиййий ҳалда суў ишетуғын жерлерде мәлим қашықлықларда, 200 метрден 350 метрге шекем ҳәм оннан көп еки яки төрт қатарлы терекликлер аймақларын пайда етиў самал күшин әдеўир пәсейтиреди. Соныңдай-ақ, суўғарылатуғын жерлердиң камбағалласыўын тоқтатыў ҳәм олардың жуўапкершилигин асырыў ушын жоңышқа ҳәм масақлы егинлерди белгили реже тийкарында алмаслап егиўге ерисиўимиз лазым. Топырақларды бонитетлеў, жер кадастрин ислеп шығарыў ҳәм оларға әмел қылыў мол зүрәәт алыўға тийкар болады.

Республикада экономикасында аўыл хожалығының өз алдына орын тутыўын есапқа алып, аўыл хожалығында барылып атырған экононикалық реформаларды сыпат тәрепинен жаңа басқышқа көтериў, республиканың экспорт потенциялын беккемлеў ҳәм импорт орнын басыўшы аўыл хожалық өндирислерди дүзиўи экспорттың шийки затқа бағдарланғанлығын сапластырыўда, бүгинги күнде кең шеңберде түрленип баратырған дийхан ҳәм фермер хожалықлары роли үлкен болып табылады. Аўыл хожалығы экономикасы жумысының тийкарын дүзиўши дийхан ҳәм фермер хожалықлары жер ресурсы менен байланыслы машқалаларға итибарларды күшли дәрежеде қаратса ҳәм бар болған машқалаларды әмелий сапластырса, республикамыз ҳәм оның регионлары экономикасы жәнеде беккемленип барған болар еди.

Бул иләжлар комплекси республикада жер ресурслары көлемин зыянланыўдан, шорланыў ҳәм жер асты суўлар жеткеретуғын қәуипли тәсирден қорғаўға ҳәм топырақ тәбият тең салмақлығын тиклеўге имкән береди. Сол себептен усы иләжлар комплексин әмелге асырыўға өз алдына итибар бериў лазым.

## 3.3. Базар қатнасықлары жағдайында аўыл хожалығын реформаластырыўдың зәрүрлиги ҳәм әҳмийети

Мәмлекеттиң социаллық-экономикалық раўажланыўы темпи 70-жыллардың басларында итибары пәсейген. Бул дәўирге «туўры жыллар» деп ат берилип, бул жағдайдан шығыў мақсетинде экономиканы қайта қурыў сиясаты дағазаланды. Хожалық жүритиў ҳәм оның экономикалық механизмлерин жетилистириў барысында қатар иләжлар ислеп шығылып, әмлге асырыла басланды. Лекин олар унамлы нәтийжелерге алып келмеди, себеби аграр секторын басқарыўда шешилмеген машқалалар ҳәм жол қойылған қәте кемшиликлер бар болып, олардың тийкарлары, бизиң пикиримизше, төмендегилерден ибарат еди:

- әмелге асырылған иләжларға қарамастан аграр секторды басқарыў системасы ҳәм усыллар заман талапларына жуўап бермейтуғын еди. Себеби ҳәдден зыян өрайластырылган административлик басқарыў системасы социаллық раўажланыўды тәртипке салыўда жеке басшылық, бирден-бир тиккелей болып қалабереди, бәсеке орталығы раўажланбады;

- жәмийеттиң раўажланыўында мәмлекет, кәрхана, шөлкем ҳәм жәмийет ағзаларының мәплери ҳәр қыйлы болып, бул мәплери бир-бири менен байланыслы ҳалда итибарға алынбады, инсан факторы ҳәм оның қызығыўшылығы ҳәм ықтыяжларын қандырыў мәселелерине ең кийинги орында қаралды;

- социаллық өндирис, регион ҳәм өндирис тармақларының ықтыяжлары, мәплери бир-бири менен байланыслы рәўиште әмелге асырылмады;

- социаллық өндиристи раўажландырыў тийкарынан экстенсив жол менен әмелге асырылып, пән-техника раўажланыў раўжландырыўда тийкарғы қурал предметине айландырылмады, яғный технология техника яки алдығы тәжрийбелерди ислеп шығарыўға нәтийжели қошаметлеўди механизмлер жаратылмады;

- аграр секторын басқарыў, кәрхана ҳәм шөлкемлерге басшылық етиўде қабыл етилген усыллардан тек рәсмийетшилик көлеминдеги усыллардан формал рәўиште пайдаланылды. Мәселен, хожалық есабы механизминен формал пайдаланылды ҳәм оның принциплерине толық әмел қылынбады;

- кәрхана ҳәм шөлкемлер улыўма шөлкемлик-экономикалық өндириси мәселеринде Еркин ҳәм ғарезсизликке ийе болмағанлар. Олардың исшилери өндирис предметлери, мийнет нәтийжелери, ислеп шығарылған өним ҳәм алынған дәраматларға салыстырмалы мүлкдарлық ҳисси ҳәм ҳуқықлары дерлик болмаган;

- социаллық өндиристи шөлкемлестириў ҳәм оны раўажландырыўда шет ел мәмлекетлериниң экономикасын раўажландырыўдың менеджмент ҳәм маркетинг усыл ҳәм тәжрийбелеринен пайдаланылмаған;

- экономикалық реформалар комплекс рәуишинде тийкарланбаған ҳалда қабыл етилип, ақырына шекем әмелге асырылмаған. мәселен, 1965 жылда қабыл етилген экономикалық реформалар 1966-1970 жылларда жақсы нәтийжелер Берген болсада, лекин олар келеси тийкарғы субъектив себеплерге көре нәтийжели даўам еттирилмеди.;

- жәмийет ағзалары, тиккелей товар ислеп шығарыўшылары мәмлекет мүлки есапланған өндирис предметлери ҳәм жәмәәт ағзалары мийнет нәтийжеси болған ақырғы нәтийжелерден ғәрезсиз ҳәм еркин пайдаланыў ҳуқықлардан пайдаланыўға рухсат етилген. Қысқаша етип айтканда ҳәр қандай жәмийет келешегин белгилеўши ҳәм ҳәрекетке келтириўши инсан факторы дерлик итибарға алынбады ҳәм олардың мүлк ҳақ-ҳуқықлары бийкар етилди.

Базар ҳәм базар қатнасықлары барлық инсаният қәдирятларының инъекоси болып, олар социаллық ислеп шығарыўдың бир анық басқышына емес, оның көп басқышларына тийисли. Совет дәўиринде де базар қатнасықлары бар еди, лекин олар социаллық өндиристиң хаят-мамат, раўажланыў бағдарларын анықламас еди. Бул машқалалар орайластырылған асқарыў ҳәм режелестиририў тийкарында шешиледи ҳәм товар ислеп шығарыўшы ҳәм хызмет көрсетиўшилер хызмет еркинлиги принциплери толығы менен бузылған.

Демек, аўыл хожалығының өндирисин раўажландырыў ҳәм оның нәтийжелигин асырыў ушын аўыл хожалығында түптен өзгерислер ҳәр тәреплеме тийкарланған экономикалық реформаларды әмелге асырыў лазы меди.

Пикиримизше, бул экономикалық реформалар төмендеги қәсийетлерге ийе болып, тийисли талапларға жуўап бериўи керек еди:

- ҳәдден зыят орайластырылған административлик басқарыў системасына мәслескен режелестириў социаллық-экономикалық системадан бас кешип базар қатнасықларына өтиў зәрүрлигин итибарға алыў;

- пүткил дүнья экономикасы базар қатнасықларына тийкарланған екен республика экономикалық реформаларды өндиристе шет мәмлекетлердиң тәжрийбесинен пайдаланыў менен бирге республиканың қурамлық объектив ҳәм субъектив шәрт-шәриятларын итибарға алыў;

- экономикалық реформаларды пүткил халық хожалығы көлемине сай ҳалда ислеп шығарыў, онда макроэкономиканы айрықша тармақларди тәбиийй ислеп шығарыў, экономикалық қәсийетлерин итибарға алыў;

- аўыл хожалығы тараўында ислеп шығарылған экономикалық реформаларды макроэкономикаға бағышланған экономикалық реформалардың тийкарғы бағдарларына принципке тийкарлаў;

- Қарақалпақстан РеспубликасыӨзбекстан Республикасының бир регионы екен, онда ислеп шығарылған экономикалық реформалар әўели улыўма республика экономикалық реформаларға байланыслы болыўы менен бирге оларда регионның өзине тән тәбиийй өндирис ҳәм экономикалық шәрт-шәриятларды итибарға алыў.

Солай етип, базар қатнасықларын қәлиплестириўге бағышланған экономикалық реформаларды ислеп шығыў, оларды әмелге асырыў заман талабына айланды.

Бул процесс ақыр ақыбетинде совет ҳүкимети республикалары көлеминде базар қатнасықларына өтиў машқалаларын додалаў ҳәм оларды шешиўден тийисли мәмлекет дәстүрлерин ислеп шығарыў ҳәм әмелге асырыўды объектив зәрүрликке айлантырды. Усы көз-қарастан И.А.Каримов айтқанындай: «Ғәрезсизликти қолға киритken ҳәр бир мәмлекет өз тараққиёт жолын излеген, жаңа жәмийет қурыў барысында өз андозасини ислеп шыққан.

Сол себепли, бизиң көз-қарасымыз жәҳән тәжрисбеси ҳәм өз имканиятларымыздан алынған барлық пайдалы тәжрийбелерди бас кешпеген ҳалда өзимиздиң социаллық-экономикалық тараққиёт жолымызды таңлап алыўдан ибарат.

Мине усы жол Өзбекстан халқының мүнәсип турмысын, оның ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин кепиллениўи, миллий дәстүрлери ҳәм мәдениятының қайта тиклениўи, инсанның халық сыпатында мәнәўий кәмил табыўын тәмийинлеў мүмкин»

Өзбекстанда бул ислер мәмлекет басшысының узақ раўажланыўына мөлшерленген идеяларын әмелге асырыў ушын ғәрезсизликтен алдынырақ баслап жиберилген еди. «Өзбекстан халық хожалығын барқарор раўажландырыў ҳәм оның базар экономикасына кириўдиң тийкарғы бағдарлары ҳәм принциплери» аты менен республика халық хожалығы базар қатнасыкларына өткериў дәстүри дүзилди ҳәм 1990 жыл октябрь айында республика Олий Кенгашининг сессиясында қабыл етилди. Республика ғәрезсизликке ерискеннен кейин жаңа шәрт-шәриятларды, республика алдына қойылған жаңа ўазыйпаларды итибарға алып, бул дәстүр қайтадан көрип шығылды ҳәм әмелге асырлмақта.

Жуўмақ орнында айтыў керек, өтиў дәўиринде экономикалық реформалар бағдарларын белгилеў, әмелге асырыў ҳәм тереңлестириў халық хожалығының барлық тармақлары, соннан аграр-индустриал Өзбекстан мәмлекетиниң аграр тармағын раўажландырыў барысында айрықша социаллық-экономикалық ҳәм сиясий әҳмийетке ийе. Лекин анализлеримиз-диң көрсетиўинше, ғәрезсизликтиң дәслепки ўакытларыда республика аграр секторының раўажланып барыўына қарамастан, аўыл хожалығын басқарыў ҳәм қурамлы қайта шөлкемлестириў бағдарларында мәлим бир кемшиликлер, шешилмеген машқалалар бар еди. Бизиңше олар төмендегилерден ибарат:

- аўыл хожалығын раўажландырыў тиккелей өним ислеп шығарыўшылар мәплеринен көре көбирек орайластырылған мәлим бир ықтыяжларды тәмийинлеў ҳәм бағдарланған еди;

- тийкарғы итибар тиккелей аўыл хожалығы ислеп шығарыўын раўажландырыўға бағышланған болып, аўыллық жерлерде өндирис ҳәм социаллық инфраструктураны раўажландырыўға дерлик итибар болмаған

ҳәм нәтийжеде аграр секторда жоқары өнимдарлыққа умтлыў ҳәм өндиристи жоқары темплерде раўажландырыў ушын объектив шәрт-шәриятлар толық пайда етилмеген;

- сол дәўирде хызмет көрсетип атырған совхоз ҳәм колхоз мийнеткешлери жерден, өндирис қуралларынан ажыратылған болып, олардан ақылға муўапық пайдаланыўдан мәпдар болмағанлар;

- аўыл хожалық кәрханалары өз хызметлерин хожалық есабы принциплерине муўапық шөлкемлестиргенге қарамастан өндирис, шөлкемлик ғәрезсизликке ийе болмағанлар ҳәм бул жағдай өз нәўбетинде аграр сектордағы улыўма потенциалдан, жер ҳәм мийнет ресурслардан нәтийжели пайдаланыўға кери тәсир көрсеткен;

- әмелге асырылган иләжларға қарамастан аўыл хожалығы өнимлерине ҳәм оларды өндирис ушын зәрүр болған санаат өнимлерине тастыйықланған баҳалар ортасындағы парық (диспаритет) кейинги тур қураллары пайдасына шешилген. Нәтийжеде аўыл хожалығы өнимлери пәс, санаат өнимлери болса жоқары бахаларда сатылып, аўыл хожалығының экономикалық мәпдарлығын ҳәдден зыят чеклеп қойылған еди. Бул да аграр сектордың нормал раўажланыўына кери тәсир көрсеткен;

- аўыллық жерлерде халықтың тәбийғый өсиўи жоқары темплерде болып, аўыл хожалық мийнет ресурслары менен артығы менен тәмийинленгенлиги нәтийжесинде аграр секторда өндиристи механизациялаўға керекли итибар болмаған, кейининде аграр сектор жоқары нәтийжеликке ийе болмаған;

- республика аўыл хожалығы тийкарғы экстенсив жол, яғный жаңа жерлерди өзлестириў ҳәм аўыл хожалығы максетинде пайдаланып атырған майданларды кеңейтириў жолы менен раўажландырылған. Бул жағдайда аўыл хожалығында дийқаншылық егинлериниң ҳасылдарлығы ҳәм шарўа маллары өнимдарлығын көтериў жолы менен өндиристи жоқары темплерде раўажландырыўға жетерли дәрежеде итибар берилмеген;

- аграр секторда қәлиплесип атырған исбилерменлик ҳәрекетлери жетерли рәўиште қоллап қуўатланбаған ҳәм қорғалмаған.

Бул кемшиликлер ҳәм шешилмеген машқалалардың бар болыўы нәтийжесинде мәмлекет аграр секторы өндириси жоқары нәтийжеликке ийе болмаған, аўыл хожалығының финанслық жағдайы пәс болған. Сол себеплерге тийкарланып оларды бартараф етиў республика аграр секторын келесиде раўажландырыўдың тийкарғы шәртине айланған еди. Буның ушын хожалық жүритиў субъектлерин базар талапларына мәс қайта шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў, жер ҳәм ислеп шығарылған өнимлердиң ҳақыйқый ийелерин қарар таптырыў, Жана техника ҳәм технологиялардан пайдаланыў, өндиристи, мийнетти шөлкемлестириўди тиккелей ислеп шығарыўшылардың экономикалық жуўапкершилиги ҳәм материаллық мәпдарлығын көтериў, аўыл хожылық қурамын жетилистириў, жер-суў ресурсларынан пайдаланыў нәтийжелигин асырыў ҳәм басқа иләжларды әмелге асырыў лазым еди. Соның менен бирге базар қатнасықларын пайда етиў мақсетинде республика аўыл хожалығын жетилистириўдиң дәслепки тийкар ҳәм бағдарларын ислеп шығылған еди. Олар, бизиң пикиримизше, төмендегилерден ибират болған:

- аўыл хожалығында әмелге асырылып атырған экономикалық реформаларды республика ҳүкимети аграр сиясатының қурамлы ажралмас бөлеги сыпатында тән алынған ҳәм оны әмлеге асырыўға ўазыйпа сыпатында қаралған;

- аўыл хоажылгындағы мәмлекет кәрханалары – совхозлары ҳәм де шарўашылық фермаларын жәмәәт ҳәм жеке кәрханаларға айландырыў басланған;

- Республика Конституциясына муўапық аўыл хожалығында пайдаланылатуғын жерлер жеке мүлкке айландырылмастан мәмлекет мүлки формасында сақлап қалынды;

- аўыл хожалығын шөкемлик раўажландырыў процессии басланды ҳәм бунда колхозлар басқышпа-басқыш аўыл хожалығы кооперативлери (ширкет

хожалықлары)на айландырылды ҳәм олар менен бирге дийқан ҳәм фермер хожалыкларын шөлкемлестириўге ҳуқықый-административлик тийкар салынды;

- ширкет хожалықлары хызметиндепай ҳәм семьялық бөлип алыў механизмлери пайда етилди;

- аўылда исбилерменлик ҳәрекетин кеңейтириў ҳәм раўажландырыў ушын шәрт-шәрият жаратыў лазымлығы тән алынды ҳәм оны амелге асырыўдың ҳуқықый-административлик базасын жетилистириў ислери жәнеде жанлантырылды;

- фермер хожалықларының басқа қарханалар, шөлкемлер арасындағы экономикалық байланысларында административлик басқарыў усыллары орнына базар қатнасықларына кең орын берилле баслады;

- аўыл хожалық мийнеткешлери материаллық хошаметлеў системасын өндиристиң ақырғы нәтийжелерине байлаў иләжлары ислеп шығыла баслады;

- түрли мүлкшилик негизинде дийқан ҳәм фермер хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў тийкарында аўыл хожалығында көп укладлы базар экономикасын қалиплестириўге негиз жаратылды ҳәм бул процесс революцион жол менен емес, бәлким базар экономикасы талаплары тийкарында басқышпа-басқыш эволюцион жол менен әмелге асырылмақта;

- мәмлекет тәрепинен аўыл хожалығын экономикалық қоллап-қуўатлаў ҳәм оларға экономикалық өндирис бағдарларында еркинлик бериў мақсетинде мәмлекет бууыртпасы көлеми кескин қысқартылып барылды, яғный пахта ҳәм дәннен басқа барлық аўыл хожалық өнимлери мәмлекет буйыртпасынан шығарып тасланды ҳәм де усы киби бир қатар басқа бағдарларда тийисли иләжлар әмелге асырылды.

Республика президенти И.А.Каримов экономикалық реформалардың аўыл хожалығындағы зәрүрлигин, мазмунын, максетин айтып сондай деген еди: «Мен соны айтып өтиўди қалер едим, аўыл хожалығын жаңалаў, бул шунчаки мақсет емес. Бул тараўдағы ең әҳмийетли ўазыйпа аўыл хожалығы

өндирисинде мийнет өнимдарлығын ҳәм нәтийжелигин, турмыс ҳәм мийнет шәриятында түптен өзгерттириў»

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыда келтирилген қәсийетлерди инабатқа алған ҳалда аўыл хожалығында экономикалық реформалар, пикиримизше, төмендеги бағдарларда әмелге асырылды ҳәм даўам еттирилмекте:

1. Аўыл хожалығын жаңалаўдың ҳуқықый-административлик базасын жаратыў ҳәм оны базар қатнасықларына өтиў басқышлары талаплары тийкарында жетилистирип барыў.

2. Аўыл хожалық кәрхана ҳәм шөлкемлерин мәмлекет қәрамағынан шыгарыў, меншиклестириў ҳәм аграр секторда жер ҳәм мүлклик қатнасықларды жетилистириў.

3. Базар қатнасықлары принциплеринен келип шыққан ҳалда жәмәәт хожалықлары колхозларды хожалық жүритиў формаларына айландырыў.

4. Фермер ҳәм дийқан хожалықларын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў.

5. Аўыл хожалығы товар өндириўшилердиң экономикалық өндирис ғәрезсизлик ҳәм еркинликлерин кеңейтириў ҳәм беккемлеў.

6. Аграр базар инфраструктурасыларын қәлиплестириў.

7. Фермер хожалықларының материаллық-техникалық тәмийнаты системасын жетилистириў.

8. Аўыл хожалығы басқарыў системасын базар қатнасықларына мәс ҳалда шөкемлестириў х.б.

Солай етип, совет ҳүкиметиниң тарқалыўы нәтийжесинде социалистик хожалық жүритиў системасынан бас кешип, халық хожалығының материаллық тармақларын базар қатнасықларына өткериў машқалаларын келтирип шығарды ҳәм оларды шешиў мақсетинде жәмийет көлеминде, соннан, аграр секторда кең көлемли ҳәм бағдарланған экономикалық реформаларды өткериўди ҳаятый зәрүрликке айлантырды.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

1. Мәмлекетимиздиң азық-аўқат қәўипсизлиги ҳәм халықты аўыл хожалығы тутыныў өнимлери менен тәмийнлеў, экономиканың басқа тармақларын раўажландырыўдағы орнын итибарға алған ҳалда келешекде аўыл хожалығын турақлы өстириў стратегик әҳмийетге ийе. Бирақ, Қарақалпағыстан Республикасындағы қыйын экологиялық шараят себепли аўыл хожалығы өндиристеги бар резервлердиң жетерлише жумысқа салынбай атырғанлығы себепли дийқаншылық ҳәм шаўашылық тармақлары өнимлери жетистириў жағдайы олардағы потенциал  дәрежесинен пәс болмақда.

2. Өндирислик потенциалы – бул, бар өндирис күшлери ҳәм өндирис қатнасықларының белгили басқышындағы тең салмақлығы шараятында сыпатлы, жоқары өндирис қуўааты ҳәм қарсы қурамға ийе болған ресурслардан илимий тийкарланған ҳалда пайдаланыў нәтийжесинде ерисилиўи мүмкин болған жоқары өндирис дәрежеси менен дәлийлленеди. Сол анықламаға тийкарланған халда, бизиңше, өндирислик потенциалын тармақ, хожалық жүритиў субъектлери дәрежесинде айрықша үйрениў олардағы бар болған резервлерди анықлаў ҳәм әмелге асырыў ушын тийкарланып болып хызмет қылады.

3. Дүнья жүзилик өндирис әмелиятынан белгили болғанындай, мәлим болған тармақ, хожалық жүргизиўши субъектлериниң арттырыўы мүмкин болған өндирислик потенциалы ҳәм әмелдеги өндиристиң көрсеткишлери ортасында қарама-қарсылық болып, сол жағдай өз нәўбетинде өндирислик резервлери бар болғанлығын билдиреди. Сол себептен де, резерв көлеминдеги өнимниң алынбай қалғанлығы себеблерин үйрениў  тийкарында тийисли шөлкемли, агротехникалық, экономикалық ҳәм социаллық иләжларын ислеп шығыў жүдә зәрүр илимий-әмелий әҳмийетке ийе болып табылады.

4. Республикада аўыл хожалығы тармақларының өндирислик потенциалларын жоқарылатыў ҳәм бар болған резервлерден үнемли

пайдаланыў ушын: а) ҳәр жылы мәлим бир белгиленген егислик майданларына 30-40 тоннадан жергиликли төгин, арнаўлы таярланған компост шығарыў; б) алмаслап егиў системасын үзликсиз рәўиште әмелге асырыў; в) далаларды, вегетация дәўиринде егинлерди, минерал төгинлер менен агрохимиякарталарға толық әмел қылған халда муғдар дәрежесинде тойындырып барыў; г) өсимликлерди қорғаў усылларын ҳәр бир агробиоценоз жағдайларға мас рәўишде уйғын әмелге арттырыў; д) топырақ үстинги қатламларының тәкрар халда шорланыўына жол қоймаслықтың агротехник тадбирлерин үзликсиз ҳалда әмелге асырып барыў; е) коллектор-дренаж шақапшалары ҳәм үскенелерин дәўирлик ремонлаў жумысларын өз ўақтында әмелге асырыў есабына жер асты шор суўларын жәнеде топырақтың төменги қатламларына түсириў ҳәм шығарып жиьериў, з) мол зүрәәтли, кем суў талап қылатуғын, кеселликлерге шыдамлы егин сортларын жайластырыў; и) шарўа маллары нәсил, затларын жақсылаў, оларды илимий тийкарланған рационларға муўапық бағыў, селекция ҳәм зооветеринария хызметлерин раўажландырыў киби иләжлар әмелге асырылыўы лазым.

5. Аўыл хожалығы өндирислик потенциалын арттырыўдың үш басқышлы болжаў көрсеткишлерине көре, республика көлеминде шарўашылық тармақлары дийқаншылық тармақларына қарағанда жедел сүўретлерде раўажланады. Аўыл хожалығы жалпы өнимине шарўашылық өнимлериниң үлеси 2007-жылда 45,4% ти пайда еткен болсада, бул көрсеткиш бизиң есап-китапларымыз бойынша әйне сол өнимлер көлеминде болжаў дәўирлериниң I-басқышында 45,7%; II- басқышында 55,1 ҳәм III-басқышында 62,9%ке жетеди. Сондай-ақ, 2008жыл көрсеткишлерине салыстырғанда шарўашылық тармақларының жалпы өним қуны I-басқышында 1,5 мәртеге; II-басқышта 2,6 ҳәм III-басқышта 4,7 мәртеге көбейеди ҳәм бул тийкарынан шарўа маллары бас саны ҳәм өнимларлық дәрежелериниң өсиўи себепли *рўй* береди. Соның барабарында улыўмалық көрсеткишлер бойынша тийкарғы дийқаншылық тармақларының жалпы

өним *қуны* 2007-жыл нәтийжелерине салыстырғанда I-басқышта 1,4 мәртеден артық; II-басқышта 1,7 ҳәм III-басқышта 2,2 мәртеден артықға асады.

6. Усы Изертлеў процессине жалп етилмеген, салыстырмаған киши көлемдеги дийқаншылық ҳәм шаўашылық тармақлары жалпы өниминиң үлеси 2007-жыл мағлыўматларына көре 5,0 % әтрапында болып, улыўма көрсеткишде 15,0 млрд. сумды шөлкемлестирген. Сол үлес дәрежесине тийкарланатуғын болсақ ахырғы сан I-басқышта 21,0 млрд. сум, II-басқышта 29,8 ҳәм III-басқышта 47,6 млрд. сумды шөлкемлестиреди. Улыўмалық аўыл хожалығы жалпы өними усы басқышларда мас рәўиште 440,3; 625,2 ҳәм 1000,3 млрд. сумды шөлкемлестирип, сол қатардан, бир гектар егин майданы есабына өндирилетуғын аўыл хожалығы жалпы өнимин тийисли басқышларда 2008-жыл көрсеткишине салыстырғанда мас рәўишде 14,3%, 1,5 ҳәм 1,9 мәртеге көбейттириў имкәниятын береди. Аўыл хожалығында мийнет өнимдарлығы I-басқышта 2007-жылға салыстырғанда 1,5 мәрте, II-басқышта 2,0 мәртеден артық ҳәм III-басқышта 3,3 мәртеге жақын өсиў дәрежесине ийе болады.

7. “Аўылды раўажланыў ҳәм абаданластырыў” жылы сыпатында қабыл қылынған 2009-жылда мәмлекетимиз көлеминде аграр секторды раўажландырыў мәмлекет ҳәм крезиске қарсы шаралар дәстүрлерин, Изертлеўлеримиз нәтийжелери ҳәм әмелий усынысларын Қарақалпағыстан шараятында енгизиў аўыл хожалығы өндирислик потенциалын кескин арттырыў тийкарында регион аймағының материаллық ҳәм мораллық турмыс таризин жәнеде жақсылаў ушын беккем имкәният жаратыў гумансыз болып табылады.

## Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ўзбекистон Республикасининг ”Ер тўғрисида”ги қонуни. ”Халқ сўзи”, 1990, 4 июл.

2. Ўзбекистон Республикасининг “Мулкчилик тўғрисида”ги қонуни. ”Халқ сўзи”, 1991, 5 март.

3. Ўзбекистон Республикасининг ”Деҳқон хўжалиги” тўғрисида”ги қонуни, ”Халқ сўзи”, 1998.

4. Ўзбекистон Республикасининг ”Фермер хўжалиги тўғрисида”ги қонуни. ”Халқ сўзи”, 1998, 30.04.

5. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. – Президент Ислом Каримовнинг 2009 йилнинг асосий якунлари ва 2010 йилда Ўзбекистонни ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 30 январь.

6. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи, 2010 йил 28 январь.

7. Ўзбекистон Конституцияси – биз учун демократик тараққиёт йўлида ва фуқаролик жамиятини барпо этишда мустаҳкам пойдевордир. – Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 17 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси // Халқ сўзи, 2009 йил 6 декабрь.

8. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Қарори. Ишлаб чиқариш ва ижтимоий инфратузилмани янада ривожлантириш юзасидан қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида. 2009 йил 20 январь, ПҚ-1041-сон.

9. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Қарори. «Қишлоқ тараққиёти ва фаровонлиги йили» Давлат дастурини кучга киритиш тўғрисида. 2009 йил 26 январь, ПҚ-1046-сон.

10. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Қарори. Озиқ-овқат маҳсулотлари ишлаб чиқаришни кенгайтириш ва ички бозорни тўлдириш юзасидан қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида. 2009 йил 26 январь, ПҚ-1047-сон.

11. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2008 йил 20 октябрдаги “Экин майдонларини оптималлаштириш ва озиқ-овқат экинлари маҳсулотларини кўпайтириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги УП-4041-сонли Фармони. Халқ сўзи, 2008 йил, 20 октябр.

12. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2008 йил 7 ноябрдаги “2008 йил 4 сентябрдаги “2009 йилда кузги экиш ишларини ташкилий равишда ўтказиш, масақлы дән экинларини навлар бўйича жойлаштириш ва харид қилиш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-956-сонли қарорига ўзгартиришлар киритиш” тўғрисидаги ПҚ-995-сонли қарори. Халқ сўзи, 2008 йил, 7 ноябр.

13. Каримов И.А. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳотларни чуқурлашти-риш йўлида.-Т.: “Ўзбекистон”, 1995.-269 б.

14. Каримов И.А. Биздан озод ва обод ватан қолсин. -Т: Ўзбекистон, 1996. -158-161б.

15. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳ-дид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.–Т: Ўзбекистон,1997. -325 б.

16. Каримов И.А. Қишлоқ хўжалиги тараққиёти – тўкин ҳаёт манбаи. Халқ сўзи, 1997, 26 декабрь.

17. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаш-тириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. -Т.:”Ўзбе-кистон”, 2005.-96б.

18. Каримов И.А. Дүнья жүзилик финанслық-экономикалық кризиси, Өзбекстан шараятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары.-Т.:Өзбекстан, 2009.-8 б.

19. Андрейчук В.Т. Эффективность использования производственного потенциала в сельском хозяйстве.–М: Экономика,1983.-208 с.;

20. Василенко Ю.В. Производственный потенциал сельскохозяйс-твенных предприятий.-М.: Агропромиздат,1989.-152 с.;

21. Пасхавер Б. Интегралный показатель эффективности сельскохозяйственного производства. //Вопросы экономики, 1979. -№10.-с. 67-77.;

22. Свободин В. Определение величины и эффективность использования производственного потенциала сельскохозяйственного предприятия. //М.: Экономика сельского хозяйства, 1987.-№9.-с.73-78.;

23. Фонотов А.Г. Ресурсный потенциал: планирование, управление.-М: Экономика, 1985.-152 с.;

24. Юзефович А.Э. Аграрный ресурсный потенциал: формирование и использование.-Киев: Наукова думка, 1987.-175 с.

25. Медетуллаев Ж. Агропромышленный потенциал Каракалпакской АССР.-Нукус:1987.-180 с.;

26. Чариев К.А. Исчесление потенциала сельскохозяйственного производства и его резервов.-Т.: “Билим”, 1992.-24 с.;

27. Чариев К.А. Проблемы аграрного ресурсного потенциала в условиях перехода к рынку. –Ташкент: Фан. 1992, -184 с

28. Чориев К.А., Адильчаев Р.Т. Қишлоқ хўжалиги ишлаб чиқариш салоҳиятини аниқлашнинг илмий-услубий асослари.-Тошкент: Республика илмий-амалий анжумани, ТИМИ, 2007 й., 23-24 ноябр. -26-29 б.

29. Чориев К.А., Адильчаев Р.Т. Қишлоқ хўжалигида ишлаб чиқариш салоҳияти ва инвестицион жозибадорликни ошириш муаммолари (монографияси). -Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти, 2010 й., -174 б.

30. Матекеев А. Комплексный анализ эффективности использования производственных ресурсов.-Нукус:1990.-139 с.

31. Умурзаков У.П. Повышение эффективности использования ресурсного потенциала аграрного сектора экономики Узбекистана.-Т.: Фан, 2005.-212 с.;

32. Убайдуллаев К. Оролбўйи экологиялық шароитида ишлаб чиқариш ресурсларидан пайдаланыўни моделлаштириш ва нэтийжелигин арттырыў йўллари. //и.ф.д. илм. дараж. олиш учун ёзил. дисс. автореферати.-Тошкент, 2005.-45 б.

33. Фармонов Т.Х. Ўзбекистон Республикасида фермер хўжаликларини ташкил этиш ва ривожлантиришнинг асосий йўналишлари//и.ф.д. илм. дараж. олиш учун ёзил. дисс. автореф. -Тошкент, 2005.-50б.

34. Кадыров А. Ер-хазина, сув, олтин. //Ўзбекистон қишлоқ хўжалиги. – Тошкент. -2003, №4.- 6-7 б.

35. Тлеубергенов Ш., Ибрагимов М.Ю. Фермерское хозяйство в республике Каракалпакстан, -Нукус: 1994. -45 с.

36. Байжанов С.Х. Повышение эффективности использования потенциала материально-технических ресурсов в рыночных отношениях.– Нукус:“Билим”,1996,-130 с.

37. Адильчаев Р.Т. Призводственные ресурсы и состояние их использования в РК. //Актуальные проблемы современных наук.-Москва, 2002.-№3.-с.37-38.

38. Адильчаев Р.Т. Аграрный сектор Каракалпакстана в условиях экологической напряженности. //Достижения науки и техники АПК, -Москва, 2001. -№7. -с.40-41.

39. Адильчаев Р.Т. Эффективность использования земельных ресурсов в условиях рынка. //Актуальные проблемы современных наук. -Москва, 2003.-№4.-с. 15.